

HUCHENJERI

HUCHIPIKISANA NEKUTENDA



Maita henyu, Hama Neville. Ishe vakuropafadzei. Mangwanani, mangwanani. Hama . . .

² Mangwanani, shamwari. Ndinofara kudzoka muimba yaShe!

³ Ndangofonerwa kumashure uko, nguva shoma yapfuura, kuti ndinonamatira mumwe mushumiri mutana. Zvino vangoita sevafenda, zvakada kudaro. Hapana dambudiko raonekwa pavari. Vanongova havo mutsvene waShe akwegura. Ndiri munzira kudzika kuno, Satani aedza kundirwarisa, kuti ndirutsewo, zvakare. Ndikati, “Tichatozongonamatirana.” Ndizvozvo. Ehe. Saka, vanga vari Hama Coggins. Tinovaziva chaizvo, pano patabhenakeri. Vanobva kumusoro uko muCarolina. Uye vanga vachirwara zvakanyanya, chaizvo, vango—vangomira ndokufenda. Asi zvinoita sekuti hapana kana chimwe chiri kunetsa pavari, kwete pamutumbi wavo. Saka, angori dhiyabhore ari kuzama kuvaisa pamuyedzo. Saka, iye muyedzi mukuru, uye anonyatsozvigonawo, zvakare.

⁴ Makanzwa nyaya yehanzvadzi yakwegura yaienda kuchechei, yaisatombotaura zvakaipa pamusoro pechero munhu. Vakati, “Munofungei pamusoro padhiyabhore?” Vakati ivo, “Zvinoka, imhandu yakanaka.” Saka ndizvo zvaa—zvaari.

⁵ Tinofara, mangwanani ano, kuva muimba yaShe zvakare, vhiki rino, takamirira Kuuya kwaIshe Jesu.

⁶ Uye zvino, ndanga ndichazotaura pamusoro pechidzidzo, mangwanani ano, “Kuchengetedzwa neRopa,” uye zvinoita sekuti Mweya Mutsvene waita sokakushandura pfungwa dzangu pane izvozvo. Zvino ndine chimwe chidzidzo, chekudzidzisa. Nokuti, zvino, mushure mazvo, ndakati, manheru apfuura, “Ko Vangagochinja pfungwa dzangu sei pachidzidzo cherudzi irworwo, ‘Kuchengetedzwa neRopa?’” Munonzwisisa paizova nerugwaro rwacho, “Israeri pasi peropa, ichifora kuenda kuvimbiso,” munoona. Zvino ndinogona kuchitaura, imwewo nguva.

⁷ Saka ndakarangarira, muhope dzandakanga ndarota pano, nguva pfupi yakapfuura. Uye ini, muchiroto ichi, ndaifanirwa kunge ndichichengeta Chikafu mutabhenakeri ino, munoona, imo muchiroto ichi. Vangani vanochirangarira, mavhiki mashoma apfuura, ndakave nechiroto ichi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Handina kukwanisa kukupai dudziro yacho. Uye kana chisingazonditorera nguva yakarebesa,

ndichangokuudzai, kana muchida kunzwa. [“Ameni.”] Zvakanaka.

⁸ Kashoma kuti ndirote chinhu chine musoro machiri. Zviri, kazhinji, ndinononoka kurara, zvino ndozomuka. Uye ndonge ndisina kugadzikana kana kunge ndakaneta, unorota, zvino worara uye worota, wobva wamuka. Munoziva zvazviri, munhu asina kugadzikana seni.

⁹ Zvino ndakanga ndiri kunze naHama Wood naHama Sothmann, uye Ishe vanga vari kungopa vanhu...vachiuya ne...zasi...Zvino uku kwaive kuTucson, Arizona. Zvino Ishe nemazvo, muchiroto chese, vachipa dudziro dzezviroto.

¹⁰ Zvino, munoona, kana ani zvake akapa, akandiudza nezvechiroto, nzira chete yandinogona kupa nayo dudziro, ndinotoona zvakare chiroto chacho. Uye vazhinji venyu pano munozviziva, kuti vamwe venyu muchindiudza zvinhu, kuti hamuna kundiudza zvose pamusoro pazvo, muchiroto. Asi pandinochiona, zvakare, ndinoona zvamunenge musina kutaura. Maona? Uye saka unofanira kuchiona zvakare, zvino Vobva vazokuudza. Naizvozvo, dzimwe nguva zvinocheka. Dzimwe nguva zvakaoma, munhu wacho asingabvumirani nazvo. Asi unofanira kutaura chokwadi, nekuti iShoko raShe. Maona? Nokuti, vari kutarisira izvozvo. Uye haZvisati...Ishe vakandiitira zvakanaka, kuZvitendera kuti zvive chokwadi nguva dzose.

¹¹ Uye saka husiku ihwohwo nda—ndakaenda kunorara, zvino ndakarota, ini pachangu. Zvino ndakafunga kuti ndaive... Mumwe muchinda wandaimbotamba naye tsiva, makore akapfuura. Vazhinji, imi vatendi vekare...

¹² Ndanga ndichingofunga nezvaHama Roy Slaughter, vakamira kumusoro uko pamusuwo. Vanga vanazvo, ndinofunga kuda mumwe wenhengo dzekaresa muno, muchechi. Hama Slaughter, ndinofunga kudaro, ndivo vangave imwe yenhengo dzekaresa. Uye nda—ndakango...

¹³ Ndichiri kutaura nezvavo, pane zvakawanda zvakanaka pamusoro paRoy Slaughter zvisingazivikanwe nevanhu. Ndizvozvo. Ihama yangu, uye ndingasva hangu ndavapa chitsumbu chidiki chemaruva zvino, kana bukira, pane chitsumbu chawo chose ivo vaenda. Ndizvozvo. Pane zvakawanda zvakanaka. Hama Roy vanga vari hama chaiyo kwandiri, ivo nemhuri yavo, vachigara kunze uko, uye vachishandira mhuri duku iyi nesimba, ndokurera boka rakanaka revana. Ndakaziva vanasikana vavo vose nevanakomana vavo, ndikaparidza pamariro emwanakomana wavo mudiki paakafa.

¹⁴ Uye ndinorangarira, imwe nguva pano, taiva nemumwe muchinda ane basa raaiita pachechi. Zvino...Zvino aifanira kuriita, angori sakapenda. Takanga tisina mari yakawanda.

Zvino akanga ari kuzoisa zvemukati izvi imo muno umu. Zvino mumwe munhu akauya achida kuita basa, asi haana kuriita. Zvino akangogara hake pano, akazotaura kuti akashanda kwehafu yeawa, kana zvakadaro, ndokukuvara kutsoka yake. Ndokubva iye, zvakangokwana kuti asungise chechi, ndokutimhan'arira kuti aripwe madhora 10,000. Zvino, hapana chataiva nacho. Hatina chataiziva nezvazvo kusvika vatopa mutongo wacho. Munoono, vakatimhan'arira. Mu—murume uyu, akanga asina inishuwarenze, uye saka zvakabva zvawira patiri. Hataisungirwa, kuti tibhadhare.

¹⁵ Uye handife ndakakanganwa husiku uhwu, ndigere ipapo, kumashure mukati *imomo*, kuti Roy akapinza ruoko muhomwe. Chimwe chitsaru...Ndiregerereiwo, Hama Roy. Chikwama chitsaru, chakasakara, ndokuburitsa macheiki avaive nawo kubva pakutakura mvura dzine tsvina, zvinhu zvakadaro. Vakati, "Zvino, Hama Bill, ndichaisa iyi panyaya iyi."

¹⁶ Evelynna muduku akwegura, hanzvadzi yavo, zvichida vakagara ipo pano, pane imwe nzvimbo zvino. Ivo, "Hama Branham, imba yangu sharu, inongokosha madhora 300 chete, asi tichangoiisa pazviri." Maona? Ndicho chinhu chaicho, chemazvirokwazvo, kana ukataura neni. Zviri mubhuku rangu, mazvirokwazvo iwayo.

¹⁷ Ndinorangarira kareko, nguva yati fambei kubva ipapo, ndiri pamusangano wangu wekutanga kunze. Ndakanga ndiri muSt. Louis, mune mumwe wemisangano yangu mikuru yokutanga. Zvino teregiramu yakapinda, "Mwanasikana wangu mudiki ari pedyo nekufa. Hama Slaughter. Chitouyai izvozvi." Ndakabva ndafamba hangu, ndokutanga kuisa hembe dzangu musutukesi. Ndizvo zvaitongovapo ipapo. Handaitombokwanisa kuvarambira. Zvino ndisu avo tichiuya. Ndakasvika kumba, ndikapinda mukamuri. Vanamukoti, zasi, kuchipatara ikoko, kuchipatara cheKatorike muNew Albany, vakanga vakanda mapfumo pasi pakasikana kavo. Tichingopinda mukamuri yacho, Ishe Jesu vakamupodza. Hoyo uyo ipapo, munoono. Maona?

¹⁸ Uye sechingwa pamusoro pemvura, chichadzoka kwauri rimwe zuva. Ndabva pachidzidzo changu; asi ndodzokera kumavambo.

¹⁹ Zvino ndaimbotamba tsiva. Zvino paiva nemumwe muchinda ane zita muno muguta rino. Muchinda anonzwise urombo uyu anonwa doro zvakanyanya zvino. Mumwe wevanakomana vake ari muchipurisa. Smith, George Smith, vanomudana kuti, "Six-second Smith." Akatanga kundidzidzisa tsiva, pataiva...Golden Gloves isati yatanga. Takanga tiri kunze kuno kuhurumende. Uye mune izvozvo, nhai, aive munhu ane hutsinye chaizvo wandati ndamboona. Aingondirova, ndobva ndangoita chihwiriri mudenga. Zvino ndaidzoka. Ndoti,

“Haufanirwe kuita hutsinye pazvirika. Waona?” Ndokuti, “Unondirova ndikafa.”

²⁰ Akati, “Mira ndikuedze, Billy,” akati, “zvisinei kuti wakadzidziswa zvakanaka sei, uye kuti une ruzivo rwakadii rwemutambo, uye kuti wakasimba zvakadii, pamumhu wako, kana chimwe chinhu chakadaro,” akati, “chibhakera chinomisa ropa kana chaarova saizvozvo.” [Hama Branham vakaombera maoko avo—Mupepeti] Uye akati, “Unogona kundivenga zvino, asi paunosvika kumusoro uko murin’i, pachako,” akati, “uchazviyemura izvi.” Akati, “Muviri wako unovakika kwazviri, kuti udzoke nekukurumidza. Kana ukarohwa, unogodonha hako, worara ipapo wotoverengerwa. Asi kana muviri wako wakaumbwa uye uchikwanisa kumira pazvibhakera,” akati, “zvino, paunochimhara, chibhakera chakasimba pachinokumhara,” akati, “zvino kana iwe... unogona kudzoka nekukurumidza,” akati, “kusimuka netsoka dzako zvakare. Ukarohwa uchibuditswa murin’i, unosvetuka uchidzoka mukati zvakare.” Ainge achangobva kundirova zvekundibuditsa kunze kwemurin’i. Saka akati, “Unofanira kutongoita izvozvo. Maona?” Zvino akaita sechandiuraya. Airema 14 kana 18kg kundidarika. Uye aigona...Akanga ari murwi uye ini ndaingovawo mudzidzi, saka aitoita sechandiuraya. Akati, “Asi unozozviyemura izvozvo kana wapinda murin’i.” Ndakazooka kuti chaiva chokwadi.

²¹ Zvino, ndakanzwa anasajeni ivavo muchisoja vachidzidzisa vakomana ivavo, uye zvakaomarara. Vaitovenga sajeni iyeye. Asi kana zvasvika pakurwa, vaimuda, nokuda kwekudzidziswa kwakaomarara.

²² Ndiyo nzira yandakaedza kudzidzisa nayo Makristu. “Usagera bvudzi rako. Usapenda kumeso. Usaite izvi.” Zviite kuti zviomarare. Munozondifarira kana ndasvika ku—kumagumo enzira. Maona? Kudzidziswa, munoono, kuwana kudzidziswa ikoko nemazvo. Asi ngati—ngatirambei takagara chaizvo neShoko. Rinogona kunge rakaomarara, richicheka misiyano yemasangano kuita zvidimbu, asi iwe unozozvifarira kana wasvika zasi kumagumo enzira. Maona? Wakamira neBhuku.

Saka, mudzimai wangu, akatora, ndokuisa ruoko rwake mune rwangu, tikafamba tichienda.

²³ Zvino George Smith zvino, ava, ndinofunga, murume acheno musoro. Ndofunga ane makore 7 kana 8, 10 kudarika ini. Zvino akanga adzoka mudariro, uye akanga achirwa. Zvino vechidiki ava vakauya, vakomana vane mapendekete makuru akapamhama, vakatadza kuenderana naye, zvachose. Vakango...Aibva angovarova munguva pfupi-pfupi. Zvino mumwe mukomana wechidiki akati, “Ndinogona kurova mudhara uyo. Ndinoziva kuti ndinogona.” Saka iye, muchinda

mukuru ane muviri wakasimba, akasvetukira murin'i imomo. Haana kuita hafu yeminiti arimo. Akadzoka panze, akati, "Handizive kuti zvinobva pai, asi uyuka chokwadi murume chaiye."

²⁴ Zvino ipapo, ndakatarisa mudzimai wangu, muhope, ndikati, "Mudzimai, unoziva, uyu ndiye akandipa dzidziso yangu yekutanga."

²⁵ Uye zvakare, munoziva, zviroti hazvinzwisisike. Ndakauya kugu—gungwa guru, uye mvura yacho yakanga iine mafungu chaizvo. Zvino mutyairi wechikepe. . . Zvino, Meda akanga asisiri neni panguva iyoyo, mudzimai wangu. Uye zvino, mune izvi, mu—mutyairi wechikepe akauya ipapo, ndokunditambidza igwa duku rinenge mafiti akareba 2 nehafu, mafiti 3. Zvino akati. . . Raive jena chairo, ringori repurastiki, uye riri jena. Akati, "Herino igwa rako iri."

"Oo," ndakati, "Handingagone kuyambuka, nekuda kwaro, mune iroro."

²⁶ Akati, "Zvakanaka," akati, "rinomhanya mamaira 50 paawa, kukwira nekudzika nenzira *iyi*."

²⁷ Ndakati, "Ringangogona, kukwira nekudzika mahombekombe, asi harigone kubuda kunze *uko*. Maona?" Ndakadaro.

²⁸ Akati, "Zvinoka, enda neavo." Zvino ndakatarisa, uye hepano pagere Hama Wood, naHama Fred Sothmann, hama 2 idzi dzaiva neni husiku hwandakarota hope dzacho. Zvino vakanga vagere muigwa regirini rakanga rine zvinhu zvizhinji mariri zvekuvakisa, zvekuvakisa misasa, matende, nezvimwe zvakadaro. Zvino vakanga vagere ipapo. Akabva ati, "Enda navo."

²⁹ Ndakati, "Havasitori vatyairi zvikepe ava." Ndakati, "Ndinozviziva izvozvo." Ndakati, "Ini ndiri mutyairi wechikepe. Uye ndi—ndinoziva nezveigwa, mafambisirwo aro. Asi," ndakati, "ivo, havazombofa vakazviziva. Havagone kuzobudirira. Handingaenda saizvozvo, zvisinei hazvo."

³⁰ "Zvino," akati, "vanokuda ava." Uye akati, "Wadii kudzokera kumusoro uku unounganidza mudura?"

³¹ Saka, ndakadzokera. Uye nzvimbo diki yatakambenge tiri kunze, nzvimbo diki inonzi Klondike, anenge mamaera 40 kubva chero kune vanhu, chitoro chidiki chimwe chete chevapfui vemombe nezvimwe. Zvaiita sekunge paKlondike, zvino yakazokaruka yava tabhenakeri ino. Ndakanga ndakamira ipo pano apa. Ndaiunza mukati, madhiramu makuru echikafu chakanakisisa chandati ndamboona. Maradhishi, aiita sekunge, mafiti 3 kureba; nematenipi, nemiriwo, nembatatisi, nezvose.

³² Akati, "Chengetedza zvakananda zvazvo." Maona? Zvino ndaing ndimire ipapo, ndichingozvirongedzeramo.

³³ Ndakabva ndapepuka. Handina kuzvinzwisisa. Ndakafunga kuti kwaiva kungorotawo zvako, ndokuenderera hangu mberi. Zvakanetsa Hama Wood nevazhinji vavo. Saka, heino yaiva dudziro yacho. Ndaitofanira kumirira, sezvandakakuudzai kakawanda. Zvinhu zvinofanira kuitika usati wagona; zvimwe zvinhu zvinozviunza mugwara. Heino yaive dudziro yacho. Ivo...

³⁴ Takanga takatarisira kuenda mhiri kwemakungwa. Hama Miner Arganbright, shamwari yangu yepamoyo, vakanga vachizobhadharira mudzimai wangu neni, kuti tishanye kuPalestine. Uye taizoenda kuSwitzerland, tozodzika tichipinda muAfrica, nemumbuserere muna Chikumi. Uye mudzimai wangu, naRebekah, nevamwe, vakafara zvechokwadi kuziva kuti vaizonopfuura nemuGermany, England, France, nePalestine. Vaifanira kuzomirira vari ikoko kusvikira ndaita mbuserere yeAfrica, ndobva ndazovatora munzira pakudzoka. Uye vose vakanga vari pasi pekutarisira kukuru. Makandinzwa ndichiti, “Kana Ishe vachitendera,” nguva dzose. “Kana Ishe vachitendera, ndinovavarira kuita musangano iwoyo mhiri kwemakungwa. Handisati ndanyatsoziva chaizvo.” Saka ndaingenda ndakamirira pauri.

³⁵ Asi hezvino zvazvaive. Ava VaSmith, George Smith, aive mudzidzisi wangu wekutanga imomo, uye anga asingaenzaniswe naani zvake wevechidiki ava vari munyika nhasi, mukurwa kwavo. Kwaiva kudzidziswa kwangu kwekutanga, mumutsara wekunamatira vanhu. Maona?

³⁶ Nguva zhinji, yandinounza vanhu kumusoro, pane zviratidzo. Ndomirira. Ehe. Mumwe *uyu*, chiratidzo. Mumwe *uyo*, chiratidzo. Hazvina kumboshanda zvakana. Zvino, pandakatanga, handaimborega munhu... Kunze kwekunge ndawana chimwe chinhu mumutsara, chaive chisina kunyatsomira zvakana, zvino Akandimisa, pachaKe, munoona, ndokundiudza pamusoro pazvo, ndaizoenderera mberi nekunamatira vanhu. Uye, ini zvangu, zvi—zvibereko zvacho zvakanga zvakapetwa ka 100, nokuti ndakasvika paku... Ndaizonamatira vanhu 4 kana 500 muhusiku humwe. Nenzira iyi, zvichida 25 kana 30, zvichida vasina kutombowanda kudaro. Pamwe zviratidzo 10 kana 15, uye ndiri... maitozofanira kuita zvekunditakura kubuda panze, potse.

³⁷ Kudzokera kuchinhu chimwe chete ichocho zvakare, munoona, kudzokera pakudzidziswa kwangu kwekutanga. Shure kwazvo zvose, hapana chinhu chiri mumunda wekuvhangera chakambomisidzana naZvo, kana chinogona, munoona, nokuti iShoko. Harisi rimwe sangano. IShoko. Maona?

³⁸ Uyezve, ipapo, munozocherechedza chikamu chinotevera

mushure meichocho, Meda akaenda achibva muchiroto chacho. Pandakasvika kugungwa, kwaiva: kuenda mhiri kwemakungwa.

³⁹ Zvino, Hama Arganbright vakandifonera, humwe husiku, vachifara kwazvo, uye vakati, “Hama Branham, richange riri zororo rimwe guru. Hama Shakarian vakava nekukomoka kwemoyo, saka misangano yemhiri kwemakungwa yakakanzurwa.” Uye ivo. . . Musangano wekuSwitzerland, vaida kuti ndiendeko ikoko kwehusiku hungori humwe, uye ndaifanira kuzoita musangano iwoyo wehusiku humwe. Zvino mamwe acho ose aizongova ekubvakacha, tichingotenderera zvedu munyika imomo. Oo, izvozvo, zvino, zvinova zvakanaka kwazvo; Hama Arganbright vanongova Mukristu, wemhando yepamusoro, shamwari yepamoyo kwandiri nemhuri yangu.

⁴⁰ Zvino, asi, munoona, igwa diki, jena repurasitiki ravaida kuti ndipindemo, raiva Shoko raMwari. Uye hamuna kuparidza kwakakwana mariri, kwekundidaida mhiri kwegungwa. Ndakati, “Huh-uh, kwete izvozvo. Kungoitira izvozvo chete? Huh-uh.”

Akati, “Zvino chiendai, endai navo, sekuenda kwavari kuita.”

⁴¹ Ndakati, “Havasi vatyairi vezvikepe, vaparidzi. Ini ndiri mushumiri. Kana vakaenda, kwaizongova kubvakacha, chete, nemidziyo yekudzika misasa mariri.” Asi ini handaimbodaro. Ndakazviramba. Saka heyo yaiva dudziro yacho ye—yechiroto ichi. Maona?

⁴² Uyezve VaArganbright vakazondifonera, husiku hushoma hwapfuura, vakandiudza kuti—kuti iyo—iyo. . . Handiti, takanzwa kuti misangano yemhiri kwemakungwa yakanga yakanzurwa, nokuda kwaHama Shakarian. Uyezve ipapo hapana. . . Ikoko, uyo wekuSwitzerland, ndaingova nehusiku humwe chete. Uye ini. . .

⁴³ Meda atofanira kundiudza, kutanga, kuti aisada kuenda. Saka ndakamufonera, ndiri kuFlorida, humwe husiku, kana kuti kuGeorgia, ndikamuudza. Ndakati, “Hama Arganbright vafona vakati tinofanira kuenda musi wa 20 Chivabvu.”

⁴⁴ Akati, “Hazviite. Hazviite.” Maona? “Vana vari kungotongonyora bvunzo dzavo ipapo. Handikwanise kuenda.” Munoona, aitofanira kuzviramba, iye pachake, nokuti ndiye akanga averengerwapo. Rakanga iri zororo rake. Zvino hezvoka zvazvaive.

⁴⁵ Kunyange zviroti, zvose, zvine zvazvinoreva. Zvose zvine chimwe chinhu pane imwe nzvimbo. Saka, zviroti zvine dudziro.

⁴⁶ Zvino, kudzoka. . . Ndinogona kutaura kuti munzwisise, uye izvi zvakaiswa patepi. Munzira, ndichiuya kumba. . .

⁴⁷ Ndisati ndaendako, vangani vanorangarira ndichizvidzokorora pano, kuti rimwe Inzwi rakauya kwandiri,

mumba mamwe mangwanani mushure mechiratidzo, rikataura pamusoro, rikandiudza pamusoro penyoka, uye nezvekunge yakasungwa, uye kuti ndisatye chinhu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Akati, “Usatya.” Akati, “HaNdina kuzviratidza here kuva newe kwese kwaunoenda?” Akati, “HaNdina kuzviratidza here kuti ndinewe munzendo dzako dzekunovhima?” Munorangarira here pandakataura pamusoro pezvandaizowana, ndisati ndaenda, nezvose izvozvo? [“Ameni.”] Maona? Akati, “HaNdina here kuzviratidza kuti ndinewe?” Zvino Izwi rinotapira chairo rakauya, rikati, “Hupo husingakundike hwaJesu Kristu hunewe kwese kwaunoenda.” Uye ndinoziva, kubudikidza naizvozvo, tiri kukwira kune chimwe chinhu. Handizive kuti chii. Handikwanise kutaura.

⁴⁸ Ndichiuya kumba, humwe husiku, kana rimwe zuva, kana kuti ndisati ndadzoka kumba, ndakapinda muchiratidzo. Zvino ndakaona mamwe machinda madiki, vatete, vaiita sevakomana vechidiki, kana zvakadaro, vakapfeka makepisi. Zvino taive takamira, tichivhima. Zvino ndakanga ndapfura chitsere chihombe, chakakura chairatidzika kuva chebhurauni. Zvino vakabva vacheuka ndokuti kwandiri, vakati, “Asi pane kuvhiringika pamusanganano uyu.”

⁴⁹ Ndakati, “Hazvina basa kuti nyonga-nyonga yacho ndeipi, kana dai ndaifanira kuenda, chero kupi zvako, ndichaenda zvakadaro, munoona. Hazvina basa.” Zvino chiratidzo chakabva chamira. Handizive kuti ndekupi. Asi, izvi zviri patepi. Zviri kuzoitika. Maona? Ingorangarirai, zviri kuzoitika. Chiratidzo.

⁵⁰ Saka, zvino, Svondo inotevera, ndichange ndiri muTennessee, Ishe vachitendera, manheru eMugovera unotevera neSvondo, pamwe naHama M. E. Littlefield, pa, oo, muzinda mukuru uyo wechurch of God kumusoro uko kuCleveland, Tennessee. Hama M. E. Littlefield, kuchechi kwavo, iyo yandakavakumikidzira kunashe kuno, makore 2 kana 3 apfuura, kuCleveland, Tennessee, manheru eMugovera unotevera neSvondo mangwanani. Ichangova sevhisi yeSvondo mangwanani chete, neSvondo. Uye zvondipa nguva, mhuri yangu yoenda neni, tozodzoka. Ndakavavimbisa, kuuyako kuzovaparidzira zvakare muchechi mavo. Iyi iSvondo inotevera.

⁵¹ Zvino, Svondo inotevera yacho, Hama Arganbright vachange vari pano naHama Rowe, mumiriri uya wekuWashington, akashanda, ari pasi pevatungamiri venyika 3 kana 4. Vari kuzova pano neSvondo iyoyo, uye nemufananidzo mutsva. Ndinoda kuti munhu wose aedze kuva pano, kana zvichibvira, kuitira nguva iyoyo. Ndinoda kuva pano, ini pachangu.

⁵² Svondo inotevera inenge iri Esta. Tinotarisisira musanganano mukuru pano, paEsta. Ishe vachitendera, ndinoda kuva pano Svondo yeEsta. Kuitira... Uye tine shumiro yepakubuda kwezuya, senguva dzose. Rubhabhatidzo, imi mose

muchazobhabhatidzwa, muZita raIshe wedu Jesu, ivai pano neSvondo. Uye zvanga zvakatarisirwa, kana kutaurwa, nguva shoma yakapfuura, nekuda kwekuti hatina nzvimbo inokwana yekugara, tinogona kutora Boy's Club, inogara 7 kana 800, ingori pamusoro pano apa, muri munharaunda muno, kirabhu itsva kungopota pakona pano apa, tozodzoka zasi kuno kushumiro yerubhabhatidzo zvararo. Uye todzokera kumusoro ikoko, kuitira kuti munhu wose ave nechigaro chakanaka mangwanani eESta. Tichaedza kuti tione nezvazvo, vhiki rino, uye togoziva.

⁵³ Zvino shumiro inotevera, kutanga ipapo zvichienda mberi. . .Ndinosimuka kuno musi wa 20- . . .musi wa25 kana 26 wemwedzi. Uyezve musi wa 7. . .wa 6, 7, 8, 9, newechi 10, ndinenge ndiri kumashure-shure kumusoro pa. . .kunze kweVan- . . .kana kuti Victoria Island, kumashure-shure uko pakati pemamwe maIndia, kwaunotokwira chikepe, kuti usvike kwavari.

⁵⁴ Imwe shamwari yangu diki mumishinari, hama, ndaiva navo mumwaka wematsutso wapfuura parwendo rwekunovhima. Uye vanobva mumusha wakanaka, ivo nemudzimai wavo. Zvino mawoko avo, zvese, angori madzvanga-madzvanga, nzvimbo dzakasiyana. Zvino, ndizvo zvazvaive. Zvakabva kunhata, netsikidzi nezvimwe, munoono, kwavakanga vachigara kunze uko, kwavaingogara mune chero chii hacho, pakati pemaIndia iwayo. Akanga aunza vamwe vavo kumusangano, mambo wavo. Vese maKatorike, tingati vose zvavo. Zvino Mweya Mutsvene wakadzika nepo ndokunhongama mambo iyeye, nevose vaiva naye, ndokuvapodza mumwe nomumwe wavo mumusangano iwoyo. Vakangopisa nzvimbo iyoyo, vachikwira nekudzika, nezvikepe zvavo vachibuda. Ivo varedzi vanotengesa hove, vanokwira nekudzika nemumhenderekedzo imomo. Uye Hama Eddie vari kufona, uye ndiri kunzwa zvisvishoma kuti ndiende, munoono, kuendako ikoko.

⁵⁵ Uye tozobva ipapo, zvino tova nerwendo rwezvava rimwe kubva ipapo, uye tova nehusiku 2 kana husiku 3 muFort St. John. Ndeuko kumusoro-soro pamugwagwa mukuru wekuAlaska. Uye husiku 2 ikoko.

⁵⁶ Zvararo, touya kumba, uye. . .Ndinofunga kuti musi wa 7, 8, 9 nemusi 10 waChikumi. Zvino, heino nzvimbo yamunogona kuenda mose, kumisangano iyi ipapo, inenge iri kuSouthern Pines. Munoziva hama yakanyora nhau yakanaka kwazvo pano, nguva shoma yapfuura. Gara zviya, vakanditumira mamwezve mamagazini. Ndaifanirwa kunge ndauya nawo. Ndichava nawo pano Svondo inouya, Ishe vachitendera. Uye ndeuku kuSouthern Pines, kungangoita, oo, maawa 6 kana 8 ekutyaira kubva kuno, Southern Pines, North Carolina. Kana kuti, kuSouth Carolina here? North Carolina. Hongu. Ndizvozvo. Zvino, saka, tichazobva ikoko musi wa 10.

⁵⁷ Uye musu wa 11 na 12, naHama Bigby kuColumbia, South Carolina. Uye ndiye murume wacho uyu, muPresbyteriani akanyora chinyorwa ichocho. Kwandiri, zvakandibata zviru nani kupfuura chero chii hacho chavakambonyora pamusoro pangu. Vaive muPresbyteriani, chiremba wedivinity. Zvino vakauya muChicago ndokunyora chinyorwa ichi. Che... Ndakanganwa kuti chaiva chii zvino. Zvanga zvakana chaizvo. Ndinazvo pane imwe nzvimbo, uye zviru mumagazini. Chimwe chinhu pamusoro pe “musangano, wePresbyterian paPentekosti,” kana chimwe chinhu chakada kudaro, “muporofita wechipentekosti kumuPresbyteriani,” zvakadaro. Uye tichange tinavo.

⁵⁸ Zvino, manheru apfuura, takafonera Hama Roy Borders, vatove kuWest Coast nechekare. Uye kune vamwe vanhu kunze uko vane machechi anosvika 35 ne 40 ekushandidzana nawo mumisangano; Sedalia, California; uye neuko kuGrass City, uye kubva ipapo... kana kuti Grass Valley, waro. Uye kubva ipapo, kuenda kuOregon; nekuenda kumusoro ku—kuWashington.

⁵⁹ Uye zvino Hama Arganbright, vari kuuya, tiri kuenda, tiri kuronga zvino, muvhiki rino rokupedzisira raChikunguru, kunge tiri muAnchorage, Alaska, kunoronga boka ikoko reChristian Business Men, zvichitevera rumutsiriro rwemazuva anenge 6 kana 8 rwandinotarisa kuva narwo, iyoyo Alaska yakaoma, yakakwasharara. Munoziva zvairi, kunongova nevanotsvaka zvicherwa nevemigodhi. Uye hamu nemazai zvinoita madhora 3 ne 50 senzi pandiro. I—inzvimbho yakaoma chaizvo, asi vanoda Evhangeri.

⁶⁰ Zvino, chandiri kuvavarira kuita, ndechekuti, zvinhu izvi zvandiri kudzidzisa pano, kuchengeta Chikafu ichi nekuzoabuditsa, ndinoda kuenda zvino. Handina kutungamirwa kwakananga kune chero nzvimbo, asi ndiri kuenda, ndichidyara mbeu, dzakatumirwa neimwe nzvimbo, ndakatotanga.

⁶¹ Mudzimai wangu, ari pano pane imwe nzvimbo. Akawana tsamba kubva kune mumwe mudzimai kuno kuIllinois rimwe zuva. Yakangopisa mukati memoyo wangu. Mudzimai uyu akati, “Sista Branham,” akati, “hapana kupokana kuti kazhinji, uye zvichidzika nemunguva yose, kubva zvamakachata, kuti munototambura zvakanyanya, Hama Branham vaenda, muine vana ivavo.” Uye ndokuti, “Vana, chokwadika, vanochemera baba vavo nezvimwe zvakadaro.” Uye ndokuti, “Ndinoziva zvamunoreva, nokuti ndine murume akanaka, ini pachangu.” Akati, “Asi, regai ndikuedzei chinhano changu.”

⁶² Iye akati, “Nda—ndakaitwa 4 maopareseni makuru, makore 4 apfuura.” Akati, “Ndinotora ingade kuita, 15 kana 16 mishonga yekuzvidzikamisa pazuva.” Uye ndokuti, “Ndinozvibaya majekiseni 3 akasiyana eLexron, nezvimwe zvakadaro, pavhiki.” Ndokuti, “Ndinoisa guchu remapiritsi ekurarisa, nechinhu chazvino uno, ndodzvikamisa tsinga

dzemanzwiwo. Uye nemajekiseni iwayo, ndotorazve mapiritsi akapetwa, ka 2 ekurarisira husiku, uye ndisingagone kurara.” Zvino akati, “Chiremba wangu akandiudza kuti ndiende kuchipatara chevanorwara nepfungwa ndisati ndazotadza kudzoka. Panogona kunge paine tariro yekuti ndinogona kubatsirika pafungwa dzangu.” Ndokuti, “Uye hapana chinhu mune zvekurapa chaikwanisa kundibatsira.”

⁶³ Iye ndokuti, “Ndaitofunga kuzviuraya zvangu, ndichitovironga, kusiya murume wangu anodikanwa nemwanasikana wangu mudiki.” Iye akati, “Tinogara muKansas. Ndinoida, nekuti ndinoona zvirimwa zvichiibva, ndofunga nezvegoho.”

⁶⁴ Ndinofunga kuti aiva muMethodisti. Ndokuti uko... Uye zvakare, uko kukoreji yeMethodisti muBloomington, Illinois, vakawana rimwe bepa, rekuti ndaifanira kuzouyako, mwedzi 11 yakapfuura. Vazhinji venyu munorangarira musangano wekuBloomington. Makanga muriko.

⁶⁵ Iye ndokuti, “Murume wangu akanditora, nedzimwe shamwari, ndokuenda.” Ndokuti, “Ishe vaiziva kuti ndaisakwanisa kutsungirira pazviri rimwezve zuva.” Akanga anyatsoparara chaizvo. Ndokuti, “Ndakava munhu wekutanga. Mwanakomana wenyu, Billy Paul, akandipa kadhi. Zvino husiku ihwohwo, murume wenyu paa—paakadaidzira manhamba, ndakava wekutanga mumutsara, kuti ndinamatirwe.” Ndokuti, “Ndichingosvika papuratifomu,” akati, “vakandiudza hupenyu hwangu ndokundiudza zvandakaita, nezvose hazvo pazviri, ndokuti, ‘ZVANZI NAJEHOVHA, zvapera.’” Akati, “Muchinguvana chimwe chetecho, handina kuzombova nemamwe marwadzo.” Akati, “Ndairema dzingada kuita 32kg. Ndava kurema kudarika 73 zvino.” Ndokuti, “Sista Branham, kana makasurukirwa,” akati, “ndinoziva manzwiwo amunoita, kugoverana murume wenyu nepasi rose, nezvimwe zvakadaro. Asi,” akati, “ingorangarirai, mumwe mudzimai mudiki wepamba wekuKansas akasununguka nhasi, nokuti murume uyu aida kuva nehanyn’a naShe.”

⁶⁶ Ndakararatidza Billy. Ndikati, “Billy, ndinoda kuti uitumire iyi kukoreji iya yeMethodisti.”

Akasvika ndokutora murwi wadzo, akati, “Verengai dzimwe dzeidzi.”

⁶⁷ Ndakati, “Ndinoziva. Ndinoziva kuti dzakanaka, asi iyi yakakwana. Iyi yabva yagadzirisa nzvimbo yacho.”

⁶⁸ Makanzwa here rwuya? “Asina kuchena! Asina kuchena!” Mweya yakaiya yakamusunda,” munoona, kubva chaimo munjere dzake, “kuenda kunze kumarinda. Jesu paakauya, Akasunungura nhapwa iyi.” Zvino Jesu iShoko. Saka, tora Shoko, uye Richasunungura nhapwa.

69 Hepano ndiri kutaura, ndichitora nguva yangu, ndichitora nguva yenyu, uye pane zvakawanda kwazvo zvekutaura.

Ngatikotamisei misoro yedu.

70 Ishe, sevanhu vanofa, tinoziva kuti hatichina nguva yakawandisa yekutaura. Pandinotarisa paboka duku iri, rine mwoyo ine nzara revafambi vanobva kumunda, vachibva kunorima, vamwe vavo vabva kumabasa ehurumende, vachibva kubasa, vamwe vavo vatyaira vachidarika nepamakomo, nemagwenga, neminda nemachakwi, ndokuungana pano, uye vochizonge vakamira. Asi ivo vafambi. Havasi venyika ino. Vanongova pano sezvapupu, sezviedza zvakaiswa pamusoro pechikomo, zvinopa Chiedza munharaunda mavagere. Zvino pavanouya pamwe chete, kuti vagokumikidzwazve patsva, nekupihwa simba neShoko, vanomira, vanoita chiveve mumakumbo avo, uye va—vakuru navaduku, zvimwe chetezvo.

71 VanoKudai, Ishe. Ndokusaka vari pano. Chero ani zvake anoziva kuti munhu haaizouya, uye otyaira mamaira, ozongomira hake nemadziro, akazembera, uye makumbo achiita chiveve, kuti angoonekwa chete. Uye neboka iri, Ishe, tiri—tiri vanhu varombo. Hatina kuuya takapfeka nhumbi dzinoyevedza. Tauya pano kuzoKunamatai. Chinangwa chimwe mumoyo medu, vavariro imwe nedonzvo rimwe, ndiMi, Ishe.

72 Ndinonamata, Mwari, kuti Muvape mubairo wakakura. Dai pakasava neanopfuura nepamikova iyi, nhasi, anoshaya Hupenyu Husingaperi. “Zvino matambudziko emunzira achaita sepasina, kana tasvika kumagumo enzira.” Kana vachirwara, vapodzeiwo, Ishe.

73 Uye zvino tangobva kutaura nezvemimwe misangano, kana kuti tisiri kunyatsoziva chaizvo, zvino ndichaenda, kana kuri kuda kweNyu, ndichingoparadzira Mbeu. Dzichamera, kana Dzikawira pavhu chairo. Ndinonamata, Ishe, kuti MuDzitungamirire kuvhu iroro chairo.

74 Ari pano papuratifomu, kana kuti papurupiti, ndingadaro, pano mangwanani ano, mahengechepfu, mapasuru maduku. Zvinoziva kuti vanhu vari kurwara, vane zviri kudikanwa. O Mwari veKudenga, Vakamutsa Kristu kubva kuvakafa uye vakaMupa kwatiri muzuva rino rekupedzisira, muchimiro cheMweya Mutsvene, dai Iye Wacho ari kwese-kwese atarisa pasi; muzivazvose, anoziva zvinhu zvose; wemasimba ose, ane simba rose. Tariraiwo mapasuru madiki aya. Uye dai iwo, paanogunzva vanorwara nevanotambudzwa, dai Mweya Mutsvene wamutsa munamato iwoyo munzeve dzaMwari, uye dai vakapodzwa pakarepo.

75 Ishe, fungai nezvemukadzi mudiki uya. Ndangobva kutaurawo chapupu chake, “Kunze uko muKansas nhasi, achifara, asina kana marwadzo. Hapana chiremba anogona kuwana chakaipa paari. Hapasisina marwadzo, hapasisina

zvinodzika misa tsinga, hapasisina zve mapiriti ekukotsirisa; ongorara zvakanaka-naka kwazvo. Zvinhu zvese zvakarungana.” O Ishe, chokwadi, paMunouya, zvinhu zvose zvinoringana zvino. Tino Kutendai nokuda kwaizvozvo.

⁷⁶ Zvino, Baba, patiri kutendeukira kuShoko, ropafadzai Shoko reNyu. Dai Rikarega kudzokera kwaMuri risina charaita, asi ngaRizadzikise chinangwa chaRakaitirwa nekukumikidzwa kwachiri. MuZita raJesu tinozvikumubira. Amen.

⁷⁷ Zvino, muri kunyatsonzwa zvakanaka here, munhu wese? Shure uko kumashure, zvakanaka here? Ndezvipi zvakanakisa, kana ndikataura sezvizi, kana kutaura sezvizi? Neche kuno, rutivi urwu neche kuno rwuri nani? Zviri nani here kwamuri mose kumashure uko? Zvakanaka, ndichadhonzera iyi pano, pedyo zvishoma zvino.

⁷⁸ Svondo yapfuura, rave vhiki, nda—ndakati nonokei zvishoma, ndakava neshumiro yakati rebei. Handidi kuva saizvozvo. Uye zvino, apo nepapo, hazvizondinetsa nepadiki zvapo, kana mumwe munhu akagara pasi, achiona avo vakasimuka, achida kuchinjana navo nzvimbo, kwechinguvana, ovazorodza. Kungava kuita kwakanakisisa kweChikristu. Uye zvino, zvino, pamwe, ne—neEsta ino, tinogona kuve neimwe nzvimbo yekuitira shu—shu—shumiro huru yacho.

⁷⁹ Zvino tinoda kuvhura, mangwanani ano. Imi mose varwi torai Munondo wenyu—wenyu zvino, uye tiri kuzodenha hondo nemuvengi. Taisimboimba karwiyo munoziva:

Kurwa kuri kutoitika, O murwi weChikristu,
Takatarisana chiso nechiso zvisina kana tsitsi.

Makanzwa rwiyo urwu.

Zvombo zvichipenya, mavara achivaimira,
Chakanaka nechakaipa zviri kurwisana nhasi;

Maona? Ndizvozvo chaizvo.

Kurwa kuri kutoitika, asi musaneta,
Ivai makasimba uye musimba raVo mubatisise;
Kana Mwari vari kurutivi rwedu, mureza waVo
uri pamusoro pedu,
Tichaimba rwiyo rwemukundi pakupedzisira.

⁸⁰ Ndizvozvo. Tinoda kuvhura zvino kune, kutanga, kuverenga Gwaro rinowanikwa muna Mutsvene Johane 10, mavhesi 5 ekutanga.

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Uyo asingapindi napamusuo mudanga ramakwai, asi anokwira neimwewo nzira, mumwe cheteyo imbavha negororo.

Asi uyo anopinda...nepamusuo ndiye mufudzi wamakwai.

Murindi womusuwo anomuzarurira iye; uye—uye makwai anonzwa izwi rake: uye anodana makwai ake nezita, nokuatungamirira kunze.

Uye kana abuditsa makwai ake ose, anoatungamirira, uye makwai anomutevera: nokuti anoziva izwi rake.

...mweni haangatongomuteveri, asi anomutiza: nokuti—nokuti haazivi izwi ravaeni.

⁸¹ Zvino, chidzidzo mangwanani ano, chandasarudza kudzidzisa pachiri kwechinguvana, ndechichi: *Huchenjeri Huchipikisana Nokutenda. Huchenjeri Huchipikisana Nokutenda.*

⁸² Zvino, pane zvitubu 2 chete, kana kuti kubudukidza nezvitubu 2, zvatinofanira kurarama nazvo. Maizviziva here? Zvino isu. . .

⁸³ Ndine Magwaro akawanda akanyorwa pasi apa. Uye ndinoda kuti imi. . .Zvimwe tichataura nezvawo, patiri kufambira mberi. Uye—uye ndichaedza kubuda nekukurumidza kwandinogona nako. Uye ndorega kuedza ku. . .Ndongozviisa pachena, kuti mugokwanisa kuzvitora kubva ipapo zvichienda mberi. Maona?

⁸⁴ Asi panongova nezvitubu 2 chete zvatinogona kutora hupenyu hwedu kubva mazviri. Uye chimwe chazvo huchenjeri, uye chimwe chacho kutenda. Uye kana tikafunga zvinobuditswa nehuchenjeri, nezvinobuditswa nekutenda! Asi, zvitubu 2 izvi, tiri kudzokera mangwanani ano tozvitora pachidzidzo cheSunday school, uye tozvibuditsa kubva muBhaibheri; uye toratidza kuti zvii, nezvazvichaita, nezvazvakaita, tichibatsirwa naShe.

⁸⁵ Zvino, kutenda nehuchenjeri. Zvino, kutanga, tinocherechedza, kuti, muna Genesi, chitsauko 1, tinoona kuti—kuti kutenda kwakaunzwa, uye nehuchenjeri hwukaunzwa. Uye, nhasi, zvitubu 2 izvozvo zvichiri kuziviswa kurudzi rwevanhu. Tinoona, kuti, Mwari ndivo vaiva Muvambi wekutenda, kwekutenda, kuti vanhu vagotenda uye vavimbe neShoko raVo. Uye Satani ndiye muvambi wehuchenjeri, achiedza kuita kuti vanhu vagamuchire huchenjeri hwake, nekuvabvisa pakutenda kuri muShoko raMwari. Zvitubu 2 izvozvo.

⁸⁶ Tinozviona zvichishamisa kwazvo kuti Genesi, chitsauko chembeu ichi, chinotanga nenzira iyoyo. Uye tinoona kuti zvinhu zvese zvatinazvo, nhasi, pamavambo azvo zvakatangira muna Genesi, nokuti izwi rokuti *Genesi* rinoreva kuti “mavambo.” Uye kana tikaona zvinhu izvi zvatiri, nhasi, nzira yazviri, zvaifanira kuva nemavambo pane imwe nzvimbo. Unozofanirwa kuronda zvose uchidzokera kune mamwe mavambo.

⁸⁷ Uye heino pfungwa diki kwamuri. Chinhu chose chakave nemavambo, chine magumo. Asi ndeizvo zvinhu

zvisina kumbova nemavambo, zvisingagume, zvinhu zvoga zveKusingaperi.

⁸⁸ Naizvozvo, ndinoda kubvunza mubvunzo uyu. Ko tingaburitsa chirudzii zvine musoro kubva pashoko rekuti “humwanakomana hwaMwari hweKusingaperi”? Kana Aiva Mwanakomana, Aiva nemavambo. Kana Aiva Mwanakomana Wekusingaperi, ko Aizova sei Mwanakomana obva ava weKusingaperi? Nokuti, *mwanakomana* chi-chibereko chechimwe chinhu. Asi, kana Aiva—Aiva, haaigona kuva Mwanakomana weKusingaperi. Hakuna chinhu chakadaro sekuti, “Mwanakomana waMwari weKusingaperi.” Nokuti, kana Iye—kana Iye asina kumbova nemavambo, saka haAkwanisi kuva chimwe chinhu kunze kwekuva weKusingaperi. Asi, kana Aiva Mwanakomana, Aiva nemavambo, saka haAkwanisi kuva Mwanakomana weKusingaperi.

⁸⁹ Vaiva Mwari veKusingaperi vakaratidzwa muMwanakomana. Uh-huh. Maona? Mwari weKusingaperi, nokuti Mwari ndicho chinhu chega cheKusingaperi.

⁹⁰ Uye nzira chete yatingamborarama nayo ndeyokuti tine Hupenyu Husingaperi. Muviri uyu unofa, mitezo yedu yose inofa. Asi chikamu cheKusingaperi ndiMwari, uye hachikwanisi kufa. Zvino, zvino, Shoko, Bhaibheri, ndereKusingaperi, nokuti NdiMwari muchimiro cheShoko. Uye zvaiva muna Mwari, mupfungwa dzaVo, pasati pava neShoko rakataurwa chero ripi zvaro, vaiva Mwari. Mazviona here? Vaiva Mwari. Naizvozvo, zvatakafanotemerwa, isu vacho vakadaro; ndiri kuti “isu,” ndichivimba kuti ndinemi ipapo imi vakafanotemerwa; zvaiva zvi—zvinhu zvaiva kuna Mwari muna Ziyendanakuenda.

⁹¹ Uyezve, kana uri mwana waMwari akazvarwa patsva, uri, uye uine Mweya Mutsvene mauri, uri kuratidzwa kweShoko raMwari rakataurwa Risati rava Shoko. Inofanira kuva pfungwa isati yava Shoko. Shoko ipfungwa yataurwa. Zvino pfungwa dzakanga dziri muna Mwari, zvino taiva muna Mwari muna Ziyendanakuenda, uye takataurwa kuti tigovapo neShoko. Oo, zvaka . . . NeShoko ripi? Shoko *Rino* iri, Shoko raMwari.

⁹² Zvino, Mwari ndivo Muvambi wekutenda. Satani ndiye muvambi wehuchenjeri. Nokuti, Mwari vakapa vana vaVo vokutanga Shoko raVo, uye vakavaudza kuti vanofanira kutenda iRi; uye ndokuisa rufu, murango, wokupatsanurwa, kana vakatadza kuRitenda.

⁹³ Zvino Satani ndokuuya akaedza kupa kuna Evha, huchenjeri, “Muchava makachenjera, muchiziva chakanaka nechakaipa, saMwari.” Zvino, munoono, pakutanga chaipo, munoono nekukurumidza chaiko kuti huchenjeri hunobva kuna dhiyabhore. Zvinoshamisa, handizvo here? Asi ichokwadi.

Huchenjeri hunobva kuna dhiyabhore. Ndiye muvambi wehuchenjeri.

⁹⁴ Zvino, honguka, chose china dhiyabhore, kutsveyamiswa kweicho chepamavambo. Chivi chitsveyamiso, kutsveyamiswa kwekururama. Hupombwe kutsveyamiswa kwe—kwechiito chiri pamutemo. Nhema kutsveyamiswa kwechokwadi.

⁹⁵ Uye saka hu—huchenjeri hwandinoda kuti mutwasanudzwe pahuri, tisati tatanga. Pane huchenjeri hwaMwari, huchenjeri hwaMwari, ndiko, kugara neShoko raVo. Asi Satani, muhuchenjeri hwake, akaedza kumonyorora Shoko, saka ndihwo hungwaru hwandiri kutaura nezvahwo.

⁹⁶ Pane humwe huwandu hwekutenda hunofambirana naSatani. Kuti uzo—kuti uzogamuchira Satani, unofanira kutotenda munaSatani, saka pane kutenda kwakatsveyamiswa pachinhu chakatsveyamiswa. Uye chero chii zvacho chinoedza kumonyorora Shoko raMwari, kuRiita kuti ritaure zvaRisingareve, ndiwo mweya wakatsveyama, munoono, kupa huchenjeri hunopesana nehungwaru hwaMwari. Saka, tichazvireva sehuchenjeri, uye kwete kutenda kwaSatani.

⁹⁷ Vazhinji vevanhu ivavo vanotenda izvozvo, vakaperera, uye vanotenda, nokutenda kwose kwavanako, kuti vakarurama. Maona? Unofanira kutarisa. Nyaya yacho inotambanukira kumativi maviri zvino. Asi, iye, ndivo. . . Nzira chete yekuva nechokwadi, kudzokera kuShoko repamavambo. Ndipo pakavakirwa zvinhu zvose, paShoko.

⁹⁸ Zvino, tinoona kuti zvikwata 2 izvi, kana kuti zvitubu, zvinoti: chimwe, huchenjeri; uye chimwe chacho, kutenda. Uye zvaingopikisana kubva pakusikwa, mubindu reEdheni.

Zvino, kune vana kumativi ose ari maviri.

⁹⁹ Zvino, ndehupi hu—huchenjeri hwatiri kutaura nezvahwo? Chimwe chinhu chisingabvumirane nekuti Shoko rose iri iChokwadi. Ndechimwe chinhu chinotora chichibvisa paChokwadi, chichizviratidza sezivo yepamusoro-soro, huchenjeri hwakawedzerwa. Zvino kana huchenjeri hwerudzi irworwo huchibva kuna Satani, vana vake vanorarama nehuchenjeri ihwohwo.

¹⁰⁰ Uye kana kutenda kwaMwari kwakauya kubudikidza naMwari, uye Mwari vari Shoko, vana vaMwari vanorarama nekutenda. Bhaibheri rakati, “Vakarurama vanorarama nohuchenjeri here”? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Kutenda! “Vakarurama vachararama nekutenda.” Kwete zvaanogona kudzidza, asi zvaanogona kutenda. Zvakanaka.

¹⁰¹ Zvino, zvino tinoona. Ngatitorei huchenjeri, kutanga. Huchenjeri hune kushandisa pfungwa. Kutenda hakuna zvekushandisa pfungwa. Asi huchenjeri hune kushandisa pfungwa. Ngatitangei kuvhura muBhaibheri, uye ngativhurei

zvino kuna Genesi, chitsauko 3 muna Genesi, uye todzidzisa izvi.

¹⁰² Zvino tiri kuitei, kuedza kuitei mangwanani ano? Kutevedzera zvakataurwa naShe, “Unganidza Chikafu.” MuchazoChida, rimwe remazuva ano. “Unganidza Chikafu.”

¹⁰³ Zvino, Genesi 3:1, ngativerengei zvino, tione kuti huchenjeri hune kushandisa pfungwa zvakadii.

Zvino nyoka yakanga ina mano kupfuura mhuka dzose dzesango dzakanga dzaitwa naJEHOVHA Mwari. Zvino yakati kumukadzi, Nhai, Mwari vakati here, (achitenda, ichitaura Shoko), Regai kudya miti yose yemubindu?

Zvino mukadzi akati kunyoka, Tingadya hedu michero yemiti yemubindu:

Asi. . .kana uri muchero womuti uri pakati pebindu, Mwari vakati, Regai kuudya, (achitora kubva muShoko), kana kuubata, kuti murege kufa.

¹⁰⁴ Zvino, kutenda kunobatirira pane iZvozvo. Maona? Zvino tarisai.

. . .nyoka ikati kumukadzi, Hamungafi zvirokwazvo:

¹⁰⁵ Kushandisa pfungwa, kushandisa pfungwa, “Mwari vakanyanyisa kunaka. Mwari vane tsitsi fani. Vanokuda zvakanyanyisa.” Unonzwa dhiyahore mumwe chete iyeye nhasi. “Mwari vakanyanyisa kunaka kuti vaite izvi. Mwari havaite izvi. Mwari havamborangi.” Vachaita chaizvo izvo zvakarehwa neShoko raVo kuti Vachaita. Maona?

¹⁰⁶ “Hamungafi zvirokwazvo.” Maona? Ari kuedza kuita sei? Kuita kuti mukadzi ahandise pfungwa pamwe naye. Munguva iyoyo yaunoshandisa pfungwa paShoko raMwari, unobva warasa kutenda. Maona? Usava naana “hongu, ana kwete, pamwe ndizvo.” Gara chaizvo naRo. Maona? Evha aiva nemaonero akanaka, asi akateerera pakushandisa pfungwa kwake.

¹⁰⁷ Kunongova nevanhu vakawanda kwazvo nhasi vane ruzivo rwakakwana, vanoziva kuti Shoko iri rinofanira kuva Shoko raMwari, uye IShoko raMwari, asi vanomira vorega mumwe mudzidzi wekuseminari avashandisire pfungwa kuti vabve paRiri, vachibva paMweya Mutsvene, vachibva pazvinhu zvaMwari. “Kushandisa pfungwa, tinofanirwa kukurasira pasi.”

¹⁰⁸ Zvino, vhesi 4.

Nokuti. . .

Ndichakuudzai kuti sei Satani akadaro. Ndichaverenga vhesi 4, kutanga, ndozoverenga rechi 5 racho.

Zvino nyoka yakati kumukadzi, Hamungafi—ngafi zvirowazvo:

Nokuti Mwari anoziva kuti mumazuva amuchaudya, ipapo meso enyu achasvinudzwa, uye muchava savamwari, muchiziva zvakanaka kubva kune zvakaipa.

¹⁰⁹ Munoono, ari kumushandisira pfungwa, “Unoda here kuenzana naMwari? Tora...” Nemamwe mashoko, “Unoda kunyatsorurama kuna Mwari here? Tora rairo yangu. Nditeerere. Mwari havareve iZvozvo. Havana kutongodaro.”

¹¹⁰ Ukanzwa izvozvo, ibva pazviri. Ndizvozvo. Ndiko kushita kwenyoka ikoko. Zvinoita sezvine musoro. Asi usashandisa pfungwa, zvachose. Ingozvitenda, zvakataurwa naMwari. Zvino, apo...

Zvino mukadzi akati achiona kuti muti wacho wakanaka kudyiwa,...

¹¹¹ Muri kuona kuti chaivei? Kushandisa kwake pfungwa kwakaita kuti azive kuti zvanga zviri raiti, chaive chokwadi.

...uye kuti waifadza meso, uye muti unodikanwa...

¹¹² “Kuita kuti munhu ave nekutenda here?” [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti]

...kuita kuti munhu ave nezivo, kungwadza munhu,...

¹¹³ Maona kuti chaivei? Satani achiunza zivo, zivo yaipesana neShoko, “iyo inoita kuti munhu ave akachenjera.”

...akatora muchero wawo...akadya, akapawo kumurume wake pamwe naye; akadya nanyewo.

Ipapo meso avo ivo vaviri akasvinudzwa, uye vakaziva kuti havana kusimira; zvino vakasonanidza mashizha emuonde, uye vakazvitira nguo.

¹¹⁴ Zvino, chii chakazvitanga? Kushandisa pfungwa. Maona? Kutenda hakushandise pfungwa. Haushandise pfungwa, zvachose. Unotenda. Paunonamatirwa, zvino wogamuchira Shoko raMwari rokupodzwa, rega kushandisa pfungwa pane manzwiro ako. Usashandisa pfungwa pane chimwe chinhu. Hapana kushandisa pfungwa pazviri. Mwari vakataura kudaro, uye zvakatoringana.

¹¹⁵ Oo, ndingada kumbomira pano kwemaminetsi mashoma, ndozorora pazviri, ndotora musoro wenyaya kubva mazviri. Handikwanise kuzviita, nekuparidza izvi, zvinyorwa zvingangoita 40 kana 50 zvandakanyora pano. Asi kushandisa pfungwa...

¹¹⁶ Kana Ishe vapa chiratidzo...Ndichangokuudzai, nenzira yangu yemwana mudiki. Ishe vanopa chiratidzo chechimwe

chinhu chichaitika, handiti, handina basa kuti chii chinopesana nacho.

¹¹⁷ Uye rangarirai, chose chinogona kuratidzwa, chichipesana, Satani anozviita. Anoedza kushandisa pfungwa, “Haugone kuzviita.”

¹¹⁸ Semuenzaniso, izvo zvandichangobva kutaura nguva shoma yapfuura, nezvekuenda...Zvino, zvanga zvakaita sezvisiri hupwara. Amai vangu vasati vaenda. Uye Ishe vaiziva kuti handaizokwanisa kumira nehurongwa ihwohwo nehama idzodzo, nezvekuenda kunovhima. Zvino vakapa chiratidzo, ndokunditumira nzira yose kuBritish Columbia.

¹¹⁹ Zvino patakasvika ikoko, mutungamiriri wacho akati, “Handisati ndamboona chemvere pfumbu. Ndakagara kuno hupenyu hwangu hwese. Uye pamusoro pazvo, tiri kuenda kumusoro chaiko kunyika yemakwai, tiri pamabhiza. Hakuna zvemvere pfumbu. Hakuna...Hamusi kuzochiwana kumusoro ikoko.” Maona? Maona? Kuedza, munoono, kuedza kubva panzvimbo; kushandisa pfungwa.

¹²⁰ Satani akati kwandiri, “Zvichava kuti, wakango—wakangotadza kunzwisisa chiratidzo chacho.”

¹²¹ “Asi handina kudaro. Zvichava sekudaro. ZVANZI NAJEHOVHA.” Zvino caribou payakauya, uye tikawana iyo yacho, yaive muchiratidzo, sezvamunoziva mose.

¹²² Zvino akati, mutungamiriri uyu akati kwandiri; hama yakanaka chaizvo, ndiri kuzova navo zvino mumavhiki mashoma, Mukristu wechidiki. Akati, “Hama Branham, munin’ina wangu aiva nepfari. Uye makatasva bhiza riya nezuva riya, uye mukandiudza chimwe chinhu chokuita, zvino ‘pfari dzemunin’ina wangu dzaizopera.” Akati, “Pandakaita chaizvo zvamakaudzwa neMweya Mutsvene kuti mundiudze,” akati, “haasati ambobatwa nadzo, kubva zuva iroro.”

¹²³ Akati, “Zvino hepano patiri, pamusoro pegomo rino. Uye kwemamaira 3 zasi chaiko, hapana kana gwenzi rakareba mainji 4. Hakuna chimwe chinhu kunze kwechikwindi, mablueberry mashoma, uye anongoreba mainji 2 kana 3 chete.” Akati, “Chikwindi nemablueberry, kusvika kunotangira sango remiti, uye mabhiza edu akanga akasungirirwa kunotangira sango remiti. Zvino, pane zvamandiudza tisati tauya pano, kuti, pane imwe nzvimbo kubva pano neapo pakamira mukomana uyo, akapfeka shati yechekicheki, muchauraya chitsere chemvere pfumbu chakareba mafiti 9.”

Ndakati, “IZVANZI NAJEHOVHA iyoyo.” Maona?

Chaiva chii? Satani achiedza kundiita kuti ndisazvitenda izvozvo.

¹²⁴ Takatanga kudzika gomo. Patairamba tichiswederu pedyo, aingoramba achiti, “Hama Branham, tasara nemaira rimwe chete kubva kwairi zvino.”

Ndakati, “Uri kupokana here, Bud?”

“Bodo zvachose.”

¹²⁵ Takasvika mune ingaita hafu yemaira. Akati, “Tangosara nehafu yemaira zvino.”

¹²⁶ Ndakati, “Ndizvozvo.” Akati, “Chimbofungai, muhafu yemaira!” Kurasira pasi kushandisa pfungwa.

¹²⁷ Akati, “Tarisai. Tinogona kuona zvese zviri pamberi pedu. Hapana chinhu kunze uko.”

¹²⁸ “Asi,” ndakati, “Mwari Vakandipa Shoko racho vanogona kusika chimwe ipapo. Usashandise pfungwa. Ingozvitenda. Usateerera pakushandisa pfungwa chero kupi zvako. Hakunei nechekuita nazvo. Ingotenda zvaVakataura. Ndizvo zvoga.”

¹²⁹ Ndaive ndakamira ipapo, ndakatarisa pamusoro pezvikomo, kwese-kwese, chingori chikwindi cheyero; zuva richinyura; zvikomo, zvakana chaizvo. Waigona kuona nzvimbo diki chero kupi zvako, kwemamaira 3 kukwira gomo, pamusoro pangu chaipo. Zvino pandakacheuka kuti nditarise, mamaira angangoita 2 kumberi kwangu, kana kuti maira imwe nehafu, kana mamaira 2, painge pakamira chitsere chipfumbu chine mafiti 9. Kuti chakasvika sei ikoko, handizive. Asi chaivepo. Maona?

¹³⁰ Usashandise pfungwa. Tenda. Zvisinei nemamiriro ezvinhu, usatarisa mamiriro ezvinhu. Tenda.

Zvino Mwari vakati, “Zu—zuva raunoudya, zuva iroro uchafa.”

¹³¹ Satani akati, “Rega ndikuudzei chimwe chinhu, munoona. Zvino, Izvo, ndizvo . . . Oo, hongu, tinoti Mwari ndevechokwadi. Chokwadi. Ndizvozvo. Tinotenda Shoko iroro. Oo,” Satani akati, “Ndinozvitenda iZvozvo, chokwadi chaizvo. Asi, teerera, rega ndikuudze, Vakanga vasingarevi iZvozvo chaizvo.”

Vaitoreva iZvozvo chaizvo. Vaitongoreva chaizvo zvaVakataura.

¹³² Satani akati, “Zvino, tarisa, rega ndikuudze kuti sei Vakadaro. Ivo chaizvo . . . Unoona, hausati—hausati—hausati wachenjera, nazvino. Hauna kana huchenjeri. Waona? Wakangofanana negwai, rinetungamirirwa. Hausi wako pachako.” Mwari vanokuda nenzira iyoyo. “Hauna kumbo . . . Hausati wava ne Ph.D., nazvino. Iwe—iwe—iwe hautorina kana dzidzo yakakwana. Waona? Asi ndine huchenjeri. Ndichazviratidza kwauri. Zvino, hona, hauzive chakanaka nechakaipa. Unoziva kuti kune chinhu chakadaro, asi hauzive kuti chii. Rega ndikuratidze kuti zvinoitwa sei.” Ndizvo zvoga

zvaaida kuudza mudzimai iyeye. Ndizvo chete zvaaida kuita. “Rega ndikuratidze kuti zvinoitwa sei.”

Mudzimai ndokuti, “Asi tinofaka.”

¹³³ Akati, “Chokwadi Mwari havaite izvozvo. Asi Vanoziva kuti nemiwo munenge machenjera wo zvakare.” Maona?

¹³⁴ Achiisa huchenjeri hwake huchipesana neShoko raMwari. Hoyoka huchenjeri hwandiri kutaura nezvahwo. Maona? Huchenjeri huchipikisana nekutenda, huchipikisana nekutenda. Heyoka iyo hondo yekutanga. Zvino Shoko raMwari rakanyatsobata zvakasimba nekutendeka. Pavakadya zvakarambidzwa, vakafa; uye vakafa, kubvira ipapo chaipo. Maona? Ndipo apo, zvakaraidzwa ipapo chaipo, pasina kana mumvuri wekupokana.

¹³⁵ Zvino tichazviongorora kwechinguvana. Zvino, ndatora Genesi 3:1, 17, uye zvino...kana kuti 1 kusvika 7, waro, uye zvino, zvino, apo huchenjeri hunoshandisa pfungwa. Vangani vanotenda izvozvo zvino? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Maona? Unoti zvino. . .

¹³⁶ Vanachiremba vanoti, “Zvakanaka, rega ndikuudze.” Zvino tarisai, torai mudzimai mudiki uyu wandichangobva kupa huchapupu hwake. Chiremba anoti, “Hapana chaunogona kuita. Watoparara. Hapana tariro pauri iwe. Endai kuchipatara chevanorwara nepfungwa. Muendesei ikoko.”

¹³⁷ Mudzimai uyu akati, “Ndisati ndaenda ikoko mune rimwe ramakamuri iwayo, ndinozviuraya.”

¹³⁸ Zvino zvozodii? Mwari ndokuuya panzvimbo. Uye kubudikidza neshambadzo yake, pane imwe nzvimbo mubepa neche uko kuKansas, kubva kuBloomington, Illinois, akanzwa. “Kutenda kunouya nekunzwa.” Maona? Zvino, murume wake akamugadzirira. Vanhu vaiva murudo chaizvo, vaidanana.

¹³⁹ Pafungei. Makore 4, uye maoparesheni 4 makuru; mishonga inodzikanisa tsinga 15, 16. Zvakatokwana kuraya munhu chaiye. Maona? Uye majekiseni ese iwayo, ka 2 kana ka 3 pavhiki. Uye ndinoziva kuti rimwe rawo raiva Lexron, uye ndakanganwa kuti rimwe racho raiva chii. Rakanga riri chimwe chinhu chekuita nechinhano chepfungwa. Akanga achishandisa majekiseni aya, uye, kunze kwaizvozvo, mapiriti 2 ekukotsirisa. Uye asingatombokwanisa kurara kwacho, nawo iwayo. Kutambudzika, achirwara zuva rese, husiku hwese, gore negore. Hapana chaigona kuitwa.

Asi, “Kutenda kunouya nekunzwa.” Maona?

¹⁴⁰ Zvino, paakasvikapo, Mwari vakamuisa papuratifomu, ari wekutanga. Maona? Uye mune izvo. . . Sei, chii? Pandakafamba ndichisvika paari, zvino ndakati, “Makadii, hanzvadzi?” “Makadii?” Hapana chaakambonzwa nezvazvo izvi. Hapana

chaaiziva nezvazvo. Asi ndakati, “Ndimi Mai *Nhingi-nhingi*. Munobva kuKansas.”

¹⁴¹ Zvino, nekukurumidza, zvakamusvitsa paku—pakufunga. “Mirai zvishoma. Ndangomunzwa achitaura, kuti, ‘Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye pano taratidza, muBhaibheri, manheru ano, kuti Kristu akavimbisa kuti achaonekwa mumazuva ekupedzisira, muChechi yaKe, nezvinhu zvavakaita zasi kuSodhoma, nezvimwe zvakadaro,’ sezvaakaparidza.” Inova mharidzo yangu yekuvhurisa nayo. “Nokuti, zvino, pano ndiri kuzviona zvichiitika, ipo pano.” Maona? “Zvino, hongu.”

¹⁴² “Zvino, makamboenda kuna vanachiremba vakawanda. Makaitwa maopareseni 4.”

¹⁴³ “Ari kuwanepi nyaya idzodzo? Ko izvo zvabva kupi? Kamurume, kane mhanza aka hakazvize izvozvo. Ko zvabva kupi?”

“Uye uri munzira kuuya kuno, chinhu *chokuti-nechokuti*.”

¹⁴⁴ “Nhai!” Maona? “Zvino, ndizvo chaizvo zvaachangopedza kuparidza nezvazvo. Ndiro Shoko iroro.”

¹⁴⁵ Asi, unoziva, Satani akati, “Unoziva, gamuchira izvozvo, mufundisi wako...” Izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Maona? Rasira kure kushandisa pfungwa. Maona? “Asi chiremba wako akati unofanira kuenda kuchipatara chevanorwara nepfungwa.” Rasira kure kushandisa pfungwa.

¹⁴⁶ “Ndiri kumirira kuona kuti Mwari vachati kudii nezvazvo.” Maona? Zvino Mwari... Handaiziva zvekutaura. Zvino Mweya wakazvinhonga ndokuzvibuditsa.

¹⁴⁷ Akazvitenda. Haana kumboshandisa pfungwa, “Gore negore, gore negore, kukanganisika mupfungwa, pfungwa dzaparara, maopareseni nezvose, zvinhu zvose izvi; handiti, hazvina kana musoro, kufunga kuti ndingapodzwa pano, kamwe-kamwe.” Asi haana kumbofunga nezvekushandisa pfungwa. Akangotenda. Kutenda ndiko kwakazviita, zvino akabva apodzwa, pakarepo.

¹⁴⁸ Kana mungada kumunyorera, zvinoka, Billy anogona kukupai kero yake. Zvakanaka, zvino. Zvino, kute-...

¹⁴⁹ Huchenjeri hunoshandisa pfungwa. Zvino... Asi kutenda hakuna zvekushandisa pfungwa. Hapana chakunoita kunze kwekubatirira paShoko. Kunobata pavimbiso yacho.

¹⁵⁰ Zvino ngativerengei zvishoma. Ngativhurei kuna VaRoma, chitsauko 4, toverenga zvishoma. Uye kusvika tanyatsopererwa nenguva, tichangoverenga Magwaro aya, VaRoma, chitsauko 4. Nokuti, ndinofarira chaizvo kuverenga Shoko. Rinokuitira zvakanaka ku—kuRiverenga. VaRoma, chitsauko 4, zvino ngatitangirei pavhesi 17. Teererai.

¹⁵¹ Pauro, achinyora pfupiso yetsananguro pamusoro pehupenyu hwaAbrahama, munoziva, hapana chakaturwa pamusoro paAbrahama achitizira zasi kuGerari, uye hapana kana mupfupiso iyi, munoziva. Kunongova chete kuti, “Abrahama akatenda Mwari,” Pauro, muapostora mukuru uya, achinyora pfupiso pamusoro paAbrahama.

¹⁵² Ndima 17, “Sezvazvakanyorwa . . .” Ndinozvifarira izvozvo: Pauro, achigara neShoko.

(Sezvazvakanyorwa zvichinzi, ndakakuita baba vamarudzi mazhinji.) . . .

¹⁵³ “Ndakazviita.” Abrahama aiva nemakore 75 ekuberekwa. Akagara nemudzimai wake kubva achiri . . . vose vari vaviri vaive vechidiki. Aiva hanzvadzi yake yekwamainini nababa vake. Vasina vana; akanga asina mbeu uye mudzimai akanga asingabereki. Asi Mwari vakasangana naye ndokuti, “Ndaka,” nguva yakapfuura, mavambo enyika asati avapo, hongu, “ndakakuita baba vamarudzi mazhinji.” Kwete vevana vazhinji, asi marudzi mazhinji. Chingofungai nezvazvo.

. . . pamberi paiye waakatenda, Mwari, kunyange Mwari, anopa vakafa hupenyu, nokudana zvinhu izvozvo zvisipo sezvinenge zviripo.

¹⁵⁴ Usashandisa pfungwa, zvachose. Teererai.

. . . nokudana zvinhu izvozvo zvaive zvisipo sezvinenge zviripo.

Uyo pasina tariro . . .

¹⁵⁵ Ini zvangu! “Pasina kana netariro.” Ko kana dai akashandisa pfungwa? “Pasina kana tariro.”

Uyo pasina tariro akatenda mutariro, kuti ave baba vamarudzi mazhinji; maererano nezvakanga zvarehwa zvichinzi, Ndizvo zvichavawo mbeu yako.

¹⁵⁶ Zvisinei nekuti chii chimwezve chinotaurwa. “Mwari vakataura kudaro, uye zvakatoringana.” Oo, dai Evha akangogara naizvozvo! Maona? Asi akamira, kuti ahandise pfungwa, awane humwewo huchenjeri. Abrahama akanga asingadi kana huchenjeri zvahwo. Aingoda Shoko chete. “Mwari vakataura kudaro, uye zvinobva zvapedza nyaya yacho.”

¹⁵⁷ Munoziva, ndakaparidza nezvazvo, kakawanda. Akaenda akanotenga manapukeni nemapini, nezvose, ndokugadzirira mwana, zvino Sara akagadzira mabhutisi. Uye gore mushure megore rakapfuura. “Mwari ngavarumbidzwe, tichava naye, zvakadaro. Ndizvozvo.”

¹⁵⁸ “Handiti, iye mudzimai,” chiremba vaiti, “zvinoka, haakwanise kuva naye. Haugone kuva naye.”

“Zvino musanditaurire. Tichava naye, zvisinei. Ndizvozvo.”

159 “Pasina tariro, asi akatenda mutariro.” Tariro yose pasisina, asi zvakadaro akatenda mairi apo tariro yainge yatofa, kwaari. Tariro yakanga yakafa kune tsvakurudzo yose yesainzi, chitubu chose chehuchenjeri. Tariro yakanga yapera, asi zvakadaro akatenda mairi. Chaiva chii? Kutenda mairi; kutenda mutariro apo tariro yakanga isipo. Hum! Ndinoda kumbomira pane izvozvo kwechinguvana. Kutenda mutariro apo pakanga pasina kana tariro ipapo, asi zvakadaro akanga achiri kutenda mutariro. Maona? Nokuti, akati, “Vakandiudza kuti, ‘Ndizvo zvichaita mbeu dzako.’”

160 Zvino, vhesi 19. “Uye asina kushaiwa simba mu ‘huchenjeri, zivo, aiva nedhigirii rake here’”? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Kwete.

...asina *kushayiwa simba pakutenda*, (Ah! Hezvoka izvo.) haana kufunga nezve *muviru wake wakanga watofa hawo*,...

161 Tariro yakanga yapera. Mutumbi wake wakanga wafa. Teererai, zvinotevera:

...zvaaiva *namakore* okuberekwa *anenge 100*,
kanawo...*nokufa kwechizvaro chaSara*:

162 Tariro yakanga yafa. Mutumbi wake wakanga wafa. Chizvaro chaSara chakanga chafa. Akaiti? Ndimba inotevera, “Haana kudzedzereka.” Oo, ini zvangu!

Haana kudzedzereka pachipikirwa chaMwari kubudikidza nokusatenda (huchenjeri); *asi aive akasimba pakutenda*, achipa rumbidzo kuna *Mwari*;

163 Oo, ini zvangu! Chii?

Zvino achiziva kwazvo kuti, icho chaakapikira, aikwanisawo zvakare *kuchiita*.

164 Hum! Hazvina mhosva kuti sei, hapana kushandisa pfungwa kwazviri, zvachose. Anongotora sho—Shoko zvino obatirira paRiri. Zvino, kana *iRi* riri Shoko raMwari, munoRitenda here? Zvino sei muchipokana chero Shoko ripi zvaro raRo, chero vimbiso ipi yaRo? Ungagotaura sei kuti *iChi* chikamu, uye *iChi* hachibatsire; uye *iZvi* ndizvo *zviya*, wosarudza zvaunoda? Haungadaroka. Rose ngarive rakanaka kana kuti hapana kana rimwe raRo rakanaka. Ndizvo. Saka, paunongoona kuti IChokwadi, ibva waRibata. UsaRirega, zvisinei nemamiriro ezvinhu, kuti vanoedza kushandisa pfungwa zvakadii, “Zvinoka, haungadaro.” Usadaro, usaite izvozvo, zvachose. Gara chaizvo naRo. Mwari vakazvivimbisa.

165 Kana zvino ndiri kuzatora nzvimbo yangu ndakamiririra Kristu, uye Akandipa Mweya Mutsvene, Mweya waKe unopupura nezveHupenyu hwaKe mandiri. Zvino pandinosvika pakufa, Satani anoedza, kuti, “Zvino, unoona, wanga usiri wesangano iwe.” Gara chaizvo neShoko. “Hauna kuita *izvi*.”

Hauna kuita *izvo*.” Zvisinei kuti *chii*, Satani haana pfungwa dzaanoshandisa pamusoro paRo. IShoko raMwari. Gara neShoko. Maona? Rinokandira pasi kushandisa pfungwa kwese. Maona? Haushandise kana pfungwa dzipi hadzo; unongobatirira paShoko. Maona?

166 Zvino, kutenda kunongovimba chete neShoko raVo. Maona? Ndizvo zvaVaida kuti vaite. Izvozvo—izvozvo, zvino, mava nenheyo yacho zvino. Ndizvo chaizvo zvaidiwa naMwari kuti rudzi rwevanhu rwuite: kuvimba neShoko rose raVakataura.

167 Uye Evha akavimba mune zhinji raRo. Asi kanhu kamwe chete kaakagamuchira, “Zvakanaka, kana ndikazara nehuchenjeri, pamwe—pamwe zvakanga zviru nenzira iyoyo. Pamwe zvinofanira kuva nenzira *iyi*.” Maona? Zvino ipapo chaipo ndipo paakakundika pakubatirira kwake. Ndipo paakatanga kunyura, ipapo chaipo. Ndipo apo rudzi rwese rwevanhu rwakaenda zasi muguva, kubva ipapo chaipo, nokuti akapokana Shoko rimwe chete.

168 Vamwe vacho vanoti, “Zvino, ndinotenda kuti *iChi* ichokwadi. Ndinotenda kuti *Ichocho* ichokwadi. Ndinotenda kuti Mwari vanogona kuponesa, asi handitendi kuti Vanopodza. Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene, chokwadi, wakaburuka paZuva rePentekosti, asi hapana nzvimbo inoti Mweya Mutsvene wakazoburuka, mushure mePentekosti.”

169 Oo, hama! Ndiwo matauriro avanozviita; vanozvidana pachavo kuti machechi aKristu. Maona? “Vane chimiro chehumwari, asi vachiramba Shoko racho.” Huh! Uh-huh! Ndizvozvo. Maona?

170 Unofanira kutenda. Usashandisa pfungwa. Tenda. Usaedza kuva nehuchenjeri. Ingotenda Shoko chete.

171 Huchenjeri hunoedza kushandisa pfungwa nekupa nzira iri nani. Zvino, ndizvo chaizvo zvakataurwa naSatani kuna Evha. “Zvino, hamusi kuzofa. Zvirokwazvo hamusi, nokuti Mwari ndiMwari vakanaka.”

172 NdiMwari vakanaka. Uye nzira chete yandingavimba naVo, kunge vari Mwari vakanaka, ndekuti Vachagara neShoko raVo.

173 Ungagonditarisira sei kunge ndiri wechokwadi ini ndisingaite zvechokwadi? Kana ndikakuudza chimwe chinhu, ndobva ndaita chimwewo chinhu, shoko rangu rinotova zinyekenyeke. Maona?

174 Zvisinei, chacho chinoVaita kuti vave Mwari vakanaka, imhaka yekuti Vakataura Shoko, uye tinofanira kurarama neShoko iroro. “Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe raMwari, rinobuda mumuromo maMwari.” Zvino, Mwari vanofanira kugara neShoko iroro. Ndizvo zvinoVaita kuti vave Mwari vakanaka.

¹⁷⁵ Zvino, kana Vakati, “Zvinoka, Ndichavabvumira kuti vabudirire pane *izvi*. Ini, Ndichavabvumira kuti vaite *izvi*. Zvino, *izvozvo* zviru raiti. Oo, iNi, Ndicha—Ndichangoenda hangu *uku*,” handiti, Vanotova zinyekekenyekenyeke, munoono; haVasi Mwari; Vano—Vanongova munhuwo zvake. Maona? Asi, kuti vave Mwari akanaka, Vanofanira kugara neShoko raVo. Izvozvo zvinoina mwana wese...Kana Vachingorega *uyu* achiita hupombwe, mumwe wacho *uyu* achinwa zvishoma, ne—ne mumwe wacho *uyu* anogona hake kungonyepa zvishoma, mumwe *uyu* anogona kuba zvishoma, uye *uyu* ogona kuita—kuita *izvi*; zvino ini vozongondimanikidzira kuita zvakanaka, kuti ndipinde?

¹⁷⁶ Vane nzira imwe chete, uye vose vanopinda vari kupinda nesuwo iroro. “Suwo rakamanikana, nenzira in hete. Hapana tsvina ichapindamo.” Umo muna Zvakazarurwa, vakati, “Vose vari kunze vauki, mhombwe, nembwa, nezvimwe zvakadaro.” “Makaropafadzwa imi munoita mirairo yaVo yose, kuti ave nekodzero kuMuti weHupenyu.” Ndizvozvo. Pane nzira imwe chete, ndiyo yaMwari.

¹⁷⁷ Hatiite zvekuishandisira pfungwa, hapana imwe nzira. Zvinoka, kereke yeRoma inoti, “Ndisu Chechi yacho. Bhaibheri iroro—iroro haritombokodzeri...Handiti, handiti, iRo, hawaigona...” Bhisshopi Sheen vakati, “Kuedza kurarama naRo, zvaive zvakangofanana nekufamba nemumvura dzine madhaka.” Maona? Maona? Uchazviita sei? Maona? Zvino, kana zvaanoreva zvirizvo, saka Bhaibheri riri kureva zvisizvo. Bhaibheri rinoreva chokwadi; iye ari kureva zvisizvo. Zvino uchatu kudii? Kana Shoko raMwari richireva chokwadi, zvoreva kuti Bishop Sheen kana—kana kuti Bhaibheri. Havasi Bhisshopi Sheen chete, asi Mufundisi *Nhingi-nhingi*, naChiremba *Nhingi-nhingi*, na*Nhingi-nhingi*. Handaimbotaura zita remurume *uyu*, kunze kwekunge akazvitaura paredhiyo. Saka, akazvitaura paredhiyo, saka ndinofunga ndinogona kutaura zita rake. Chiremba *Nhingi-nhingi* na*Nhingi-nhingi*, vakati *zvakati-zvakati* nezvakati-zvakati. Zvino ndiani wauri kuzotenda, Mwari kana ivo?

¹⁷⁸ “Zvinoka,” voti, “Haringonyatsozvirevi nenzira *iYi*.” Rinozvireva nenzira chaiyo yemanyorerwo aRakaitwa.

¹⁷⁹ Zvino, ndidzo nhema dzekutanga dzadhuyabhore. Akati kuna Evha, “Hazvingonyatsoreva *izvozvo*. Chokwadi Mwari vakanakisa fani kuti vangadaro. Hamumbofa.” Asi vakangofa. Uye vachangofa, nguva dzose. Unofanira kusangana neShoko!

¹⁸⁰ Huchenjeri hunoedza kutora nzi—nzira iri nani, nzira yezvemazuva ano, nzira yemukurumbira, iyo...nzira iri nyore, hwongozwiwanira nzira yahwo.

¹⁸¹ Iko zvino, ukatora munhu pano, pamwe Mwari vanotanga kushanda naye. Zvino, anofunga kuti anofanira kuuya.

Anofanira kuita kuti mudzimai wake apinde mugwara. Anofanira kusiya mapati ake emakadhi. Anofanira kurega kuenda kumadhanzi. Mudzimai wake anofanira kurega bvudzi rake richikura. Mudzimai anofanira kusiya kupenda kumeso. Murume anofanira kurega kusvuta, kunwa. Anofanira kubuda musosaiti huru iyoyo yaari mairi. Anofanira kuzvininipisa paartari. Anofanira kumira onzi mupengo, muumburuki mutsvene, Bherizebhabhu, chero zvaangadaidzwa. “Ndichange hangu ndichinamata, asi ndichadzika zasi *kuno*, ndojoinha chechi iyi zasi *kuno*. Haufunge iwe.” Hezvoka izvo. Maona? Hekoka kushandisa pfungwa, kushandisa pfungwa.

¹⁸² Zvino tichasvika panhongonya huru, mumaminetsi mashoma, pane izvozvo. Maona? Unozoziva sei chakanaka nechakaipa, ipapo? Maona?

¹⁸³ Zvino, inoedza kuti Shoko ritaure chimwewo chinhu, zivo inodaro. Zivo, huchenjeri, zvinoedza ku—kushandisa pfungwa. Huchenjeri hunowana nzira iri nani. Hakuna imwe nzira kunze kwenzira yaMwari. Huchenjeri hunoedza kuratidza, kuti, “Oo, saka, zvino, munoziva, hatina kukwanisa kuzviita panguva *ino*.” Tinofanira kuzviita, zvisinei. Maona? Hunoedza kutsvaga nzira iri nyore. Hunoedza kuti Bhaibheri ritaure zvinhu zvaRisingataure.

Zvino unoti, “Oo, Hama Branham, zvino mava ku. . .”

¹⁸⁴ Imbomira hako zvishoma. Tichadzokera kumbeu zvakare. Chii icho dhiyahore akaedza kuita nehuchenjeri? Kuita kuti Shoko raMwari ritaure zvaRisina kutaura. Ndizvozvo. Akaedza kuita kuti Shoko raMwari rigotaura zvaRisina kutaura. Saka ndiwo mauiro azvinoita nhasi, pavanoedza kuita kuti Shoko raMwari ritaure chimwewo chinhu chaRisingataure.

¹⁸⁵ Zvinoka, vanoti, “Manje, regai ndikuudzei, Hama Branham, hamuna dudziro yacho chaiyo.”

¹⁸⁶ Bhaibheri rakataura, kuti, “Chiporofita hachina dudziro yepachivande.” Sei? Sei isiri dudziro yepakavanda? Sei? “Shoko raShe rakauya kuvaporofita.” Rinodudzirwa nemuporofita. Harikwanise kuva redudziro, yepachivande. Vaporofita vakatoRidudzira kare kwamuri. Heroka iro, rakanyorwa Ipapo chaipo. Ndiyo nzira yazvinofanira kuva.

¹⁸⁷ Mwari vanofanira kuva nechimwe chinhu chepamavambo icho vanhu vose vanofanira kutongwa nacho.

¹⁸⁸ Kana kuri kubudikidza nechechi, ndeipi yacho iri raiti? Angangoita 900 awo, masangano 900 akasiyana. [Hama Branham vanokosora—Mupepeti] (Ndiregerereiwo.) Nderipi rawo riri raiti? Unoziva sei kuti uchapinda? Ko kana uri muMethodisti, zvino Baptisti iri iyo yacho iri raiti? Ko kana uri muPentekosti, maPresbyteriani ari iwo ari raiti? Ko kana uri muKatorike, uye maLutherani ari iwo ari raiti? Ko kana uri muLutherani, uye maKatorike ari iwo ari raiti? Maona?

¹⁸⁹ Panofanira kuva neimwe nheyo pane imwe nzvimbo. Saka kana Shoko . . .

¹⁹⁰ “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” Maona? Shoko rakanga riri muna Mwari. Raiva Mwari. Raiva pfungwa dzaVo dzaive naVo, rakagara Riripo. Pfungwa dzaMwari ndedzaZiyendanakuenda sezviri Mwari. Amen. Uyu hausi mukaka wevana, hama. Maona? Hezvoka zvouya. “Mifungo yaMwari yakanga iri Shoko raVo, pakutanga,” umo, “muna Ziyendanakuenda,” zvino, iwo “mavambo” paakatanga kekutanga, nguva. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, pfungwa dzaMwari, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” Maona? Pfungwa dzaVo ndizvo zvaVaive.

¹⁹¹ Newewo, zvakare. Zviri pfungwa dzako ndizvo zvaUri. Hazvina mhosva kuti unoedza kuraramei, nechimwe chinhu, pfungwa dzako ndizvo zvaUri. Unogona kungoenda hako, uchiita semunhu akanaka, asi mumoyo mako uri mhombwe nechero zvazvingava. Ndizvo zvaUri izvozvo, pfungwa dzako.

¹⁹² Zvino pfungwa dzaMwari dzaive Shoko raVo raive naVo uye maVari, zvakare Raiva Mwari. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko iroro rakazoitwa nyama.” Pfungwa dzaMwari dzakaratidzwa mumutumbi wemunhu, “Akaitwa nyama, ndokugara pakati pedu.” Hezvoka izvo.

¹⁹³ Zvino, kana uine Hupenyu Husingaperi nhasi, uri muna Mwari. Nekunge Mwari Vari mauri, uri pfungwa yaMwari yakaratidzwa. Fiyuu! Zvino, usateerere pane chero kushandisa pfungwa zvako, kuti korona yako isatorwe, ichipihwa mumwe. Usatore chero kushandisa pfungwa kupi zvako, zvachose. Ingotenda zvakataurwa naMwari kuti iChokwadi, uye wogara naZvo.

¹⁹⁴ Kushandisa pfungwa, kubudikidza nehuchenjeri, kunoedza kuita kuti Shoko ritaure zvimwe zvaRisingataure.

Zvino unoti, “Ichokwadi here ichocho, Hama Branham?”

¹⁹⁵ Zvinoka, ngatingodzokerai kuna Genesi tonoon. Ngatiendei kuna Genesi, chitsauko 3 chaGenesi, uye tichaverenga vhe—vhe—vhesi 4, toona kana—kana huchenjeri huchiedza kuita kuti Shoko ritaure chimwe chinhu chaRisiri. Chitsauko 3 chaGenesi, vhesi 4.

*Zvino nyoka yakati kumukadzi, Hamungafi
zvirokwazvo:*

¹⁹⁶ Munoon zvaUri kuratidza? Chii ichocho? Kuedza kuita kuti Shoko ritaure chimwe chinhu chaRisingataure. Maona?

Mwari vakati, “Muchafa.”

¹⁹⁷ Huchenjeri, saSatani airatidza kwaari, akati, “Hamungafi zvirokwazvo.” Maona? Huri kuedza kuita kuti Shoko ritaure chimwe chinhu, kuti, “Handizvo.”

¹⁹⁸ Ndizvo zvakaaita huchenjeri nhasi. Oo, hama, taizogara chaizvo pazviri! Maseminari, zvikoro zvebhaibheri, ndiro dendere ravo chairo. Ndiyo nheyo yavo, kuedza kuita kuti Shoko raMwari ritaure chimwe chinhu chaRisingataure.

¹⁹⁹ Ndiri kudenha chero ani zvake kuti andiratidze Chitendwa cheVaapostora muBhaibheri. Ndiri kudenha chero ani zvake kuti andiratidze “kuwadzana kwevasande” muBhaibheri. Vese maProtestanti, maKatorike vanozvitenda. Ndiri kukudenhai kuti mundiratidze chero chimwe chezvinhu izvozo, muBhaibheri. Maona? Ndiwo mavambo ehuchenjeri kuedza kushandisa pfungwa.

²⁰⁰ “Hondo yedu haisi yepanyama, asi ine simba, rekurasa kwese kushandisa pfungwa, munoona, kuwisira pasi nhare dzaSatani.” Chisikwa chikuru chiya, chakashongedzeka, chine runako! Kwete murombo wepasi-pasi; kwete, kwete, izvozo zviri mukati. Asi, kunze, chivi chakanaka zvakaipetwa kaviri. Munoziva, chivi chakanaka pakuonekwa kwacho.

²⁰¹ Vangani varume vari muno, nemadzimai, vapfuura makore 50 ekuberekwa? Simudzai maoko enyu. Handina... Handifanirwe kubvunza madzimai. Asi ini... Tese tinobvuma chokwadi. Ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Muri kuona here nhasi kuti madzimai akanaka pachiso zvakaipetwa kaviri, potse, kudarika zvavaisimbova, pamaitikiro azvo, tichitora vese pasi rose? Kana zvirizvo, simudza ruoko rwako. Chokwadi. Vakanaka pachiso zvakaipetwa kaviri pane zvavaisimbova.

²⁰² Tora mifananidzo yekare. Tarisa ambuya uone; masiketi avo marefu; bvudzi rakarukwa rakaremba kumusana kwavo. Vakanga vasingavevedze kutarisa.

²⁰³ Tarisai wechimanjemanje nhasi. Kadhirezi kadiki-diki kakati mba-a, zvekuti, chimiro chese, haakwanise kufamba asina kuita chivi. Kufamba, achiridza gogo musitiriti, aine zvole pendi yekumeso nemafuta erunako angagona kuiswa paari neMax Factor, potse. Achigadzirisa bvudzi rake sekamwewo kasikana kadiki. Akapfeka kasiketi kadiki kari kumusoro, kuda, nechepamusoro pemabvi ake, ndokunge akatoipfeka, zvachose. Asi, ukamutarisa, akanaka pachiso. Satani anoziva maitirwo azvo. Ndiye muvambi werunako, rudzi irworwo rwerunako rwunogumisira muchivi.

²⁰⁴ Nyika iyi, pachayo, chizvaro. Ko Mwari vakaisa kupi mbeu dzaVo? Mbeu dzinoiswa papi? Muchizvaro. Mwari vakaisa mbeu. Zvino munhu anoita sei? Semadhimoni, ari muchizvaro, anoita kuti mwana aremare kana achikwanisa. Ndizvo zvakaipetwa nemadhimoni panyika, kuita masanganiswa, kuita zvisikwa, zvisizvo. Regai ndibve hangu pazviri izvozo;

handizombosvika kune zvimwe zvese izvi pano, zvandanyora pasi. Munoziva zvandiri kureva. Ndicho chikonzero paine chisikwa chakaremara chave kuda kuraswa. Mwari vakapedza nacho. Nyika yose iri kunze kwehurongwa. Zvinhu zvese hazvina kunaka. Hova dzakasvibiswa. Mhepo yakasvibiswa. Tsvina! Gutukutu!

²⁰⁵ Mumwe mutana wechiIndia, nguva pfupi yapfuura, akati, “Murungu, handichada kuramba ndichirarama ini. Ndapedza zvekurwa izvi.” Akati, “Ko vacheche vangu vari kupi? Vakaziiswa nenzara here? Mudzimai wangu ari kupi?” Akati, “Musati mauya kuno nevakadzi venyu nehviski, nechivi, taigara murunyararo. Inzvimbo yedu iyi. Mwari vakatipa, asi muri kuitora kubva kwatiri. Muchazvibhadharira, rimwe zuva.”

²⁰⁶ Itarisei, nhasi. Iwo magwenga makuru, akanaka nemakomo azara negutukutu, zvivi, mabhodhoro ehviski, makeni edoro. Nzvimbo dzese dzazara nemabhawa nematakanana. Reno, Nevada, renje guru riya mhiri uko, haasisiri chinhu kunze kwechipfambi. Maguta makuru ari, kusvikira kunyange mweya nemhepo dzemuchadenga zvasvibiswa. Kwaisimbova nemakomo akaisvonaka, iye zvino kwazadzwa nemhando dzose dzezvimwewo zvinhu. Uko kwaimbokura miti, yakatemwa. Uko magwenga, iyo mvura kwayaiyerera zvakasununguka, yakasvibiswa. Nyika yese ichava ne—nekuraswa. Nyika ichabereka mwana wayo kubva mumbeu. Yakatsveyamiswa, nemadhimoni achiibvambura, achiigadzira, chokwadi, chichisikwa chakatsveyamiswa. Mwari vachairasira kure votanga patsva zvakare. Ndizvozvo.

²⁰⁷ Zvakabva pakudii? Munhu mumwe chete achitenda kamwe kanhu. . . kusatenda kachikamu kamwe keShoko raMwari.

²⁰⁸ Nyika yose iri kugomera. Bhaibheri rinotaura, kuti, “Kunyange zvisikwa pachazvo zviri kugomerera zuva iroto rekusunungurwa, zvakamirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari.” Miti iri kushingairira, pasina. Maruva ari kuedza kupenyesa nzira kuitira. . . Asi, zviri kugomera nekuchema, nokuziva kuti pane chimwe chinhu chakakanganisika. Chakatsveyamiswa! Chizvaro hachigoni kubereka chacho chakakwana, nokuti chakatsveyamiswa. Pasi pane gutukutu. Yagezeswa neropa risina mhosva. Ine. . . Yakaita se. . .

²⁰⁹ Ndinogona kutaura chimwe chinhu, chinonyatsoti dyo-o. I—i—igutukutu. Mwari vakati, “Inonhuwa,” pamberi paVo, pane tsvina yakanyanya. Famba uchipinda muchimbuzi, nzvimbo inorasirwa mvura, uye ringori gutukutu, mune huyanga. Ndiwo manhuwiro anoita nyikawo, zvakare, saMwari vachinzwa manhuwiro ayo. Tsvina, chinhu chacho chose chine tsvina.

²¹⁰ Mwari vachaiputitsa kuita zvidimbu-zvidimbu. “Ndichasika matenga matsva nenyika,” Vakadaro. Hongu, changamire.

211 Chii ichocho? Chizvaro chayo hachisati chabereka Mireniyamu. Yakabuditsa chinhu chakatsveyamiswa. Sei? Vachiedza kuva huchenjeri.

212 Handina chandinopesana neFlorida. Handirevere izvi kwamuri imi vanhu vemuFlorida. Asi pandakayambuka ndokuenda kuFlorida kekutanga, ndikadzokera kumuganhu weGeorgia uko, ndakamira ipapo chaipo ndikati, “Semugari wemuAmerica, ndinopa chikamu changu chayo ndichidzosera kuma Seminole vanova vene vayo.” Handiti, vanochengeta mayadhi avo zviri nani kupfuura zvandinoina bvudzi rangu, zvose zvakanatsoti tsepete. Michindwe ine mwenje pese pairo. Zvikepe zvikuru nezvimwe zvakadaro, kuedza kuunza Mireniyamu pasina kutendeuka. Kwandiri, matutu ezvisina maturo.

213 Zvakapetwa kamiriyoni, ndingasva hangu ndakwira muBritish Columbia, kumusoro kwechikomo, uye ndotarisa mhiri kwemakomo akasikwa naMwari, uye maoko emunhu haasati amboabata. Zvirokwazvo.

214 Ndikaenda mumaguta aya, dzimba huru, idzodzo, handidzo, dzinokwezva meso angu. Ndinovenga mhando yezvinhu zvakadaro. Maona?

215 Asi ndinozivira kuti rimwe zuva, rimwe zuva, ichashandurwa. Icharasa mwana wayo ane matambudziko. Nyika, ichashandurwa, rimwe zuva. Zvakanaka.

216 Kutenda kunotenda kuti zvakanyorwa, uye kunoti, “Shoko harina kana chipomerwa.”

217 Makambonzwa here vashumiri vachiti, “Zvinoka, regai ndikuudzei, bha—Bhaibheri reKing James, kana reRevised Version iri, kana *iri* apa, rakango—rakangoti siyanei zvisoma. Chaizvo, rakanga risingareve izvozvo chaizvo?” Makambozvanzwa here? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Oo, ini zvangu! Nyika yakasvibiswa nazvo. Maona? Asi kutenda hakutende izvozvo.

218 Kutenda kunotenda, Mwari vanogona kundiita ini, vanogona kuchengeta Bhuku iroro muhurongwa hwekuti ndigorarama naro. Kana Mwari Vakandisika vari kuzonditonga, vasingagone kuchengeta Bhuku raVo riri muhurongwa, zvino ndiMwari Vasingagone zvachose. Hezvoka izvo. Ndinotenda kuti Shoko rose raRo iChokwadi. Hongu, changamire. Izvi zvinoitei, kutenda izvozvo? Zvinopa kutenda nzvimbo yekuzorora yakakwana maRiri. Maona? Haukwandise kusatenda, kuti Shoko iroro rakakanganiswa, neimwewo nzira. Unofanira kuRitenda nenzira chayo yaRiri.

219 Kana ukaedza kushandisa huchenjeri, kuti uti, “Zvino tarisai pano. Hazvina musoro kuti Mwari vakati richaita chinhu chakadai.” Asi Mwari vakazviita. Maona? Ndizvozvo. Zvino, kana ukati, “Zvino, manje, kana Mwari vakaita *izvi*, kana

Vakatora hupenyu hwemunhu nekuti akanga asiri muRevhi, uye akaisa ruoko rwake paAreka paYakanga yoda kudonha.” Zvisinei nekuti anga akadii, Vakatora hupenyu hwake nokuda kwazvo.

²²⁰ Mwari vakati, “Vangori vaRevhi, voga, vaizoIbata.” Vakahutora. Ndizvo zvakavhundutsa Dhavhidhi, munoziva. Maona? MuRevhi, pakanga pasina chimwe kunze kwemuRevhi aifanira kubata Areka iyoyo. Zvino heino Areka, ichidzoka chaiko kurumutsiriro, zvino mumwe kunze kwaizvozvo akaedza kubata Shoko.

²²¹ Izvozvo zvinoratidza kuti vazodziwa vaMwari chete ndivo vanofanira kubata Shoko iroro. Zvitendwa izvi nemasangano hazvitombofanirwa kuRibata. Mweya Mutsvene woga ndiwo une kodzero kuShoko iroro, uye rufu kuti chero ani zvake aRibate. Kana, kusatenda chero rimwe raRo, kana kuridzidzisa, “Mumwe chete iyeye achabviswa, chikamu chake, kubva muBhuku reHupenyu.” Usaise maoko ako paRiri. Garira kure naRo. Teerera. Tenda chaizvo zvaRinotaura. Usatora shoko remumwewo munhu. Tora zvaRakataura. Gara chaizvo neShoko. Rufu kuita chero chimwewo chinhu kwaRiri. Zvino, nokuti rino. . .

²²² Kutenda kunoitei? KunongoRitenda sezvaRiri chaizvo. Ndiyo nzira iyo Mwari vakaRichengetedza mukufamba nemuzera rose, uye herino iRi. IShoko raMwari, kwandiri. Mwari vanokudza izvozvo. Rinopa kutenda kwakakwana muhuchokwadi hwaRo.

²²³ Ungarooro sei mukadzi kana musikana wechidiki iye aka—aka—akambomhanya kunze ndokuita zvose, uye akararama muchipfambi nezvimwe zvose? Uye—uye, zvakadaro, wakaenda ndokunomutora muimba yepfambi. Ndokubuda, uye aive. . . Anoti, “Manjeka, ndicha—ndichaedza kuva mu—musikana ari nani.” Haungambovimba nemukadzi iyeye. Maona? Haugone kuzviita. Ko mudzimaiwo angagova sei neruvimbo mumurume akaita zvimwe chetezvo? Haungambogona kuvakira ruvimbo rwako ipapo. Hapana pekuvakira. Maona? Haugone kudaro.

²²⁴ Ungagona sei kubuda kunze kuno zvino woti, “Herino igwa rine maburi akawanda mariri, uye ndichaisa matsaga ehuswa mariri. Zvichida, pamwe zvicha—zvichamisa mafungu, kuti riyambuke rwizi”? Zvino ini handingade kuedza zvakadaro ndiri mariri, ipo paine rimwe riri apa rakavakwa zvakana. Chokwadi.

²²⁵ Ko tingagotorerei imwe dzidziso yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu ine maburi mairi? Yakatoratidza kuti yakatsveyama. Maona? Apo, *pano* paine imwe apa, iri Shoko raMwari rezvamazvirokwazvo, Rakamisa mafungu, nekupfuura nemudutu rose guru nedzimhepo dzakasimba. Rakangobata

rakangonyatsotendeka sezvaringava. Richagara rakadaro. Zvakanaka.

²²⁶ “Matenga nenyika zvichapfuura,” akadaro Jesu, “asi Shoko raNgu harizopfuuri.” Sei? Anogara Nokusingaperi. Aivapo pamavambo. Akangouya pano kuzoratidza Shoko raMwari. Ndiye aiva kuratidzwa kwaMwari. Mwari vakanga vachiZviratidza kuburikidza neMwanakomana waVo.

²²⁷ Zvose izvi zvakatangira muna Genesi, chitsauko chembeu, uye zvikavapo kubva ipapo. Kubva ipapo, zvaivepo panzvimbo, chaingova chinhu chimwe chete, kurwisana pakati pehuchenjeri nekutenda, zvagara zvichirwa. Saka, huchenjeri ndehwadhiyabhore uye nevana vake.

²²⁸ Makambocherechedza here? Imi mose makamboona makwai. Mese makamboona mbudzi. Asi, munoziva, kachemero kadzo dziri 2 kakada kufanana zvikuru, zvinotora mufudzi chaiye kuti azive musiyano wacho. Ukaisa mbudzi yekare kunze uko, woirega ichichema, yochema. Zvino woenda nechekuno uku woisa gwai ipapo, worirega richichema. Zviteerere. Dzinonzwika zvakangofanana. Asi mufudzi chaiye anogona kubata inzwi iroro.

²²⁹ Jesu akati, “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Maona? Vanotoziva kana iri mbudzi. Zvino, Iye iGwai, pachaKe. Uh-huh. Iye haasi. . . “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu. Haateveri vaeni.” Inzwi raKe chii? Herinoi iri, Shoko. Maona? “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Maona?

²³⁰ Haazoregi chero ani zvake achiti, “Oo, zvino, pano apa. Ndiri kutaura, Inzwi raMwariwo, zvakare. Iri rinoreva *izvi* apo.” Asi ndiye, munooona, Satani. Tichasvika kwazviri muchinguvana, kukupomhodzerai izvozvo. Maona?

²³¹ Zvino, zvino munooona kuti Shoko riri mbeu harigoni kukura muhupo hwacho, ipapo, hwezivo. Ndizvo here? Maona? Zivo painongosanganiswa nekutenda, inobva yafira ipapo chaipo.

²³² Evha akauya ndokuti, “Jehovha Mwari vakati: ‘Zuva ramunongoudya, nezuva iroro muchafa.’” Akabva amira kuti aone zvayaizotaura.

²³³ Yakati, “Asi, teereraka, mudikani wangu, iwe kanhu kakanakisisa. Waona? Chokwadika Mwari vane chinangwa chavakakusikira. Unozviziva kuti ndizvo. Unoona, uri mudzimai, wakatosikirwa chinangwa ichochi. Ndizvo zvazviri. Hauzvize zvino, asi wakatogadzirirwa chinangwa ichochi. Oo, uri kanhu kakanakisa iwe, mudikani. Uh-huh. Tarisa uone tuoko twacho twakapfavarira. Waona? Handiti, chokwadi uchatodaro. Chokwadi.”

“Asika Vakati, kana isu—kana isu tikangodaro, ticha ‘tofa.’”

²³⁴ Nyoka ndokuti, “Asi, oo, unofunga kuti Baba vakanaka, vane rudo, Mwari, vangaita chinhu chakadaro?” Mudzimai

akaitei? Akateerera pakushandisa pfungwa, akatora huchenjeri hwayo. Ikati, “Muti, unofadza uyu. Uyo wekuti ungatoshuvirwa.” Zvino ndokubva azvitambira. Ndizvozvo chaizvo. Uye paakadaro, chii chakaitika? Sezvazvaizongoita kune mukadzi chero upi zvake. Paunongozvitambira chete, zvinobva zvatoperera ipapo. Ndizvozvo.

²³⁵ Zvino, munoona, mbeu yaakanga akabata, uye angadai akazove amai pakupedzisira, nokuda kwaMwari, kubudikidza neShoko rakataurwa. Angadai akazova amai pakupedzisira. Asi, haana kukwanisa kumirira, akapinda mazviri.

²³⁶ Zvino, munoona, zvino, paakangozviita, akagamuchira huchenjeri pamwe neShoko, zvino huchenjeri hwaipesana neShoko...Kana muri kunzwisisa, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Maona? Kana huchenjeri huine Shoko, uye huchiratidza kuti hune Shoko, uye Shoko rozvibereka pachaRo nechinhu chimwe chetecho, kana zvadaro iShoko. Asi kana huchenjeri huchipesana neShoko, uye husiri pamwe neShoko, asi huchiedza kuwana chimwe chinhu chekuwedzera paRiri kana kubvisa paRiri, ndehwadhnyabhore. [“Ameni.”]

²³⁷ Uye mbeu dzeMweya Mutsvene dzeBhaibheri hadzigone kukura munharaunda yehuchenjeri. Izvi zvinouraya seminari yese iri munyika. Zvinoboora maburi achipinda chaimo nemaari, kuabaya, zvino ku—kutongwa kunobva kwapinda mukati. Ndizvozvo. Zvirokwazvo zvinodaro, munoona, nokuti Shoko harigone kukura nehuchenjeri, huchenjeri hwepanyika. Haridaro.

²³⁸ Evha aifanira kutenda Shoko sokupiwa kwaRakaitwa kwaari. Ndizvo here? Akanga asingafanirwe kuteerera kune mumwewo munhu achitaura chero chii zvacho pamusoro paRo; sokungopihwa kwaRakaitwa kwaari, ndiyo nzira yaaifanirwa kuRitenda nayo. Pangadai pasina kumbova nerufu, dai akangotenda iZvozvo. Ndizvozvo.

²³⁹ Zvino murume kana mudzimai anatora Shoko raMwari nenzira yatakangoRipiwa nayo, oRibata nenzira yaRakataurwa nayo naMwari, Hupenyu iHwohwo. Asi kurisanganisa nehumbwe huchenjeri hwerimwe sangano, unofira ipapo chaipo, sezvarakangoita pakutanga. Ndiyo Mbeu iyoyo. Ndiyo nzira yacho, ndiyo nzira yaRakaita pekutanga, ndiyo nzira yaRichaita nguva dzose. Rakagara rakadaro. Mwari vakatendera, tichazviratidza kubudikidza neBhaibheri, mangwanani ano. Ndiyo chete nzira yaRinogona kukura nayo, kuzvipatsanura iRo kubva pakushandisa pfungwa kwese, kana chimwewo chinhu, nekungotenda Shoko chete.

Evha aifanira kuRitora nenzira yaRakapiwa naMwari kwatiri.

²⁴⁰ Uye ndataura ndikakuudzai kuti ndinotenda kuti Mwari vakachengetedza pamwe nokuchengeta Bhaibheri iri, uye ndiyo nzira yaRapihwa kwandiri naMwari pano. Handidi humwezve huchenjeri. Ndinongoda mataurirwo azvakaitwa naMwari Pano.

²⁴¹ Zvino, ndinovimba handisi kukurwadzisai. Asi kana Bhaibheri rakati ndinofanira “kutendeuka,” Rinoreva kuti tendeuka; kwete kuzvirwadzisa nokuda kwematadzo ako, asi kutendeuka.

²⁴² Iro Bhaibheri rakati ndigobhabhatidzwa, muZita ra “Jesu Kristu,” haRaireva chimwewo chinhu. Raisareva “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Rakataura iZvozvo.

²⁴³ “Zvinoka,” unoti, “Mateo 28:19 yakati, ‘Vabhabhatidzei muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’” Ndizvo chaizvo zvazvaive.

²⁴⁴ Zvino, kana zvisiri izvo, kana vasina kuwana chinhu chaicho, zvino kutenda kwaiva naPetro, kubhabhatidza muZita raJesu Kristu, nevamwe vose vemuBhaibheri, saka vakava nechizaruro che—chenhema chakaropafadzwa naMwari. Izvozvo zvinovadzosa zvakare kumashure chaiko: Vaifanira kunge vakaropafadza Evha pamavambo, ipapo.

²⁴⁵ Zita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” aya madunhurirwa 3. Panongova neZita 1. Haunganzi wabhabhatidzwa muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene kusvika wabhabhatidzwa muZita ra “Jesu Kristu,” nokuti ndiro Zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Uye Bhaibheri rose rakanyorwa saizvozvo. Munhu wose ari muBhaibheri, akambobhabhatidzwa, akabhabhatidzwa muZita ra “Jesu Kristu.” Hapana muMagwaro, akambobhabhatidzwa mumadunhurirwa ekuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Uye munhu wose akabhabhatidzwa muZita ra—ra “Ishe Jesu Kristu” akatobhabhatidzwa muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.

²⁴⁶ Munhu wese akabhabhatidzwa, mumadunhurirwa a “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” haana zita raakabhabhatidzwa naro zvachose; idunhurirwa, sekuti mushumiri, mufundisi, chiremba, chero zvimwewo; baba, mwanakomana, nemunhu, mudzimai. Madunhurirwa!

Woti, “Hazvina kana mutsauko wazvinoita.”

²⁴⁷ Zvinoka isa dunhurirwa rako pacheki yako, uye kwete zita rako, ugoona kwainoenda. Uh-huh. Woti, “Ndiri kusaina cheki iyi muzita ramai vemba.” Zvino, zvinotongova nemusoro sezvazingava pakusatenda Shoko raMwari apo chizaruro chacho chiri pamberi pako chaipo. Chokwadi zvingadaro. Maona? Chokwadi. Zvakanaka.

²⁴⁸ Kunofanira kuRitenda nenzira yaRakataurwa nayo naMwari. Harizvipikise pachezvaRo. Kana Richidaro, huyai

mundiratidze. Uh-huh. Harizvipikise pachezvaRo, kwete zvachose. Satani anogona kuRiita kuti rizvipikise kwauri, asi haakwanise kudaro kuShoko. Kwete. Saka, Shoko harimirire izvozvo. Kwete, changamire. Ichocho chinhu chekare, uye chakambofungwa nezvacho, asi hachisati chamberatidzwa nazvino.

²⁴⁹ Ngatirondei zvitubu 2 izvi, kana kuti zvamungadaidza kuti hupo, uye toona kuti zvinosikei. Ngatihurondei kwemaminiti mashoma. Hupo; zvose zvitubu 2 izvi zvinosika hupo.

²⁵⁰ Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Makambopinda here muchechi. . . Ndi—ndinotaura izvi neruremekedzo zvino, uye ne. . . ndine zvandiri kungoda kutaura; Zvisadaro hazvo. Makambopinda here muchechi mekuti mufundisi wacho akangoomarara chaizvo? Ungano yacho inenge iri zvimwe chetezvo. Ndizvozvo. Maona? Chii ichocho? Hupo ihwohwo hwakazviunza. Woenda kunzvimbo yekuti mufundisi wacho anoti, “Zvino, chimbomira zvisoma, hakuna chinhu chakadaro sehupenzi ihwohwo. Handitende mune chinhu chakadaro sekupodza kwaMwari, pamusoro perubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.” Munoziva, unoona vese, ivavo, ungoro. Kana vasina. . .

²⁵¹ Kana muine chapungu imomo pane imwe nzvimbo, chinobuda, pakati peboka iroro rehuku. Uh-huh. Chokwadi chinodaro. Chokwadi chaicho. Chinorisiya. Ehe. Ehe. Chokwadi chinodaro. Hachigone kumirira izvozvo. Icho ichapungu. Ishiri yakagadzirirwa denga, kwete danga. Hongu, changamire. Zvino, heunoi uyu.

²⁵² Uye zvino tinoona, kuti, hupo ihwohwo. Uye unopinda chero kupi. . . zvinhu izvozvo, panodzidziswa kutenda muchechi, unowana chechi iri muhupo ihwohwo.

²⁵³ O Mwari! Regai—regai ndisvitse izvi kwamuri, kuti, imi, kana muchigona kuzviona. Maona? Enda. . . Ndicho chikonzero vanhu vachiuya pakati pevatsvene pavanenge vachinamata, vatendi. Pauro akati haana kuwana kana mumwe muguta, kusara kwaTimotio, akanga aine Kutenda kunokosha kwakafanana nekwaiva nako, munoziva. Vamwe vose ndevemasangano. Maona? Asi paakapinda muhupo ihwohwo, munooona, iye, unoona zvinhu zvichiitika, izvo zvakasikwa nehupo uhwu. Unowana vanhu vachirarama nekutenda kana wasvika panzvimbo parinoti, “Ini zvangu, handiti, Bhaibheri nderechokwadi. Mwari vanopodza.” Wofamba muungano yavo, unowana, “Handiti, ndakanga ndiri kufa nekenza. Ndakapodzwa.” “Ndakanga ndiri bofu. Ndave kuona.”

²⁵⁴ Muyeneni anoti, “Fiyuu! Ini zvangu! Muri kureva, kuti kudii. . .? Dambudziko renyu nderei?”

²⁵⁵ “Ndichakuratidzai pane gwaro rangu. Handei tese kumba kwangu. Huyai, tinodya tose kudya kwemasikati

uye ndichakuratidzai chimwe chinhu. Ndine gwaro racho kumusoro ikoko. Vavakidzani vangu vanotoziva kuti ndaiva muchinhano chakadaro. Ndaive ndakaoma mitezo, kwemakore. Ndakanamatirwa.” Maona? Chii ichocho? Shoko iroro—iroro muchechi iyoyo, boka iroro revatendi, rakagadzira hupo ihwohwo.

²⁵⁶ Zvino, ko ringadini Shoko, muhunyoro hwaRo asi zvakadaro riri muhuzaro hwaRo, ringazombokura sei munzvimbo yekuti zivo inoRivhunga uye yoti, “Hazvigoni kudaro”? Maona? Hazvigoneke. Saka, panoparidzwa zivo kubva kuseminari, vana vacho vanofa.

²⁵⁷ Panoparidzwa kutenda kubva muShoko, vana vacho vanorarama. Ameni. Ndiwo musiyano wacho, Hupenyu nerufu chete.

²⁵⁸ Zvimwe chetezvo zvakaitika mubindu reEdheni. Ndizvo chaizvo zvakaitika kwavari; hupo 2 ipapo. Evha paakabva pane Hwakarurama, kuva pane hwakaipa, akafa. Maona? Zvinozodaro, nguva dzose.

²⁵⁹ Saka, havagone kugara. Kana chechi yako iine hupo hwemhando iyoyo, oo, mwana, kana uchida hako kurarama, iwe tenda Shoko.

²⁶⁰ Zvino, hepano pari kuzova nekakuruma zvino. Uye handizvireve nenzira yakakwasharara. Ndango...Uku kudzidzisa. Unofanira, kana wasvika panzvimbo idzi, unofanira kumboruma nekupisa, zvishoma, munoono.

²⁶¹ Zvino chimbomirai. Zvakangofanana nekuisa muchiso pamhuru. Ndaimbovenga kuzviita, kuisa muchiso pamhuru; kamuchinda kanonzwisa urombo. Taimhanya kunze ikoko. Uye handizivi kana makambobata mhuru netambo, kana kwete, uye—uye—uye—uye nekudzisunga. Unodzisunga mbira dzakondo, munoono, unopesanisa...Zvino kamuchinda kanonzwisa hurombo aka! Unomhanyira zasi ikoko, watora simbi yemuchiso inopisa, woidzvanyidzira pairi. Oo, hama, zvaitiyisa kutarisa. Pawaingosimuka, kaibva kamhanya zvemamhepo chaizvo. Kaingomhanya nokukava-kava, nekukama kachibowa, nekuenderera. Asi, ndinokuudzai, dzai bva dzaziva, kubva ipapo zvichienda mberi, kuti yaive yaani. Ndizvozvo. Dzaiziva kuti yaive yekumafuro api—api. Hapana kana dambe pazviri ipapo.

Saka, ngatiisei muchiso. Ngatiisei muchiso. Hongu, changamire.

²⁶² Pavakati ivo, munoziva, iyo...Imi, vazhinji venyu, makaverenga kana—kana kuimba *Detembo reMufudzi weMombe*, munoono. Uye nemhuru yakarasika, pavanoipinza mukati, pekupedzisira ipapo, pakukokorodza mombe; mhuru yakarasika, vanongogadzira muto kubva pairi, nokuti haina muchiso pairi, zvachose. Zvino saka dzimwe dzacho dzose

dzinongoenda hadzo kumafuro adzo. Asi sapurazi mukuru wekokorodzo anoziva mombe dzake, saka kana iwe. . . Muchiso unorwadza.

²⁶³ Zvino honai. Satani aigona kuratidza pachena nesainzi, nehuchenjeri hwake. . . Zvino ndichatamba chikamu chachiremba pano, kwemaminetsi mashoma. Satani aigona kuratidza pachena nesainzi, nehuchenjeri hwake, kuti ivhu raaizopa, kuti rudzi rwevanhu rwugorima mariri, raiva nemavhitamini. Chokwadi akadaro. Aigona kuzviratidza nesainzi. Vanogona kuratidza nesainzi chero chinhu chavanoda, potse. Maona? Chokwadi.

²⁶⁴ Raive nevhitamini P, “purezha, pakuda mukurumbira.” Zviri mariri. Ndizvo zviri muvhu rake rehuchenjeri. Chokwadi. Chokwadi. Purezha yese yemunyika, mabhaisikopu ese, madhanzi ese, zvese, chero chinhu, “Endererai mberi. Zvakanaka. Hapana zvazvinokuvadza. Chokwadi.” Maona? Mukurumbira, “Oo, muri chechi hurusa iripo muguta.” Zvakanaka.

²⁶⁵ Rakanga riine vhitamini C mariri, iro raaiti “chepfungwa dzine musoro.” “Kushandisa pfungwa, munoona.” Hongu.

²⁶⁶ Rakanga rine vhitamini R mariri, zvaireva kuti “rekushandisa pfungwa.” Hongu, aigona kushandisa pfungwa. Asi, munoona, izvozvo hazvishande.

²⁶⁷ Rakanga rine vhitamini beau, B, mariri, zvinoreva “runako.” Satani ane runako. Chivi chinotaridzika zvakanaka. Uye apo chivi pachinotanga kuwedzera nokuwedzera, chinowedzerawo kunaka kwacho.

²⁶⁸ Imba yatinayo nhasi iri nani zvakadii kupinda imba yemapango? Yakadarika pakunaka zvakadii? Madzimai edu nhasi akanaka zvakadii pachiso kupfuura zvavaisimbova? Maona? Florida yawedzera kunaka zvakadii, zvayaive zvino, nemasikirwo ayakaitwa naMwari? Maona?

²⁶⁹ Ine runako. Vangani vanoziva kuti Satani runako? Uye akashuva runako, uye akaedza kusika runako, humambo hwakawedzera kunaka, nezvimwe zvakadaro. Chokwadi. Tinozviziva izvozvo. Satani ari murunako.

Zvino cherechedzai. Aiva nevhitamini R, rinova “rekushandisa pfungwa.”

Whitamini B, rinova “runako.”

²⁷⁰ Whitamini M, rinova “zvechimanjemanje.” “Oo, unoda kuva wechimanjemanje.” Ingotora zivo yake uye woona kana usingatendi zvinhu izvozvo. Inozokura mauri chaimo. Whitamini iroro richauya kumusoro chaiko kwaunenge ugere.

²⁷¹ Mumwe muchinda anosimuka, okupa imwe yezivo yake, “Zvino honai, shamwari. Zvingazovei kana tikatora cathedral huru iyi, yakanaka pano zvino tova nekudanidzira kwakawanda

kwazvo, nekuchema, nekutaura nendimi, nekumhanya vachikwira nekudzika pauriri, vachipupa furo pamuromo sezvimbwa mupengo? Uye—uye munofunga kuti meya weguta anozoti kudii, bhodhi remadhikoni, kana tikabvumira zvinhu zvakadai kupinda muno?” Oo, chokwadi, ndezvechimanjemanje.

272 “Munofunga kuti vanhu vedu vangamira zasi uko munzira, vakabata tamborini muruoko rwavo? Uye zvingazoita sei kana hanzvadzi dzedu dzaiuya nevhudzi guru, refu rakarembera pasi? Uye mamwe madzimai ese emucheche vachipfuura nemudhorobha voti, ‘Honai uko. Honai uko.’ Handiti, mutungamiri wechechi ino, kana chero zvaangava, munoziva, ‘Nhaimi, honai, tarisai apo. Mudzimai uyo anoita sechinhu chekare, handizvo here? Vhiri rake resipeya rave kupera mweya kugotsi.” Maona? Munoziva, chimwe chinhu chakada kudaro.

273 “Tinoda kuva vechimanjemanje.” Maona? Ndi hwo huchenjeri hwadhiyabhore ihwohwo. Ndiipo pahunokurira. Ndiro vhitamini iri muvhu, rinobuda muchibereko chainoburitsa. Pfuurira hako mberi, iwe Jezebheri wechimanjemanje. Horaiti. Vechimanjemanje, sevakadzi vemazuva ano. Chokwadi. Oo, vechimanjemanje. “Zvino, vanhu vemazuva ano chaivo vemuguta vanouya kucheche.” Chokwadi. Zvasvika...Sei? Vanokura muvhitamini iroro rechimanjemanje.

274 Vhitamini rekushandisa pfungwa, zvakanaka, vanokura mariri. Maona? Ndzivo zvariri, kushandisa pfungwa. Asi paunongotanga kukura mariri, watofa kuShoko. Unofanira kuramba Shoko usati wava izvozvo. Maona?

275 Nzira chete yaungave mutadzi kuramba Shoko raMwari. Chivi chii? Kusatenda. Kusatenda muchii? Shoko raMwari. Maona? Unofanira kuramba Shoko, kutanga.

Zvino, oo, ndine anenge mamwezve mavhitamini 10 akanyorwa pano.

276 Asi herino vhitamini rimwe raakatadza kuvaudza. Aive nevhitamini D imomo. Ndiro vhitamini rakakura kwazvo imomo, mhedzisiro, “rufu.” Maona?

277 Iboka revanhu vakapfeka zvakanakisa, vakanyanyisa kuita vechimanjemanje varipo, chechi yakanakisa, sangano gurusu, munoonu, rechimanjemanje kwazvo raivapo, rakaisvonaka zvikuru raivapo, zvinhu zvine musoro zvikurusa zvinogona kutaurwa. “Sei vasinga . . .”

278 “Kana Mwari vakatiita chisikwa chaVo, sei Vachitsiura vakadzi ava kuti vasataridzike zvakanakisa, kuva nevhudzi pfupi? Sei Vachitsiura kupenda kumeso kushoma?”

279 Zvino, Vaiva nemumwe chete muBhaibheri akazviita, zvino Vakamudyisa kumbwa. Saka ingofunga nezvazvo, munoonu. Ndzivo chaizvo.

280 “Ko vangagodaro sei—ko vangagodaro sei Mwari? Handiti, ini zvangu, haVatitarisire kurarama tichitevera Bhaibheri iroro.” Chokwadi vakatodaro. Vakaudza Evha kuti anofanira kurarama . . . Kana kuti, Vakaudza . . .

281 Jesu akataura, kuti, “Munhu anorarama neShoko rose, Shoko rose rinobuda mumuromo maMwari.” Ndiani akadaro? Jesu. Ndizvo here? Akati, “Kana mumwe munhu akataura chero chii hacho chakasiyana, ngaave murevi wenhema; Shoko raVo rive rechokwadi.” “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizopfuuri.” Hezvoka izvo.

Saka vhitamini D inogara muchinhano chake, chimanjemanje. Ndizvozvo.

282 Zvino, asi, mbeu yeShoko yeBhaibheri haigoni kukura muvhu rakaita seiroro. Ko munhu angapinda sei mune imwe yemachechi echimanjemanje iwayo zvino? Mweya waMwari unouya pairo, zvino ivo—ivo vanoda kudanzira kuti, “Mwari ngavarumbidzwe! Hareruya!”

283 Munozivei? Handiti, unoita kuti muparidzi asaburitsa mharidzo yake. Nhavi, ndiri kukuudzai. Ndi—ndiri kutongomuona achiti, “Uhm.”

284 Zvino vose vanozvitwasanudza ipapo, vorebenutsa vachitendeudza mutsipa iwoyo, munoziva, votarisa-tarisa, kuti vaone. “Zvino, chii chataura kudaro?”

285 Zvino, maminetsi mashoma, muparidzi anozoti, “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.”

“Mwari ngavarumbidzwe! Ndizvozvo.”

286 “Uhm,” madhikoni ayo. Huh! Iwe, unenge watove pamusuwo, mumaminetsi mashoma. Vanokudziringira kunze chaiko. Maona?

287 Shoko haringakure ipapo, haritongokwanise kuzviita. Kwete, haritongokwanise kuzviita. Maona? Haritongogone. Maona?

288 Uye zvakare anouya, achipfapfaidza chepfu yake pamusoro paRo, kuedza kuuraya Hupenyu hwechizenga huri mauri. “Zvino kune boka revanhu munyika nhasi, vanotenda kuti Mwari vanopodza. Handiti, chokwadika, tinoziva, pfungwa dzine mufungo kwawo dzinoratidza kuti Mwari vakatipa vanachiremba, kuti vapodze.”

289 Zvino, iwe bvunza chiremba akanaka, ane njere kwadzo kana ari mupodzi. Anokuudza kuti, “Kwete, changamire. Ndinogona kudzura zino, asi handikwanise kupodza vende rarabva mariri.” Ndizvozvo. “Ndinogona kugadziridza ruoko, asi handigone kurwupodza.” Chokwadi ndizvozvo. “Mwari ndivo Mupodzi.” Maona?

²⁹⁰ Zvino, ko chimwe chinhu chichazombokura sei muzvinhu zvakadaro saizvozvo? Ko Shoko riri mbeu ringambokura sei mune zvakadaro? Hazvitongoiti. Harikwanise kukura muchinhano chehupo hwakadaro. Zvirokwazvo haritombodaro.

²⁹¹ Asi kutenda kunokura muvhitamini 1. Kune vhitamini 1. Hakudi kuti rive nemasanganiswa, zvachose. Kutenda kunokura muvhitamini 1, ndiro Shoko. Ndicho chinhu choga icho kutenda kunogona kukura machiri, iShoko. Uye nzira chete yakunogona kukura nayo ndeyokuti kunotenda Shoko, uye kunofanira kutora Shoko rose uye kwotenda kuti iRo ichokwadi. Zvino vhitamini rekutenda rinopereterwa nezwi diki remavara 4, H-u-p-e-n-y-u, “Hupenyu.” Kune vhitamini L, kutenda kunaro. Kutenda kune vhitamini L.

²⁹² Huchenjeri hune vhitamini P; vhitamini R; purezha; nevhitamini rekushandisa pfungwa; vhitamini, mamwe mavhitamini ese aya. Iwo, fa-...re-... Zivo ine zvese izvozvo. Maona? Huchenjeri hune zvese izvozvo, hunozvishandisira pfungwa.

²⁹³ Asi kutenda kune chinhu 1: Hupenyu. Ndicho choga chichagara. “Shoko reNyu Hupenyu. Shoko reNyu iZvokwadi. Ndivo Shoko, Nzira, Zvokwadi, Chiedza.” Kutenda kunogoremba ipapo chaipo. Ndizvo zvoga. Uye hakuzvitore. Hupenyu hweMweya Mutsvene, Hupenyu Husingaperi, ndipo panokurira kutenda: Shoko, Zoe, Hupenyu hwaMwari pachaVo. Ndiyo chete nzvimbo iyo kutenda kunokwanisa kushanda, ndeapo kutenda pakunonzwa Shoko uye kwotenda kuti iShoko raMwari. Zvino, muZoe imomo, kunokura uye kunobereka zvakataurwa neShoko.

²⁹⁴ Mwari, Vakagadzira sei nyika? Munotenda here kuti nyika yaive mupfungwa dzaMwari? Chokwadi, yaivamo, zvaifanira kudaro. Ko Vakaigadzira sei? Vakangotaura.

²⁹⁵ “Ko Vachawanepi zvinhu zvacho?” Ungashandisa pfungwa pana Mwari chirudzii, woti, “Mwari, Makawanepi zvinhu zvacho, zve—zvekugadzirisa matombo nazvo? Makazviwanepi?” Zvakabva mumagasi. “Ko gasi racho Makariwanepi nhai, Ishe?” Maona? “Ko mvura Makaigadzira sei? Ndeapi maumbirwo ayo? H₂O. Ko makawana hydrogen yacho, oxygen kupi?” Maona? Ndizvozvo. Maona? Hazvitongorina kana musoro.

²⁹⁶ Ko Mwari vakati kudii? Zvaiva mupfungwa dzaVo. Uye pfungwa dzaVo iShoko raVo, Risati raratidzwa. Zvino pfungwa dzaVo padzakati, “Ngakuve,” zvino kukavapo. Ndizvozvo. Ndipo panogara kutenda.

²⁹⁷ “Ne...iyo...” VaHebheru 11 yakati, “Nokutenda nyika yakasikwa.” Nyika yakagadzirwa nekutenda. “Mwari vakagadzira nyika nezvinhu zvisingaoneki.” Nokutenda Mwari vakataura nyika kuti ivepo, nokuti rakanga riri—rakanga riri Shoko rakafanofungwa. Asi paVakangoritaura, rakava hupenyu.

298 Zvino unogona kuti, “Ndinozvītenda iZvozvo, Hama Branham.” Mumoyo mako unogona kuZvītenda. Zvino zviratidze, “NdinoZvītenda.” UsamboZvishandura, zvachose. Gara chaizvo naZvo. Tarisa izvo zvichakura kubva pazviri. Zvichabereka Shoko, nokuti kutenda. Maona? Huchenjeri hunokuendesa kure. Kutenda kunokuunza kwaRiri. Mazviona here?

299 Zvinogura chitendwa chese chakagadzirwa nevanhu, zvinogura chikoro chega-chega chekudzidza, chedzidzo yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu, zvinongozvirova chaizvo. Havoka avo, purofesa wavo, D.D., Ph.D., L.L., Q.U.D., uye machinda ose aya vanofanira kuenda kuchikoro kunodzidzira kushandisa pfungwa nezvimwe zvinhu zvose izvi. Pane Chinhu chimwe chete chaanosiya kunze. Nzira yekuzviratidza uchishandisa pfungwa, uye nemhando yezvipfeko zvekupfeka, uye kuti anofanira kutaura sei “ameni” zvakangodaro, uye, oo, matakanana! Regai . . .

300 Tungamirirwai neMweya Mutsvene. Vanakomana vaMwari vanotungamirirwa neMweya waMwari, kwete huchenjeri hweseminari. Asi Mweya waMwari unotungamirira vanakomana nevanasikana vaMwari. Zvirokwazvo. Ichokwadi. Amen.

301 Zvino, unoburitsa chitendwa chese, chikoro chese chekudzidza, dzidzo yebhaibheri yese yakagadzirwa nevanhu. Ndosaka vasingagoni kutenda; hamuna chinhu imomo chokuti Rikure pachiri. Maona? Vane vhitamini R, rekushandisa pfungwa, iro ratinofanira kurasa. Vhitamini mukurumbira, vhitamini purezha, “Ndinotongofanira kuti ndinakidzwe zvishoma.” Imhando rudzii yekunakidzwa? “Oo, kubuda uchimbonodhakwa zvishoma, apo nepapo, unoziva. Kungova nokunakidzwa zvishoma; hazvina kana mutsauko wazvinoita.”

302 Munoziva, zvinhu zvidiki zvakadaro ipapo, zvese izvozvo zvinongori, vhitamini rese iroro. Maona? Zvino mhando yevhitamini iroro ichazombokudza Shoko sei, rinoramba vhitamini iroro? Uchazviita sei? Maona? Shoko rinozviramba izvozvo. “Kana uchaida nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwutombori mauri,” rakadaro Bhaibheri. Maona? Saka ko vari—ko Mwari vari. . . Ko Shoko raMwari richakura sei pasi pemavhitamini akadaro?

303 Zvinотора rimwe vhitamini muvhu kugadzira tsanga. Inofanira kunge iri mumhando chaiyo yevhu. Tiri kusvika kwazviri, munguva shomanani. Maona? Inofanira kuwana mhando chaiyo yevhu, kana kuti haimereses tsanga. Tora rimwe ivhu, harikudze *iyi*, uye rinokudza chimwewo chinhu. Ivhu rine jecha, vhitamini rakasiyana, zvichingodaro, rinokudza zvimwe zvinhu. Kana rikasadaro, handiti, hauna iroro, haritongoikudzi. Ndizvo zvoga.

304 Zvino, masawi anomera potse pese-pese zvapo, chero mhando zvayo yevhu. Handizvo here? Masora ekare emasangano anongomera chero papi zvapo.

305 Asi, ndiri kukuudzai, hama, kana muchida kubereka zvibereko zveHupenyu, zvinofanira kubva muShoko. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Chokwadi. Zvakanaka.

306 Ndinovimba handisi kukutorerai nguva yakanyanyisa kureba, mangwanani ano. [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Maona? Zvino, rega . . . Maona? Zvakanaka.

307 Ndosaka vasingagoni kutenda; havana chinhu chekurarama machiri. Jesu akataura nezvavo muna Mateo chitsauko 13 uye vhesi 1. Ngatingovhurai pano tione kuti Jesu akataurei pamusoro pazvo, zvinhu izvi zvatiri kutaura nezvazvo. Mateo chitsauko 13, zvino muvhesi 1.

Nezuva rimwe chetero Jesu akabuda mumba, akandogara pamhenderekedzo pegungwa.

Zvino vanhu vazhinji-zhinji vakaungana . . . kwaari, nokudaro akapinda muchikepe, ndokugara pasi; zvino vazhinji vose vakamira pamhenderekedzo.

Zvino akataura zvinhu kwavari, ndokutaura zvinhu zvizhinji kwavari nemifananidzo, achiti, Tarirai, mukushi akabuda kundokusha mbeu;

Zvino paakakusha, dzimwe mbeu dzakawira parutivi rwenzira, shiri dzikasvika dzikadzidya:

Dzimwe dzakawira parukangarahwe, zvino padzakanga dzisina ivhu zhinji: zvino nokuda kwadzo dzikamera, nokuti dzakanga dzisina ivhu rakadzika:

Zvino zuva rakati rabuda, dzakapiswa; zvino kwakauya . . . zvino nokuti dzakanga dzisina mudzi, dzakabva dzasvava dzikaoma.

. . . dzimwe dzakawira paminzwa; minzwa ndokumera, ikadzivhunga:

. . . dzimwe dzakawira muvhu rakanaka, dzikabereka dzimwe, dzikabereka michero, dzimwe zana, . . . makumi matanhatu- . . . dzimwe makumi matatu.

Ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe.

308 Kwete huchenjeri. “Nzeve,” munooni, zvakanaka, “kunzwa.” Zvakanaka.

309 Cherechedzai. Akati vamwe vakaenda, pakabuda Mbeu, ndokuparidza Shoko.

310 Dzimwe dzakawira parutivi rwenzira; sezvinoita mvura pamusana wedhadha, inongoyerera ichibvapo.

311 Dzimwe dzakawira parukangarahwe, pane matombo, dzaingova neguruva shoma rakambumukira ipapo. Ndokumera,

asi dzakanga dzisina midzi, pasina nzvimbo yekuisa midzi yadzo. Zvino ndiri kuzopa mifananidzo pano, uye ndinovimba handisi kuzorwadzisa manzwiro. Maona?

³¹² Iyoyo yaive kereke yeKatorike. Vakati vakavakirwa padombo. Ndichabvumirana navo. Zvechokwadi ndichabvumirana navo. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Hapana ivhu pasi payo, zvachose, hapana ivhu maingazokura iri. Sei? Hayaigona kubereka imwe...Havana kukwanisa kubuditsa vhitamini reBhaibheri, nokuti havatombotenda maRiri. Dzidziso yavo yekunamata idzidziso yechechi, ndizvozvo, dzidziso chechi yeRoma, hapana kana Shoko mairi, zvachose. Maona? Yakawira pamatombo; hwaive huchenjeri hwepamusoro-soro. Oo, hama, ndiri kukuudzai, vakava nayo nenzira yepamusoro-soro. Vanoipa nenzira yekushandisa pfungwa, nezvivakwa zvakakura kwazvo, nenhumbi dzakanaka, votaridzika saanamwari vatsvene, vevaprisita nezvimwe zvese.

³¹³ Vangani vakanzwa chapupu chekamusisita kaya chichangobva kubuda? Munacho pano here? Ndinoda kuti chiridzwe mamwe manheru eChitatu pano pachechi, uye munhu wose pano anofanira kuva nechapupu ichocho. Mumwe wavo akanditevera kwenguva refu. Maitiro avano. . .

³¹⁴ Ndakaenda zasi uko kuMexico, pachangu, ndikanoona makomba iwayo elime, makomba umo vacheche vemasisita iwayo; vaprista iwayo pavanenge vaita navo, vana; umo mavaipisirwa mumakomba elime, nezvimwe zvakadaro. Ndizvo zvakaita kuti communism isimuke muMexico. Vakaparadza matakanana iwayo. Ndizvo zvakaita kuti communism igosimuka mhiri uko.

³¹⁵ Musambotya henyu communism. Mwari vari kushandisa communism. Handitende mairi. Ndeyadhiyabhore. Asi Mwari vanatora dhiyabhore vodzoka chaiko, sezvaVakaita Mambo Nebhukadhinezari, ndokuuya akatora Israeri. Maona? Hongu. Imi tarisai muone kana Bhaibheri risingazviratidze pachena. Rimwe remazuva ano tichapinda mairi. Mwari vakaimutsa chaizvo, kuti igotsivira vana vaMwari, pachipfeve chiya chekare. Ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri. Ehe. Rikati, "Vaizochipisa nemoto, uye chaizovika pamagumo ekuparara kwacho." Ndizvo chaizvo zvichaitika kwachiriwo, zvakare. Hechoka icho.

³¹⁶ Ndiyo yacho yakawira pamatombo, pachingova netuvhu tushomanini kusvika pekuti chinhu chacho hachina kuzokura. Yakafa. Zvino, hwaiva huchenjeri hwepamusoro-soro.

³¹⁷ Zvino dzimwe dzakawira pavhu remaProtestanti, asi, mushure mechinguva, huchenjeri hukuru hwemasangano makuru hwakadzivhunga, ndokuvhunga dzichibuditsa Mweya kunze. "Mazuva ezvishamiso akapfuura. Chiremba *Nhingi-nhingi* vakati *zvakati-zvakati*. Maona? Hakuna

chinhu chakadaro.” Zvakangokwana, hwakavhunga wese. Hwakavhunga wese chii? Hwakavhunga ndokubuditsa Mweya kunze, nokuda kwehuchenjeri. Maona?

318 Mweya Mutsvene wakaburuka mumazuva aMartin Luther. Mweya Mutsvene wakaburuka mumazuva aJohn Wesley. Mweya Mutsvene wakaburuka mumazuva echechi yekutanga yePentekosti. Asi masangano akaitei? Nehuchenjeri hwavo, vakaUvhunga uchibuda. Kuvhungira chii kunze? Mbeu. Mbeu chii? Shoko. “Harireve iZvozo. Rinoreva *izvi*, apo.” Maona? Vanoriita . . .

319 Zvino, varume vazhinji vane moyo yakatendeseka vevashumiri ivavo, ndakasangana navo, ndikagara pasi ndokutaura navo, kunyangwe panyaya yerubhabhatidzo nezvinhu zvakawanda. Ndakakumbira chero munhu upi zvake kuti auye, kuti tizvikurukure. Vakati, “Hama Branham, kana tikaita izvozo, chechi yedu yaizotidzinga.”

320 Ndakati, “Ani? Ndiani akanyanya kukosha kwamuri, Shoko raMwari kana chechi yenyu?” Hamufe makaenderera mberi, muguruva iroro resangano. Maona? Maona? Zvakanaka. Kana rikaramba Shoko, rinokanganisa. Maona? Zvinoratidza kuti huchenjeri hwakagadzirwa nevanhu.

321 Zvino, maProtestanti akavhungwa. Hwakavhunga Mweya kubva mavari, pavakatanga kutora huchenjeri pachinzvimbo chekutenda muShoko; huchenjeri huri musangano, huchenjeri hwesangano pachinzvimbo chekutenda muShoko. Vese vari kuzvinzwisisa, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Maona? Kutenda mune izvo bo—izvo boka revarume, veMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, maPentekosti, veEvhangeri, uye vose vakaungana pamwe chete. Uye munguva pfupi vachagadzira mubatanidzwa wechechi, unozova “mufananidzo wechikara.” Zvino achava nesimba rimwe chetero munyika ino, Zvakazarurwa 13:11, ravaiva naro neche uko; uye achaita kuti vatsvene vatambudzwe, sezvavakaita pakutanga, ke—kereke yeRoma. Maona? Ndiko kwazviri kunanga iko zvino.

322 Uye ndosaka Shoko riri kudyarwa iko zvino, kwese hako, “Garirai kure nazvo. Budai mazviri.” Maona?

323 Zvino, huchenjeri hwakazvihunga. Huchenjeri hwavo pachavo hunodzipa Mweya Mutsvene kubva pavari. Regai ndizviratidze kwamuri, muBhaibheri, Zvakazarurwa, chitsauko 3; umo matichangobva kupedza mazera ekereke. Jesu akanga adzipwa kubva muChechi yaKe, uye akanga ari kunze; achiedza kugogodza pamusuwo, kuti adzokere mukati. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti] Uh-huh. Ndizvo chaizvo zvaRakataura, “Nd mire pamukova ndichigogodza. Kana ani zvake akanzwa nyota, kana akangoNditendera kuti ndipinde, Ndinouya.” Asi hapana akavhura musuwo. Maona?

VakaMubuditsa kunze. Chaiva chii? Vakanga vaine... Mbeu yakawira pavari. Maona? Maona?

³²⁴ Asi dzimwe dzakawira mumupata wekutambudzwa. Dzimwe mbeu dzakaenda mumupata wekutambudzwa. Zvino, mumupata ndimo maunowana mvura, ivhu rakanakisisa racho. Kana ukatora mumwe munhu akanyatsorohwa kusvika dzidziso yebhaibheri yose yarohwa kubva maari, yakasekwa kubva maari, akanyombwa, paanenge akapfudzwa nemuzvigayo zvikagaya zvose kubva maari, kusvikira simbi yacho yagadzirira kuti ishande, unoona ipapo kuti pane hunyoro ipapo. Ndizvozvo. Mumupata, muchinda iyeye akarasiwa mumupata, ndokudzingwa musangano rake. Iye ari “zasi mumarabu,” vanoadaidza kudaro. Maona? Kwete marabu, asi “mupata,” tinodzidziswa kudaro. Zasi mumupata, munoziva, ndimo munokura ruva reHapa, zvakare, munoziva. Uh-huh. Uh-huh. Ndizvozvo, munoona, “Mumupata.” Zvakanaka. Dzimwe dzakawira mumupata wokutambudzwa, miyedzo yakaomarara. Dzimwe Mbeu dzacho dzakawira imomo, mupata wekutambudzwa, miyedzo yakaomarara, nokudanwa zvese sezvakadanwa Hapa, “Bherizebhabhu,” ndokuitwa dambe naye.

³²⁵ Asi mumupata uyu mune nzizi dzemvura. Mapisarema 1, yakati, “Akaropafadzwa munhu.” Regai ndimboiverenga. Regai ndiratidze zviru mumupata uyu. Chii, Mapisarema... Ndafunga kuti handaizove nenguva, asi tichangotora nguva, munoona, kuverenga izvi, munoona, kuva neizvi pano. Tichaverenga izvi uye toona zviru munhu uyu zasi apa, ndiko kwaakatongodyarwa. Kana akadyarwa pa... kumusoro padombo regwenga rine guruva, pasina ivhu zvachose, kana kuti akadyarwa mumupata here? Zvakanaka.

Akakomborerwa munhu asingafambi panorangana, huchenjeri...

Ameni! Ameni! Ameni! Ameni!

...asingafambi panorangana vakaipa, ... asingamiri panzira yevatadzi, ... asingagari pachigaro nevanonyomba.

Asi mufaro wake uri mumurayiro waJEHOVHA, Shoko; uye mumurayiro, Shoko, anofungisisa masikati nousiku.

Zvino achava semuti wakasimwa panzizi dzemvura, ...

³²⁶ “Nzizi.” Chii ichocho? Zvipo 9 zvemweya. Nzizi dze “Mvura” imwe, Mweya mumwe. Mvura imwe, asi ichibva kune zvitubu 9 zvakasiyana, nzizi dzeMvura. Maona?

...nzizi dzemvura, unobereka michero yake, chibereko cheMweya, mumwaka wake; mashizha ake haasvavi; uye chinhu chipi nechipi chaanoita, chichaendeka.

327 Munooona, dzimwe dzakawira mumupata iwoyo imomo, umo mune nzizi idzi. Ndokuunza... Mazvicherechedza here? Ndinoda kutora chimwewozve chinhu. Chaiva chii chakaitwa? Yakawira pasi, murwizi...

328 Yakanga isina kungogadzikwa. Achaita semuti “wakagadzikwa, kushandurwa kubva pane *ichi* kuenda kune *icho*”? Aive aka “dyarwa.” Chii? Akafanotemerwa. Pfungwa iyoyo yaMwari, nyika isati yavambwa, yakamuisa ipapo. Maona? Kwete kungodzika, kwete nemasanga; asi “akadyarwa,” kufanotemerwa (chii?) kunzizi dzeMvura. Oo!

329 “Mudzi wake haungasvavi.” Oo, hareruya! “Kunyange akafa, Ndichamumutsazve nezuva rekupedzisira.” Ndizvozvo.

330 Akafanotemerwa kuti avePo, kwete nemasanga chete. Akafanotemerwa kuti abate Shoko iroro paRakadyarwa. Uye achange ari ipapo chaipo. Painodzimikirwa, anenge aripo. Akadyarwa, kwete kungodzimikirwa. Akatonyatsodyarwa chaizvo. Ndizvozvo. Zvakasiyana zvikuru: kudzimikira chimuti muvhu, pane kudyara chimwe chinhu. Zvakasiyana. Mbeu yacho yakadyarwa; Yakawana maburi aYo emidzi. Mvura payakatanga kupinda ichizadza Hupenyu hwayo, Mweya, yakabva yatanga kuti...

Unoti, “Pane zvipo 9 zvemweya.”

Akati, “Ameni.”

“Jesu, mumwe chete zuro nokusingaperi.”

“Ameni.”

“Achiri kupodza sezvaAgara achiita.”

“Ameni. Ameni. Ameni.” Maona?

331 Akadyarwa panzizi, nzizi dzinobva kumativi ose, nzizi dzeMvura. Ndosaka asingasvave. Ndosaka, akadyarwa. Dzimwe dzeMbeu idzodzo dzakawira ikoko. Haakwanise kufa. Urimo chaimo muhova yeHupenyu. Unoramba uchibereka. Ndizvozvo. Uri kukweva Hupenyu hwawo kubva munzizi idzodzo, “nzizi,” Testamende Itsva, Testamende Yekare. Ameni. Uchingopihwa zvokudya, zvichienda zvakadaro! Oo, hama!

UchaMuda here? Ameni!

UchaMurumbidza here? Ameni!

UchaMunamata here? Ameni!

Ameni! Ameni!

332 Hongu, changamire. Hongu, changamire. Oo, ndinozvida izvozvo, hamuzvidewo here? Hongu.

...unobereka yake, *unobereka michero* yake
mumwaka wake...

333 Genesi 1:11. “Kubereka zvibereko zvake.” Zvibereko zvipi? Zvibereko zvechii? Zvibereko zvaKe. Zvibereko zvipi? Zvibereko zvaKe Iye. Muchero upi? Bhaibheri. Maona? Rose zvaRo zviri

pano. Muchero, rudo, rwuri muno muBhaibheri. Mufaro, muno muBhaibheri. Simba, Mweya Mutsvene, zvinhu zvose izvi pano, kupodza kwaMwari, vimbiso dzaMwari, ndizvo zvibereko. *Herinoi* iRi. Uye kana akadyarwa mune iRi, izvi zvakadyarwa mumhando cha—chaiyo yevhu, mukutenda. Kutenda kunoitei? Kutenda kunotanga kuRikudza.

Ameni!

Kunotanga kuukwidza mudenga. Maona? Ndizvozvo; kuukwidza mudenga. Chokwadi. “Achaita semuti wakadyarwa pamvura zhinji; unobereka zvibereko zvake mumwaka wacho.”

³³⁴ Zvino, uchabereka mhandoi yemuchero? Johane 14:11, Johane 14:11, Akati, Jesu akati, “Uyo,” Ndinotenda kuti 14:12, “Uyo,” Jesu akati, “uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo.” Sei? Shoko rimwe chetero riri maari. Akanga ari Shoko. Ndizvo here? “Uye kana muchigara maNdiri, uye Mashoko aNgu ari mamuri, kumbirai chero chamunoda.”

³³⁵ Ndaitaura naHama Evans kumashure uko, nguva shoma yapfuura. Vakauya pano. Vanotyaira kubva kure chaizvo! Vakarasikirwa nemotokari yavo. Vakagara uko kwaMiller, ndokusiya kiyi iri mairi, mumwe munhu akauya ndokuiba. Vakanga vaine zvose zvavaiva nazvo, mairi. Vakauya. Ivo, ivo naHama Fred, naHama Tom, vamwe vavo, vakauya kumba. Ndokuti...Zvino, vaitaridzika semwana mudiki atorerwa chihwitsi chake; ivo, changoita zvekubvutwa, munoziva. Vakati, “Handitongoziva kuti ndichaita sei.” Ndakati, “Saka, . . .”

³³⁶ Zvino chii? Zvino, vari kuuya, ndechipi chinhu chekutanga kuita? KuShoko; kubvunza Baba. “Kana muchigara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri, kumbirai chamunoda.” Chii? Garai neShoko, ingyatsogara neShoko.

³³⁷ Ndakati, “Ngatinamatei.” Takapfugama pasi, ndokutanga, kunamata.

³³⁸ Uye tiri ipapo, tainamata, ndakati, “Baba, ndinouya kwaMuri, muZita raIshe Jesu. Heino hama inopedza, inoshanda mazuva mashoma pavhiki. Maoko avo, akakuvara-kuvara, kubva pakugadzira motokari dzakaita tsaona nezvimwe zvakadaro, kuti wavane mari inokakwana kuti vagotyaira makiromita 2,253 kusvika 2,414 Svondo yega-yega, kuuya kumisangano iyi. Vane boka revana vekupa zvekudya. Zvinovatorera mari inenge, madhora 50 kana 75 pavhiki, kuita rwendo irworwo, kuti vangouya kuchechi. Maona? Ndizvozvo. Vakauya kumusoro kuno, vachiedza kuti vanzwe Shoko, patiri kuedza kushingaira kuRirwira.” Zvino ndakati, “Zvino, mumwe munhu akaipa aba motokari yavo.” Ko Chaive chii ichocho? Ndakati, “Zvino, Ishe, ndinoKukumbirai, vadzoseriwo motokari yavo, muZita raJesu Kristu.”

³³⁹ Chii chandakaita? Ndakaisa Shoko iroro, vimbiso iyoyo, pamberi paMwari, ndikaRisimbisa neZita raJesu, ndokutumira

Shoko. Rakaenda richidzika nemugwagwa, kure-kure kunze uko, ndokuwana nzvimbo parakatangira; sembwa yekuvhima iri mugwara retsuro. Maona? Hero Ndokuuya, richidzika chaimo mumugwagwa, richihon'a. Ndokudzika zasi ikoko, pangangoita pakati nepakati kuenda kuBowling Green, Kentucky. Chii chakaitika? Iro Shoko rakamuwana.

³⁴⁰ Pakare ipapo chiratidzo chakabhedhenuka. Ndakaona murume, akapfeka shati yeyero, achityaira, muchinda wechidiki, akambova Mukristu imwe nguva. Shoko Rakamurova. "Uri kuita zvakaipa." Shoko rakamubata. Vakatumira Shoko raVo, munoona, munoona, ndokumubata. "Uchabatwa mazviri, rimwe zuva, uye mutemo uchakuwana nekuda kwekuita izvi. Komuka hako unoidzosera." Shoko Rakamubata. Akambova Mukristu pane imwe nguva. Ndakamuona achiuya nayo kumusoro kuno, ndokuipaka padivi penzira.

³⁴¹ Ndakati, "Zvino, hama, chingobudai, neimwe nzira *apa*, muchawana motokari yenyu. Mirai pano kwechinguva, hazvo, kusvikira aidzosa. Zvino, manga muine tangi rakazara nepeturu?"

"Hongu," vakadaro.

³⁴² Ndakati, "Hapasi kuzova nechinhu chavhiringidzwa. Asi pachava nepeturu iyoyo iri muhafu, nekuti zvatora hafu yayo, kuti ifambe. Aive pakati nepakati pekuenda kuBowling Green, angaita—angaita makiromita 161 afambwa."

³⁴³ Pavakaiwana, ndiwo mapakirwo ayainge yakaita, iwayo chaiwo. Chaiva chii? Shoko rakaenda rikanomubata.

³⁴⁴ Vakadzoka ndokuti, pasina nguva refu mushure maizvozvo, mumwe murume akatenga motokari kwavari. Akanzvenga zvino haana kuibhadhara. Maona? Vakati, "Hama Branham . . ."

³⁴⁵ Ndakafunga, "Murume uyu anonzvisa hurombo!" Akanga aine chikwereti chavo chemadhora 400. Ndakati, "Ndinonamata." Ndakatumira Shoko. Shoko rakaenda, rikapinda munzira yake, rikamuwana.

³⁴⁶ Pacho, patakaenda kunotsvaga murume uyu. Iye, asina kumbova Mukristu, munoona, akadaro—akadaro . . . Akaseka. Vakamukumbira, kuti aende kucheche, imwe nguva. Akati, "Zvino, muparidzi paanenge achiparidza, ndinenge ndichitsvaga hangu vane vhudzi rakachenuruka vakanaka." Saka, munoona, haugone kuwana . . . Ehe. Ndiye—ndiye—ndiye dhiyabhore iyeye, ndiye, munoona. Saka Shoko harina kugona kubata paari.

³⁴⁷ Ko Shoko rakaitei? Rakaramba rakamurinda. Maona? Usango . . . Hama Welch vakaramba vakabatirira, ndokuti, "Zvichanaka. Zvichanaka." Shoko rikamutevera. Maona?

“Kana muchigara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri, kumbirai chamunoda.” Maona? Shoko rakamutevera.

348 Chekutanga munoziva, mumwe wevakomana vake aityaira, zasi kuno mumugwagwa, zvino hapo payaive. Vakaona murume ari mumotokari, ndokutora nhamba yake, vakakomuka, vakatena vachipinda, kwaHama Wood. Vakaifonera, ndokutsvaga kwayaive. Aive muBowling Green.

349 Mwari vari Kudenga vanoziva, handina kana shoko rimwe zvaro randakambonzwa nezvazvo, hapana chandaiziva nezvazvo.

350 Svondo yapfuura, raive vhiki rakapfuura, masikati, patakapedza kuparidza pano, ndakaendako ndikachinja mbatya dzangu, ndokugadzirira kuenda kuFlorida, kune... kana zasi...Hama Welch, kumusangano manheru iwayo anotevera. Pandakapinda mumotokari, ndakaona murume iyeye. Ndakati, “Hama Welch...” Ndaisakwanisa kuvaudza, zvino. Vaitofanira kutora danho racho, pachavo, munoona, zsvakangaita Meda akatozoita sarudzo yake ipapo. Maona? Ndakati, “Tiri kupfuura nemuBowling Green.”

Vakati, “Iwayo angangoita makiromita 48 kubva munzira.”

351 Takaenderera mberi ndokudzika nemugwagwa. Ndakafunga, “Oo, ivo—ivo, vacha—vachazvibata. Maona? Vachazvibata. Maona? Vanotongofanira kuzvibata.”

352 Takaenda zasi. Hanzvadzi Evans neni... Zvino mushure mechinguva, hama yakati, “Munoziva, Hama Branham,” vakati, “ndanga ndakaoma musoro kudaro?” Vakati, “Mataura kuti Bowling Green, nguva shoma yapfuura.”

“Ehe.”

353 Vakati, “Munoziva here murume uya ane mari yangu, akatiza nayo?”

“Hongu.”

354 Vakati, “Ari muBowling Green. Ndanga ndichifunga nezvazvo. Kungoti...Ndine chinhu chandinacho pano. Ndichanochidorera, ndomutsvaga kwaari. Zvino ndichanodzorerera...” Ndakati...

355 Ndakati, “Maizoitei? Maizoendako here zasi uko, monotora mari yenyu?”

356 Zvino, munoona, kana ndikavaudza, zvino...Munoona, vane chimwe chinhu chavanofanira kuita, ivo pachavo. Maona? Vane chimwe chinhu chekuti vaite. Handaikwanisa kuvaudza. Dai ndakadaro, zvaizoputsa chiratidzo chacho ipapo. Maona? Saka ndakatorega...Maona? Sekungo...

357 Sei Jesu akamirapo, ndokuti kuna Maria naMarita, “Imi bvisai dombo?” Handiti, Akanga ari Mwari. Aigona kuti,

“Dombo, ibvapo,” zvino raisazombovepo. Asi aivawo nechimwe chinhu chekuita.

358 Sei Akamira ipapo, ndokutarisa gohwo? Munotenda here kuti Aiva Ishe wegoho? Akati kuvadzidzi vaKe, “Imi kumbirai Ishe wegohwo, kuti Atumire vabati mugoho raKe.” Nenamwe mashoko, “Imi Ndikumbirei zvacho zvaNdiri kuzoita.” Maona?

359 Tiri shamwari. Tiri—tiri. . . IChechi. Tine chimwe chinhu chekuita, isu pachedu. Une chimwe chinhu chekuita. Herino Vhangeri, ndinoRiziva, asi kana mukagara pano musingaRiparidze, Richabatsirei? Maona? Une chimwe chinhu chekuita. Unofanira kuitawo chimwe chinhu. Unofanira. . . Unoti, “Zvino, ndinotenda kuti Mwari vanogona kupodza, asi handitongozivi.” Simuka urege Shoko iroto rive shoko rako. Ritende. UsaRishandisira pfungwa; ingoRitenda.

360 Ndakati, “Zvinoka. . .” Ndaiziva, kuti vakasaenda, vaizorasikirwa nayo. Ndakati, “Dai ndaiva ini, dai ndaiva ini, ndaienda kunotora mari yangu izvozvi.” Zvino vakabva vazviita. Pavakamutsa murume uyu kubva pamubhedha, aiva neimwe mari. Akangodana kumuvakidzani wake, ndokuwana imwe yacho yese, ndokuibhadhara yose.

361 Chii ichocho? IShoko. Munona, kana Rikakwanisa kuwana nzvimbo yacho, Rinogona kutena. Zvino, zvimwe chete nekupodza kwaMwari.

362 Zvino, ko dai Hama Welch vakati, “Manje, handifunge kuti ndichadzika ikoko; ndofunga regai ndingoenda neimwe nzira.” Ko kana muchinda iyeye akati, “Zvino, handisi kuenda ikoko kusina motokari iyoyo”? Maona? Hazvizoitika.

363 Asi unofanira kutenda. Unofanira kuzvitenda. Uye ndizvo. . . Zvino izvozvo zvinowira muhupo hwekutenda, uye zvinofanirwa kuzvibereka. Zvinotongofanira kudaro. Oo, ndizvo. . .

364 Makambofunga here nezvekuti, kana mumwe munhu amutswa kubva kuvakafa, chii chinoitika? Makambofunga here, kuFinland ikoko, nguva iya yakamutswa mukomana mudiki uya kubva kuvakafa? Mweya wake wakanga wabuda maari. Zvino, Shoko rinofanira kubuda, nemuchadenga chisingagumi, rononhonga mweya muduku iwoyo roudzosa. Ko Ringazviita sei? IShoko, “Kupodza vanorwara. Kumutsa vakafa.” Maona? Ko Vachazviita sei? Zvinofanira kuuya neShoko rakadiridzwa. Vakanga varatidza chiratidzo, uye chinofanira kuitika. Hapoka painge parere mukomana wacho. Hezvoka zvinhu zvose zviripo sematauriro aVakazviita chaiwo, makore 2 aive apfuura. Zvino hoyoka uyo arerepo. Ndicho chikonzero ndichitaura nezve chitsere chichidzika chikomo, chero zvachaiva: zvinofanira kuitika, zvinotongofanira kuva saizvozvo. Maona? Chii chaRakaita? Shoko!

³⁶⁵ Ndakati, “Baba veKudenga, munyika yedu yekumusha, Makataura kwandiri, makore 2 akapfuura, kuti mukomana mudiki uyu aizomuka kubva kuvakafa. Naizvozvo, pamusoro pehwaro hweShoko reNyu, vimbiso yeNyu. Chekutanga, Shoko rakati, ‘Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.’ Makatumira vadzidzi veNyu mberi, Imi, ndokuvaudza kuti ‘vapodze vanorwara, vamutse vakafa, vadzinge madhimoni.’ Zvino, nechiratidzo, Makandiratidza munyika yedu yekumusha kuti mukomana mudiki uyu ari...akanga achizodzoka kuhupenyu zvakare.”

³⁶⁶ “Naizvozvo, rufu, hauchagona kumubata zvakare. Ndine Shoko raJehovha.”

³⁶⁷ Kwete ini; ini handisi Shoko. Ivo ndivo Shoko. Maona? Dai ndaiva Shoko...Pane Munhu Mumwe chete aigona kungova Shoko, ndiJesu. Akanga ari Shoko raMwari rakataurwa, kubudikidza nekuberekwa nemhandara. Ini ndiri chakatsveyamiswa, munoono, ndiri—ndiri chibereko chemubatanidzwa pakati pababa vangu naamai. *Uyu* unofanira kufa; ndini *uyo*, munoono, mutumbi unofanira kufa.

³⁶⁸ Zvakanga zvisina kudaro, naJesu. Akanga ari Shoko. Akazvarwa, nemhandara. Hama, hapana mudzimai, murume, kana chimwewo chinhu, chaive nechokuita naYe. Mudzimai ndiye akanga ari chirindiro, ndizvozvo, uye Akayamwa pazamu rake, nezvimwe zvakadaro. Zvingava chokwadi pamusoro pazvo. Asi, regai ndikuudzei, Aiva Mwari. Ndizvo zvaAkanga Ari. Pakanga pasina kusangana pabonde pazviri, zvachose. Aifanira kusununguka kubva pane zvekusangana pabonde, kuti abereke Hupenyu kubudikidza neRopa iroro; sezvachasvika kwazviri, mumaminetsi mashoma. Uye zvakare, tarisai, Akanga ari Shoko.

³⁶⁹ “Asi Shoko raShe...” Vaporofita vakanga vasiri Shoko. “Asi Shoko raShe rakauya *kuvaprofita*.” Kwete...Vakanga vasiri Shoko. Shoko rakauya *kwavari*.

³⁷⁰ Ndiyo nzira yaRinozviita kwatiri nhasi. Shoko parakauya kune kamukomana kaye, chaiva chii? Chiratidzo. Chaiva chii pane chitsere chiya? Chaive chii kune zvimwe zvinhu zvose izvi? Zvose, chiratidzo. IShoko raShe, rakauya kwaari. Zvino rinoitei? Rinobata ipapo.

³⁷¹ Zvino, zvinofanira kutaurwa, kutanga. “Rufu, mudzosere. MuZita raJesu Kristu, ndinotumira Shoko iroro.” Ronobata, sekubata kwaRakaita mukomana uya achidzika zasi kuno kuBowling Green, aine motokari iya yakabiwa. Herino Richienda neche *kuno* ronobata zvakare. Chii chaRinoita? Rinobata mweya mudiki iwoyo—iwoyo, roudzosa pano chaipo, rouunza uri mumutumbi, sezvakangotaurwa neShoko kuti Raizoita. Hezvoka izvo. Chii chinoita izvozvo? Kutenda, kwete zivo.

372 Unoti, “Zvino ngationei. Mhepo inogadzirwa *nechakati-chakati*. Kune asidhi yakawanda kudai. Kune gasi rakawanda kudai. Kune chiedza chemuchadenga chakawanda zvakadai. Ndinogona kuzvinzwisisa. Uye pamwe kana ini. . .” Oo, muri—muri. . . Muri kutambisa nguva.

373 Kwete huchenjeri; kutenda! Kwete huchenjeri; huchakuudza kuti izvozvo hazvigone kuitwa. Kutenda kunoratidza kuti zvinoitwa, munoono, ndizvozvo, zvinoratidza kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvakanaka.

Ngatikurumidzei zvino. Tinofanira kukurumidza.

374 “Anobereka zvbereko zverudzi rwaKe.” Johane 14 inotaura, kuti, “Uyo anoita aNgu. . . Uyo anotenda maNdiri, mabasa, zviratidzo zvaNdinoita. . .”

Zvino, unoti, “Ndizvo zviratidzo zvaAnoita here?”

375 Akapinda mumba umo musikana muduku, mwanasikana mumwe woga wemumwe mushumiri, akanga avete; akafa, akatonhora, acheneruka, atoradzikwa hake. Aigona kunge anga atofa maawa mashoma Asati asvikako. Vakamuradzika pasofa duku, vachigadzirira kumutora, vonomuisa mishonga yezvitunha. Jesu anobva apinda mukamuri macho maakanga ari, saizvozvo. Vaiungudza nekuchema saizvozvo. Akavabuditsa vose panze, ndokuti, “Budai muno. Budai.” Akati, “Huyai pano, Petro, Jakobho, naJohane. Ndinoziva kuti munotenda.” Akati kuna baba vacho, “Iwe wakatenda, kana kuti ungadai usina kutombouya kuzoNditsvaga.”

Amai vacho ndokuti, “Ishe, ndinotenda.” Maona?

Akati, “Mirai pano.”

376 Akatarisa. Kunze uko kwakamira kasikana kaduku—kaduku. Akati, “Tarita,” kureva kuti, “musikana.” Hareruya! Haaisungirwa kuti anamate. Aiva Shoko. Uh-huh.

377 Handisungirwe kuti ndinamate, kana ndikakwanisa kuona chiratidzo, nokuti Shoko ratogadzirirwa kare. Ndinofanira kunamata, kuti ndiwane Shoko, ndiwane zvinotaurwa naMwari. Zvadaro ndinogona kuZviture, mushure mekunge ndawana zvaVature.

378 Asi Aiva Shoko. Ameni. “Musikana, Ndinoti kwauri, muka.” Ndokumusimudza, neruoko. Ndizvozvo. Maona? Oo, ini zvangu!

379 Ndiko kuratidzwa. “Inobereka zverudzi rwayo.” Jesu akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo.”

380 Saka, izvi, munoono, zvinhu zvose izvi zvemasangano nezvimwe, vane zvinhu zvakadaro mumurwi wematope nechivi, sezvakangoita chizvaro chenyika chine zvisikwa. Ndizvozvo. Oo, ini zvangu! Zvingaitika sei? Shoko raMwari rechokwadi ringakura sei pabvudzi rakagerwa, vanopfeka zvikabudura, vanoputa fodya, vanoenda kunotambwa bowling,

vanojoinha chechi? Ringazviita sei, apo mhomho yevanhu vanoda, nekutsvaka mafaro vakadaro, vonobuda kunotandara uye vachida zvinhu zvakaita saizvozvo, uye nekuda nyika? Rudo rwaMwari rwungapinda sei? Ko Mbeu yaMwari ingamera sei muivhu rakadaro? Haizomboiti midzi. Haifi yakaunza Hupenyu kwairi. Ichagarapo pamatombo iwayo akare esangano ane huruva yozooro, asi haizombobereka Hupenyu. Hongu, changamire. Hongu, changamire.

³⁸¹ Vanotsvaka mafaro, “Vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari.” Zvinotyisa! Asi zvakadaro, vakatesva njere. Vakatesva njere zvakapetwa kaviri se—serimwe boka racho. Chokwadi. Vakatesva njere, vakadzidza, vanotsvaka huchenjeri, sezvakanga zvakaita Evha, uye vakawana chihero chimwe chete chaakawana, chaizvo-izvo. Ichokwadi ichocho.

³⁸² Ko hapa raigona kurarama sei, Mbeu yehapa kurarama nokukura, iro richibudirira pamvura, rokura mune rimwe remasangano iwayo ane huruva? Ko ringazvigona sei, iro richibudirira paMvura. Mvura ndiyo Mweya. “Vane chimiro chehumwari, asi vachiramba simba reMweya.” Maona? Kunyangwe Shoko rikawira pamusoro pavo, haRigoni kukura. Harikwanise kukura. Sezvakanogaita Shoko pana Evha, asi haRina kukwanisa kukura. Sei? Akagamuchira huchenjeri, huchenjeri hwaSatani. Shoko rinouya kwavari. Shoko rinowira pamusoro pavo. Chokwadi, Rinozviita. Hongu, changamire. Rinokura. . . Iro, Richawira pamusoro pavo. Vanogona kunzwa Shoko richiparidzwa.

³⁸³ Wakamboona here vanhu vakagara muchechi, havazombofa vakatsukunyuka? Unoparidzira vakadzi nezvebvudzi rakagerwa; gore negore, rinopfura, vachiri nebvudzi rakagerwa. Unotaura nevarume nezvekuputa, vakadzi nezvekuwira doro; vanongoenderera mberi chaiko nekunwa, zvimwe chetezvo. Sekungodira mvura kumusana kwedhadha. Haina nzvimbo yekukura. Maona? Ndivo vaye vekare vanotsvaka mafaro, mukurumbira, “Asika, regai vamwe vakadzi vese vatange vazviita, ini ndozozviita.” Handina basa nezvavanoita. Ibaso rako kutevera Shoko raMwari. Ndizvozvo. Maona?

³⁸⁴ Kunyangwe Shoko rikawira pamusoro pavo, haRigoni kukura. Huchenjeri hwaSatani, munoono, saka hunobva hwava guruva resangano. Havagoni kutenda muna VaHebheru 13:8, vose vakazvitutumadza nehuchenjeri, pasina pokuti iRo riwane mekururira. Maona? Vangatenda sei VaHebheru 13:8, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi”? Havangakwanisa kuzviita. Maona?

³⁸⁵ Oo, vanoti vanoZvitenda. Oo, unovaudza Izvozvo, vanoti, “Chokwadi, tinoZvitenda.” Saka chindiridzwa zvbereko zvacho. Ngandizvione. Ngandizvione zvichiitwa. Ngandione

chechi yauri kuparidzira kwairi, ichiita zvakaita muChechi yekutanga yechiapostora ipapo, yakatenda Shoko.

³⁸⁶ Munomonyorora rubhabhatidzo rwenyu. Munomonyorora zviratidzo zvenyu. Munoita kuti zvikwane pane imwe mhando yechitendwa; pachinzvimbo chekutora Shoko, morega Shoko richibereka chibereko chaRo pacharo. Munoita imwe mhando yechimwe chinhu chamunofanira kuita, kuti chikuunzirei humbowo hwaRo. Zvino Satani anogona kududzira humbowo hwese hwaunoda kuburitsa. Chokwadi, anogona, zvirokwasvo anogona. Asi haakwanise kuburitsa Shoko. Ndicho chimwe chinhu chinomupisa. Haatongogoni kuita izvozvo. Hongu, changamire. Oo, ehe.

³⁸⁷ Zvino tarisai Kaini naAbheri. Vese vari vaviri vaiva vakaperera. Kaini akatora, nehuchenjeri hwake, achitevedzera chechi yaiva amai vake, Evha. Ndivo vaive amai vake. Vangani vanoiva kuti Evha aive amai vaKaini? Chokwadi. Zvakanaka. Saamai vake, akatora kushandisa njere, munoona, huchenjeri, huchenjeri hwake iye. Chibayiro chakanaka; aiva nemaruva. Aiva nezvibereko zvemumunda. Akati, “Manjeka, zvino, chokwadi, munoona,” akati, “Mwari...” Zvaive zvakangoita sezvakataurwa naSatani kuna—kuna Evha, “Zvirokwasvo, zvirokwasvo...” “Zvirokwasvo Mwari vachagamuchira chibayiro changu. Ndakavaka artari yakanaka. Ndinayo yakanaka kwazvo. Yakashongedzwa kwazvo.”

³⁸⁸ Sezvichange zviri Esta ino, vachashandisa mamiriyoni emadhora, munyika yose, kuisa maruva eEsta pane mamwe maartari. Artari haina kugadzirirwa maruva; ndeyechipiriso. Maona? Zvinongoratidza mweya mumwe chete iwoyo wekare waKaini, munoona, dhiyabhore mumwe chete wekare—wekare wemuEdheni. Maona?

³⁸⁹ Chii—chii chakaitika? Kaini akafunga, “Chokwadi...” Munoziva murume yu akanga akaperera, nokuti zvaireva Hupenyu kana rufu, kwaari.

³⁹⁰ Uye, vanhu ivavo, musafunge kuti vanyengeri. Vakaperera. Munoti, “Zvino, vanogona kunge vakaperera uye vachiita zvisiri izvo?” Chokwadi. Munhu anogona kutora chepfu yearsenic, achifunga akaperera kuti ari kutora mafuta epfuta kana chimwe chinhu, chimwewo chinhu. Maona? Akaperera; hakisiko kunozviita. Ichokwadi, kwete kuperera. Chokwadi!

³⁹¹ Madzimai iwayo mhiri uko kuAfrica, vanopirisa vana vavo vaduku kuna vanamwari, makarwe. Makaperera kusvika ipapo here imi? Kwete. Vangani vavo vanomira, iwo maChaina, vanotyora mapfupa avo, kuna vanamwari vemukicheni! Uye ko vanaMohamedhi nevari kumusoro uko, nevanofamba mumoto? Uye voisa zvinhu, oo, voisa zviredzo munyama, mumiro mo yavo, uye vosona miromo yavo.

392 Uye vamwe vavo vanoisa chimuti...Ndine chivezwa kumusoro uko, kamufananidzo kadiki, mapirisiro aanoita kuna mwari wake, achifunga kuti achaenda Kudenga. Muprista anoisa chimuti mumuromo make, ochimonera mumusoro make, nengetani; odzika, oisa maoko ake shure kwake, osunga tsoka dzake necheni. Haakwanise kunwa, kutaura, kudya, kana chimwe chinhu, kusvikira afa.

393 Munomboonawo chero Makristu api zvawo achizvipira zvakadaro? Hautotendi kunyangwe Chokwadi chaicho, Shoko. Maona?

394 Zvino, “Runako,” akati, “chokwadi Mwari vachagamuchira. Tarisai kunaka kwakaita artari yangu.”

395 Munoono here mweya mumwe chete iwoyo nhasi, wehuchenjeri? “Zvinoka, kana tikavaka sangano guru iri, chokwadi Mwari vachatigamuchira.” Hapana chimwe chavanogamuchira kunze kweShoko raVo. Kwete. Maona?

396 “Zvino,” vanoti, “zvino, tarisai, Hama Branham, kana isu—kana tikaburitsa vashumiri vakawanda *kudai* gore negore. Chirongwa chedu chemamishinari, gore rakapfuura, chakadarika madhora 100,000.” Zvinogona kunge zvakanaka zvikuru, hama, asi wakafa kusvikira wabvuma Shoko iroro uye wouya kwaRiri. Ndizvo chaizvo.

397 “Handiti, Hama Branham, chechi yedu! Munofunga kuti mumbori aniko, imi mune pfungwa dzakapata zasi uko?”

398 Ichokwadi. Zvino, ndizvozvo chaizvo. Ichokwadi. Asi, zvingavei zvandiri, regai ndigare neShoko iroro. Richakura kuva chimwe chinhu, rimwe zuva. Maona? Ingogara neShoko iroro, zvisinei kuti chii. Hatina chimwe kunze kwetabhenakeri diki ino iri pano. Ndizvo chete zvatinoda, panguva ino chaiyo, nzvimbo yepokungogara, nekuti tiri kutarisira kuti Jesu auye.

399 Hatidi sangano guru kwazvo rokuti tishandise mamiriyoni gore negore, pazvivakwa nezvimwe zvakadaro; uye nevanhu vari kuedza kuparidza Shoko, vachitambura kunze uko, vasina kana chekudya, nezvimwe zvakadaro. Dambudziko revanhu nderei? Handizvo. . . Oo, zvinoita sekuti vanhu vanogona kupepuka.

400 Asi, chero ani zvake anogona kugamuchira Chikatorike, anogona kuva nehupofu hwakakwana kuti agamuchire chero chinhu. Ndinokuudzai Chokwadi. Chero ani zvake anorega zvakadaro zvichidzika nepahuro pavo, vanogona—vanogona. . . “Varume vakachenjera,” ndosaka, Bhaibheri rakati, “kunyange madzimambo enyika akaita hupombwe naro.” Uye varume vakachenjera, zivo, munoono, uye vanozviita, vaprisita ivavo, varume vakangwara. Oo, varume, munotaura pamusoro pekudzidza? Vakomana, vanofanira kuva nemakore, nemakore, nemakore, mushure memakore.

⁴⁰¹ Vanoti havarare nemasisita iwayo. Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Sei vasingazova ngavi zvino? Uh-huh. Uh-huh. Uh-huh. “Ndivo Mwenga, ivo ikoko. Masisita ndiwo Mwenga. Uye uyu ndiye Chikomba, honguka, munoono.” Ndizvozvo. Mother Superior ndivo vanodzipa vacheche vovaisa mugomba relime. Hamuzvitende izvozvo? Teerera! kuna iye wacho chaiye, akanga arimo imomo, achipupura nezvazvo. Achiti, “Zvino huyai, mutemo ngaundisunge.”

⁴⁰² Uye akati, “Tichaita zvimwe chetezvo zvavakaita kuRussia, zvimwe chete zvakaitwa kuMexico. Tichanyatsovhura chinhu ichocho kuti bhene’ene, kana chasvika kuhurumende.”

⁴⁰³ Asi muchazviita sei zvino isu tatova nemusoro wacho imo muhurumende macho? Maona? Maona? Ndiro Shoko iroro rinofanira kuzadziswa, “Vakaronga chimufananidzo neche kuno, kuchikara chiya chakagara ipapo. Uye vose vakakurukura pamwe chete uye vakapa simba kuchikara ichi, kuti chitaure.” Oo, hama, Shoko iroro richamira ipapo. Kwete kuti communism ichatora masimba, asi chiRoma ndicho chichadaro. Uh-huh.

⁴⁰⁴ Zvino tarisai apa pane izvi. Kaini akati, “Zvirokwazvo Vachagamuchira chibayiro changu.” Asi mhando ipi? Akati “Ndakaita chibayiro.” Asi chaiva chibayiro cherudzii? Hupenyu hwezvinomera: zvirimwa, maruva, miriwo. Hupenyu hwezvinomera, (chii?) hapana kutambudzika kwazviri, hapana murango.

⁴⁰⁵ Vanhu havadi kutambudzika. Ndiro dambudziko nhasi. Vanouya, vanouya iko zvino votenda Shoko iri, kana vasiri kuzobuda muchechi yavo, kana vasiri kuzosekwa, nekuitwa dambe navo. Kwete. Vanoda hupenyu hwezvinomera, imwe mhando yehuchenjeri. “Zvinoka, hupenyu *huno* hwakangonaka seiHwohwo.” Hauna. Ndichakuratidzai kwazvinobva, muchinguvana, Ishe vachitendera.

Asi, “Abheri, nokutenda.” Girori!

⁴⁰⁶ Kaini, nehuchenjeri, akati, “Chokwadi Mwari vachagamuchira izvi. Heino artari. Ndine chechi.” Ndizvo zviri chechi iozvozvo, artari, nzvimbo yekunamatira. Zvakanaka. “Ndine artari. Ndichanamata ndakangoperera sehama yangu. Uye ndine chinhu chakanaka pano chazvo. Chokwadi Mwari vachachigamuchira.” Ndizvo zvimwe chete izvo dhiyabhore akaudza amai vake; nhema dzimwe chete, huchenjeri.

⁴⁰⁷ Zvino, Abheri. VaHebheru 11 inoti:

Nokutenda Abheri akabayira Mwari chibayiro chakanaka nokupfuurira kune chaKaini, . . . kunyange akafa hake, zvakadaro rakataura.

⁴⁰⁸ Maona? “Abheri. . .” Nechii? Huchenjeri? Nedzidziso yehumwari? “Nokutenda akabayira kuna Mwari chibayiro

chakanaka nokupfuurira.” Nokutenda mune chii? Nokutenda mune chii? Noku. . . Akanga aine kutenda kwake pai?

409 Ipapo, vangori baba naamai vake, iye nemukoma wake mwana wamai, zvaizogoneka sei chaizvo? Ndekupi—ndekupi kwaaiizozviwana? Aiva nokutenda mune chii? Kutenda mune zvinomera, kutenda mune *izvi*? Kwete, changamire. Aiva nokutenda muShoko. Nokuti, aida kuziva kuti sei akanga abuda mubindu iroro. “Sei takadzingwamo?”

410 Amai vaizotaura kuti, “Nekuti ndakateerera kunhema dzadhiyabhore. Nekuti mukomana *uyu* akaberekwa nenzira iyi *yakati-yakati*, ndicho chikonzero Mwari vakatidzinga.”

411 “Zvino,” akati, “Handikwanise kana kusvika pasuwo. Pane Kerubhi ipapo, rine munondo, rakachengetedza Muti weHupenyu iwoyo.” Saka, nekutenda!

412 Munoono, nehuchenjeri, Kaini akapa, munoziva, asingazivi Shoko, asi akangofunga, nehuchenjeri. Akagadzira nzvimbo yakanaka, ndokuiita kuti itaridzike zvakashongedzeka uye ichiyevedza.

413 Asi, “Abheri,” hapana akamuudza, zvino, angoriwo mukomana zvake, “nokutenda akaona kuti hwakanga husiri hupenyu hwezvinomera; kwaiva kusangana pabonde, kubudikidza neropa.” Hezvoka izvo, hama. Famba nepamusoro paZvozo, imwe nguva.

414 Nokutenda vana vaVo vachiri kuzviona. Havana kumbozvidzidzisa nehumwewo huchenjeri zvino. Hazviuye nehuchenjeri. Zvinouya nokutenda. Bhaibheri rakati, “Abheri, nokutenda.”

Akapirisa chii? Ropa, kubva muhupenyu hunorarama, hupenyu hwemhuka.

415 Tiri mhuka, isu pachedu. Tiri mhuka ine ropa rinodziya. Ndizvozvo chaizvo. Mhando yepamusoro, mhuka yepamusoro-soro, asi ine munhu wemukati imomo. Ndizvo zviri hupenyu.

416 Zvino cherechedzai. Nekutenda Abheri akaona chizaruro, chiratidzo, ndokuunza ropa benyu, rinoyerera, nekuti hupenyu hwaiva muropa.

417 Hupenyu huri mudzinde re—reruva. Uye hupenyu hwezvinomera, husina manzwiwo. Ndanga ndichitarisira kuti zvichasinina mukati.

418 “Abheri, nekutenda,” achigara neShoko. Nekutenda, kwete nehuchenjeri. “Nekutenda akaona kuti kwaiva kusangana pabonde, ropa.” Chizenga cheropa chinobva kumurume. Murume ndiye ane chizenga cheropa mumbeu. Hemoglobin ndiro ropa racho, rinouya kubudikidza nemurume. Zvino Adhamu akaziva kuti akanga asiri maapuro, nemapichisi, nembatiasi, kana chero zvachaiva, chakavabuditsa mubindu reEdheni, chakakonzero chivi. Kwaiva kusangana pabonde,

ropa, uye akapirisawo ropa zvakare. Nokutenda akazviita, kwete nehuchenjeri.

419 Ko munhu, kubudikidza nehuchenjeri, angazvinzwisa chirudzii, iro Bhaibheri rose neChechi yose yaMwari zvakavakirwa pamusoro pechizaruro chaMwari, nokutenda? “Padombo iri Ndichavakira Kereke yaNgu.” Maona?

420 Huh! “Oo,” vanoti, “chokwadi, tinotenda iZvozvo.” Zvino Hupenyu hwaKristu huripi muzvimiro izvozvo? Ko Hupenyu hwaKristu huripi? Chepiri... Imi munoda kunyora mamwe eMagwaro aya pasi. Maona? Ko Hupenyu hwacho huripi? Kana... Vanoti, “Zvino, tinotenda. Tinotenda. Tinotenda.” Kana ukadaro, zvino... .

421 Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvicha,” kwete kuti zvingangodaro, “zvichatevera avo vanotenda.” Jesu akati, “Kana munhu achitenda maNdiri, mabasa aNdinoita, achaaaitawo. Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo.”

422 Haangoita zvedambe chete. Achatozviita. Zvingaitika sei? Nokuti, hoyoka uyo Hupenyu chaihwo huri muna Kristu, huri mauri. Hauzombobuditsi kana huchenjeri; haugone kukura mahuri. Hunofanira kuramba huchenjeri, kuti hutore ku—kutenda. Kutenda muShoko, kwete huchenjeri muShoko. Kutenda muShoko!

423 Satani ane huchenjeri huzhinji muShoko iroro kupfuura chero, vaparidzi vose vakaunganidzwa pamwe chete, vapisita nezvose.

424 Ane huchenjeri hwakawedzerwa, asi haakwanise kuva nekutenda. Kutenda kunoRiita kuti rirarame. Kutenda kwaizomuita kuti atendeuke, kuchaita kuti abve musangano rake. Hum! Ane huchenjeri, saka anongogara nahwo. Zvakanaka.

425 “Asi Abheri nokutenda akaona kuti chaive chiito chekusangana pabonde, ndokupirisa ropa, hupenyu hweropa, uye Mwari vakachigamuchira.”

426 Zvino, muna Timotio Wechipiri 2, 3, yakati iyo... Shoko rinouya kwavari zvino. Richawira pavhu rakaipa kunyange hazvo. Maona? “Vane chimiro chehumwari, asi vachiramba simba racho,” simba reMweya. Timotio Wechipiri 3, kana muri kuzvinyorera pasi. Zvakanaka. “Vaine chimiro chehumwari.”

427 Zviratidzo zveMweya Mutsvene zveHupenyu Husingaperi, vanoZviramba. “Vanhu havafanirwe kutaura nendimi. Kwete. Hakuna chinhu chakadaro sekupodza kwaMwari, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvinhu izvozvo zvaiva zvevaapostora.” Vaine chimiro!

428 Pauro akati, achizviporofita. “Mumazuva ekupedzisira, nguva dzokupedzisira, zvinhu izvi zvinozoitika.” Kwete mumazuva iwayo. “Uye Mweya unotaura pachena kuti:

mumazuva ekupedzisira, mazuva ekupedzisira, vamwe vachabva paKutenda,” nezvinhu zvose izvi. Maona? Hezvoka izvo, “Vaine chimiro ichocho chehumwari.”

⁴²⁹ Zvino, zviratidzo zveMweya Mutsvene zveHupenyu Husingaperi zvingakura sei muguruva remachechi iroro, umo musina Mweya wemvura, zvachose? Maona? Hazvikwanise kukura muminda yemafaro emasangano, nehuchenjeri, nezvekutamba. Zviratidzo nezvishamiso zvaMwari mupenyu zvingagokura sei mumu—mukadzi asina hunhu kwahwo hwekuita semudzimai kwaye? Ndinoda kukubvunzai izvozvo. Ko Zvingakura sei mumunhu anomira papurupiti uye, nekuda kwekuti awane muhora mushoma kana kuwana fevha nesangano, zvekuti anotonzvenga Chokwadi chaMwari? Ko zviratidzo zvemweya zvingatevera izvozvo chirudzii? Hazvigone kudaro.

⁴³⁰ Zvingakura sei—sei mumuparidzi anatora sangano rake, ovabvisa nhumbi, pamahombekombe apo? Zvino kuno humwe husiku, mune imwe nzvimbo kwandakapfuura neko manheru akapfuura, mune imwe chechi, uye vachiva nedhindindi guru redhanzi ikoko, vachingoenderera, ko zvibereko zveMweya zvingakura sei munzvimbo yakadaro? Zviri padombo rezvemachechi, ndizvozvo, uye kwete mumupata wekutambudzwa, wekusekwa nekuitwa dambe newe.

⁴³¹ Hapa rinoshingaira zvakaoma. Munorangarira mharidzo yangu kasiri kare, makore mashoma apfuura, pamusoro paVaHapa. Rinoshingaira. Apo, Jesu akati, “Kuti iro... rinoshingaira, uye hariruki, asi zvakadaro ndinoti kwamuri: kuti Soromoni, nokubwinya kwake kwose, akanga asina kushongedzwa serimwe rawo.” Makwevero anoita hapa iroro, kuti rizvinakise, (kuitirei?) kuti rizongopa zvaro. Mupfuuri, anofemedza, onzwa zvinonhuwirira. Nyuchi inobhururuka ichipinda mumoyo maro chaimo yotora huchi hwacho kubva mariri. Rinongohupa pachena. Rinoshingaira, kuti ridaro.

⁴³² Hareruya! Ndiye munhu waMwari chaiye iyeye, Mufudzi Lily, Mufundisi VaLily, hongu, changamire, vanoshingaira paShoko, vanorara nechiso chavo vochema kuna Mwari, “Mwari, handisi kuona kuti *izvi* zvichasangana papi *apa, apa*. Zvinofanira kuuya neShoko.” Paunozviona, uye Mwari vozvipa kwauri, zvino enda pachena. Kwete kuita mumwe musangano mukuru, “Kana mukandivimbisa zviuru zvemadhora akawanda zvakati, ndinouya.” Asi, pachena, “Kana iri Timbuktu kana kupi zvako, Mwari, kwaMunoda kuti ndidyare Mbeu, ndinoIpa pachena.” Hareruya!

⁴³³ Jesu akati, “Soromoni, mukubwinya kwake kose, haana kushongedzwa saro.” Akati, “Cherechedzai hapa.”

⁴³⁴ Muchinda mudiki anonzvisa urombo, anototambura sezvimwe zvinhu zvose, kuti awane chaanowana, uye ogosekwa

nekuitwa dambe naye. Uye vakuru vose vechechi vakamudzinga, uye vakamutumidza mhando dzese dzemazita akasviba. Asi anogara neShoko iroro chaiko, achishingaira, siku nesikati, orara mumupata. Chii? Ari—ari munzvimbo yaanogona kutora kubva “munzizi dzeMvura.” Achishingaira, (kuitirei?) kuzvipa pachena. “Munogamuchira pachena, ipaiwo pachena.” Hongu, changamire. Oo, ini zvangu!

Ringagokura chirudzii mumunda iwoyo weguruva padombo iroro rezvemachechi?

⁴³⁵ Vana vaKaini vaive vehungwaru, vezvesainzi. Tarisai vana vaKaini zvino pavanokura. Ngativatarisei kwechinguvana. Vana vaKaini, vaiva chii? Vavaki, vagadziri vezvinhu, varume vakuru vezvesainzi. Vaive nehuchenjeri. Maona? Vakato—vakato—vakatovaka zvivakwa, nekugadzira simbi, nekusanganisa zvinhu pamwe chete. Vaiva masayendisiti, vakangwara, vakadzidza, uye vainamata.

⁴³⁶ Asi mhando iyoyo yehuchenjeri yakabuditsei? Rufu, kurudzi rwose, pakadonha kutonga kwaMwari. Ndizvo here? Chii chaka—chii chakaitwa neboka iroro? Rakagadzira rufu. Kunyange zvazvo, muhuchenjeri hwavo hwose nokungwara kwavo, chii chakaitika? Vakafa. Mumwe nemumwe wavo akaparara mukutonga kwaMwari. Ichokwadi here? Mwari vakataura kudaro. Vaive vakangwara, vakadzidza zvikuru, vakakwenenzverwa, vachinamata, vakanaka kwazvo. Vakangwara, vakadzidza, vaizembera pahuchenjeri hwavo, ndokuuraya rudzi rwose rwevanhu.

⁴³⁷ Zvimwe chetezvo zvavari kuita iye zvino, mabhomba avo atomiki nezvimwe, izvo masayendisiti akangwara nezvimwe zvicha—zvichaparadza rudzi rwose. Vane muchetura uobva mumabhomba izvozvi. Ndizvo—ndizvo... Unongotsva maziso ako, zvokupa kenza, zvese. Vakayeredzera umwe wacho, mugungwa, havachakwanise kuuwana zvachose. “Kana ukatupfunurwa, unoparadza pasi rose,” vanodaro. “Vanhu vanobvira, munyama yavo chaimo.”

⁴³⁸ Ndosaka, Bhaibheri rakati, “Uye shiri dzedenga dzichadya nyama yevakuru,” nezvimwe zvakadaro; kuora, kubva kumuchetura wemabhomba, nezvimwe zvose.

⁴³⁹ Vari kuzviita, ivo pachavo, huchenjeri hwavo hwakatesva. Ndizvo zvakakonzero kuti rufu rwuvepo: huchenjeri hwakatesva. Ingova munyoro, tenda Shoko raMwari, uye ugorarama. Tora huchenjeri hwako, ugofa. Zvakanaka. Gohwo, nguva yekupedzisira, vanoparara.

⁴⁴⁰ Zvino, vana vaAbheri vakanga vakazvinipisa, varimi, vafudzi; vafundisi, munoziva. Vafudzi vemakwai, varimi, vakazvinipisa, vaisazviti vakangwara, asi vakangogara neShoko chete. Chii chavakabuditsa panguva yekupedzisira?

Muporofita. Zvakadaro. Muporofita, kuitirei? Zviratidzo zvinguva yekupedzisira.

⁴⁴¹ Noa paakamira pamukova iwoyo, achivaka areka iyoyo, akati, “Kuri kuuya, mvura inonaya.” Akadaidzwa kuti mupengo, asi aiva muporofita. Amen. Akaiti? Akaunza ruponeso kune avo waitenda, neavo vaida kupukunyuka. Ndizvo zvakaunzwa nedzinza rakazvinipisa, risina kudzidza, raitenda mukutenda. Vamwe waitenda muzivo, vakaunza rufu, kurudzi rwose. Chii chakaitwa—chii chakaitwa nevakazvinipisa nekutenda? Vakaunza ruponeso, muporofita waShe, akavapa chiratidzo chekuti nguva yekupedzisira yakanga yavapo.

⁴⁴² Munofunga kuti vakadzidza vangazvitenda here izvozvo? Vanoisa mhuno yavo mudenga vofamba vachienda, voti, “Mvura yacho iri kubva kupi? Ndiratidzei nesainzi kune chero mvura kumusoro uko.” Masayendisiti iwayo, boka revanhu vakasvunukisa, vachiedza, kuratidza nesainzi kuti hakuna Mwari. Kuedza!

⁴⁴³ Pakatorwa mufananidzo *uya*, zvakaabvisa pachituru chavo pavainge vagere. Haana kunzwisisa. Akati, “Pane imwe mhando yeChiedza chakarova ziso rekamera.” Hoyoka muchina wavo wesainzi, wakatora mufananidzo waCho, kamera. Sezvakataurwa naGeorge Lacy, akati, “Changamire,” akati, “kamera iyi haitore zvekushandisa pfungwa. Chiedza ichi chakarova ziso rekamera. Chaitovapo.” Akati, “ZvaChiri, handikwanise kukuudzai, asi Chiripo.” Akati, “Ndichanyora zita rangu pazviri.” Akazviita. Uye munawo, pachenyu. Hongu, changamire. Waive neveFBI. Maona?

⁴⁴⁴ Mwari vedu, muzuva rino rekupedzisira, havana nyaya yavari kuzosiya isina kugadziriswa, asi Vari kuratidza kuti nyika ino haigone kumira. Huchenjeri nezivo zvichikura, zvichipfura mumhepo senhunzi, ne—nendege dzejetei, nekurwa pasi pemvura. Uye mhando dzose dzehuori, nekugara muchivi, vachiedza kuvaka chimwe chinhu chinovachengetedza.

⁴⁴⁵ Pane chinhu chimwe chete: kururama kwaMwari kunomira muMukova weAreka. Ndiani Mukova? Kristu akati, “Ndini Mukova kudanga remakwai.” Ndaverenga rugwaro rwangu. “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu. Muyeni haangateveri.” Haufe wakamonyorora rimwe mumasangano ese ari kunze uko. Rinobuda mazviri, zvechokwadi chaizvo. “Ndichaatora kubva mudanga, uye ndichaatungamirira. Ndichaenda mberi kwawo.” Amen. “Achatoziva kuti ndiNi. Hapana anogona kufamba seNi, hapana anogona kuita zvinhu zvaNdinoita,” Aizodaro. Amen.

⁴⁴⁶ “Rabhi, zvino tinoziva kuti Munobva kuna Mwari, nokuti hakuna munhu angaita zvishamiso izvi zvaMunoita kunze kwekunge Mwari vainaye.” Maona? Ndizvozvo. Kupupura kwaNikodhimo. Ndizvozvo.

447 Rudzi ruduku irworwo rwakaninipa rwakabereka muporofita. Uye muporofita iyeye, mumazuva ekupedzisira evana vaAbheri, akabudisa muporofita airatidza zviratidzo zvemazuva ekupedzisira ndokupa yambiro.

448 Zvinongoda kuva zvimwe chete zvino, ndinofunga. “Uyo ane nzeve yokunzwa, ngaanzwe zvinoreva Mweya kwatiri.”

449 Saka, munoona, Mbeu iri Shoko yeHupenyu haigone kukura mumhando yehupo ihwohwo wehuchenjeri. Haitongokwanisi kuzviita.

450 Mosesi naJoshua vaive nokutenda muShoko. Vamwe vaida kutamba nekukurura vakadzi mbatya; Kora, (sei?) nehuchenjeri hwake hwechiEgipita. Mosesi akanga asingazvide izvozvo.

451 Tarisai vana Kora ivavo nhasi, vachiita nzira iri nyore, vachiita dhanzi, mapati ehusiku hwose; vakadzi: vaine bvudzi rakagerwa, maroke mapfupi, chero chinhu. “Hazvina kana mutsauko. Ndizvozvo hazvo.” Hazvina kunaka. Shoko rinoti hazvina kunaka. Ndizvozvo. Chinhu chimwe chetecho. Maona?

452 Kunyange zvazvo mumwe nemumwe wavo akabhabhatidzwa, mumwe nemumwe, Kora navose vakabhabhatidzwa, zvinoratidza kuti heyo mhando iya yevafundisi zvakare.

Unoti, “Vakabhabhatidzwa here?”

453 VaKorinde Vokutanga 10:1 kusvika 2. Ngatingoiverengai. Isu...Ndinoziva kuti nguva dzave kuenda, asi chikafu chemasikati hachizotsva hacho. Chikafu ichi chinogona kutora nguva yakati rebei, kana Ishe vakangoramba vachitipa chikafu. Maona? VaKorinde Vokutanga 10. Zvino tarisai pano. VaKorinde Vokutanga 10:1 kusvika 2, ndaiwana. Zvino, ndina VaKorinde Vechipiri. VaKorinde Vokutanga 10:1 kusvika 2.

Zvakarewo, hama, handidi—handidi kuti murege kuziva, kuti edu...madzibaba edu ose akanga ari pasi pegore, uye kuti vose vakapfuura nemugungwa;

Uye vose vakabhabhatidzwa muna Mosesi mugore nemugungwa;

454 Kora aive nerubhabhatidzo rwumwe chete rwakanga ruwine vamwe vese. Asi chii chaaida kuita? Kurega vakadzi vachidhanza, zvino vainwa tuwaini tushoma uye nekuva nekanguva, vovakurura hembe voita hupombwe, voita izvozvo. Munoziva Bhaibheri rakati vakaita izvozvo. Vakatora madzimai iwayo ndokuvakurura hembe dzavo, ndokuvaita kuti vadhanze, nezvimwe zvakadaro. Zvino Mosesi akavatsamwira. Munorangarira nguva yacho here? Sei? Vaiva naChiremba Kora vainavo, vaiva nehuchenjeri. Akati, “Ndichakudzoserai kuEgipita.” Ndiko kwavangadai vakaendawo, zvakare.

455 Asi, Hama Mosesi, pavakadzika zasi, zvakabva zvakasiyana. Ivo naJoshua vakagara neShoko iroro. Mwari vakapa vimbiso; vakagara nayo. Zvakanaka.

456 Vamwe vaida kudhanza nekukurura hembe dzavo, uye kubva, nehuchenjeri hwaKora. Uye vose vakabhabhatidzwa, zvimwe chete.

457 Israeri neMoabhu. Oo, ndakango...imi... Ndakambopfuura nemazviri, imwe nguva. Hatisi kutora izvozvo. Ndinofanirwa kukasika. Zvakanaka. Israeri neMoabhu, munoziva kuti zvanga zvakadii ikoko. Mumwe, achingori zvakanaka, mumwe aine huchenjeri, masangano makuru kwazvo. Mumwe wacho, ari kadiki, kanosanganisira mamwe masangano ese.

458 Zvino, rimwe zuva; ndipo pandinoda kusvika tisati tavhara. Rimwe zuva, zvitubu zvikuru 2 izvi, kana kuti masimba, akasangana pamangange paShoko raMwari.

459 Zvino tava kusvika panhongonya. Taigona kudzokera. Ndaigona kutora dhazeni chaiyo. Ndaigona kumira pano kwevhiki rose, ndisina kana kumbobata zvepamusoro zvacho nezvazvo, kuti ndinogona sei kuratidza izvozvo ipapo chaipo, zvandiri kutaura nezvazvo. Asi ndinovimba kuti munozvibata. Maona?

460 Rimwe zuva, zvakasvika pamangange. Huchenjeri nokutenda zvakasvika pamangange. Jesu naSatani vakasangana. Ndizvozvo. Jesu naSatani vakasangana. Masimba makuru 2 aya, huchenjeri nezivo, zvakasvika pamangange. Maona?

461 Zvino, vose vari vaviri vakashandisa Shoko. Ndizvo here? Oo, hama, izvi zvinoita zvakanaka, kwandiri. Maona? Musazvipotse, zvino. Oo! Iti, “Mwari, zarurai moyo wangu.” [Ungano inoti, “Mwari, zarurai moyo wangu.”—Mupepeti]

462 Vose vari vaviri vakashandisa Shoko raMwari, Bhaibheri rimwe chete. Asi haRishande mugwara risina kutendeuka. Chokwadi harishande. Zvirokwazvo harizodaro. Vose vari vaviri vakashandisa Shoko raMwari. Asi Satani akaRishandisa kubva muzivo yemumusoro, munoona, zivo yemumusoro, zvino haRina kushanda.

463 Ndine Gwaro pano. Mungaite basa nazvo here ndikariverenga? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Ngatitorei VaHebheru, chitsauko 4, nekukasika, kwekanguvana. Ndinoda kuverenga izvi. Zvakangoratidzika zvakanaka kwazvo kwandiri, ipo apa, VaHebheru 4. Zvino ngatitorei vaHebheru 4, totanga, 1 kusvika 2.

Naizvozvo tinofanira kutya, kuti zvimwe, chipikirwa chatakasiirwa... chokupinda muzororo rake, muri imi moita somunokukundika pachiri.

Nokuti nesuo takaparidzirwa vhangeri, zvimwezvo saivowo: asi shoko rakaparidzwa harina kuvabatsira, nokuti harina kuvenganiswa (zivo, huchenjeri?) nekutenda mune ivo...nokutenda mavari kwaivo (chii?) vakarinzwa.

⁴⁶⁴ Unogona kuva neShoko rose, unogona kuziva Shoko iroro kubva pana A kusvika Z, uye Rigorega kukushandira. Makaona here vanhu vachitora Shoko iroro zvino voedza kuRiita kuti rishande, voti, “Hama, Mwari ngavarumbidzwe?” Haritomboshandi. Haugone kuita zvekutamba neShoko. Kwete, kwete. Kwete, kwete. Zvisinei nezvaunotaura, Shoko rinozivupurira pachaRo. Zvisinei nezvaunotaura, Shoko rinopa huchapupu. Ndizvozvo.

⁴⁶⁵ Zvino, Satani aiziva Shoko. AiRiziva kubva kuna A kusvika kuna Z. Zvino, munozivei? Ndinofunga, dai aive nedhigirii, angadai aine madunhurirwa anokwana kutambanudza mapeji 4 kana 5 emapepa, “Chiremba, Mufundisi, Eredha, Ph., L.L., Q.D.,” arufabheti yese nzira yose. Dhigirii rake raizova muBhaibheri iroro. Anoziva Shoko rimwe nerimwe raRo. Chokwadi anoziva. Maona? Saka, Satani akati, “Zvino, ndinoziva Shoko.” Ndinoziva kuti aiziva Shoko paakauya kuna Evha. Saka, aive naRo nezivo yemumusoro, asi Rakaramba kushanda.

⁴⁶⁶ Jesu aiRiziva nokutenda, muchizaruro cheShoko raMwari muHupenyu hwaKe Omene hwakafanotemerwa. Girori! Ndinovimba kuti zvinosinina mukati memoyo wako. Jesu aiziva kuti Aiva Ani. Satani aishaya kuziva. Aiziva kuti Aiva Chisikwa chaMwari chakafanotemerwa, kuti Mwari pachaVo vairatidzwa maAri. Akanga asiri iYe aiita mabasa. Vaiva Baba vaigara maAri. Amen.

⁴⁶⁷ Regai dhiyabhore abhururuke nedzidziso yake yese yebhaibheri. Jesu; Satani aiRiziva. Aiziva Shoko. Zvino, aigona kutaura Gwaro iroro, vakomana, sezvakangoita Bhaibheri riri kufamba. Aigona kungoRitaura saizvozvo. [Hama Branham vanoridza munwe wavo kakawanda—Mupepeti] Maona?

⁴⁶⁸ Asi Jesu akangoramba akamira, nokuti Akanga achiziva paAkanga amire. Aiziva kuti Aive akafanotemerwa, “aive Gwayana rakauraiwa nyika isati yavambwa.” Aiziva kuti Ndiye aiva Munhu iyeye. Oo! Oo, hama! “Uyo ane nzeve, ngaanzwe.” Aiziva kuti Akanga akafanotemerwa izvozvo, uye ndiwo maziviro aAiita Shoko. Maona? Uye Rakashanda. Chokwadi.

⁴⁶⁹ Satani akaRiziva nehuchenjeri. Zvakakundikana. Akataura Shoko rimwe chetero rakataurwa naJesu, Bhaibheri rimwe chete. Akataura kubva muna Mapisarema. “Achapa... Zvakanyorwa kuti,” Satani akati, “Acharaira Vatumwa vaKe pamusoro paKo, kuti Urege kugumbusa tsoka yaKo padombo. VachaKutakura.”

Akati, “Uye zvakanyorwawo zvakare . . .” Oo! Maona?

Satani akaRiziva nezivo.

⁴⁷⁰ Jesu akaRiziva nechitiko. AkaRiziva nechizaruro. Aiziva kuti Aiva Mwanakomana waMwari iyeye aizouya munyika. Aiziva nzvimbo yaKe. Aiziva kuti Akazvarirwa munyika ino nechinangwa ichocho. Uye ndicho chikonzero Shoko raMwari raikwanisa kushanda nemaAri, nokuti Aiziva zvaAiva. Girori! Mazvibata here zvino? Aiziva zvaAiva.

⁴⁷¹ Satani, seri kwazvo, aiziva zvaiva. Uye aiziva kuti haane nehekuita, nehuchenjeri hwake, paShoko, nokuti Shoko rakanga riri Mwari. Mazvinzwisisa here?

⁴⁷² Zvino, kana Jesu aiziva kuti Aiva Ani . . . Aive Chisikwa chenguva chakafanotemerwa. Munozvitenda here izvozvo? Jesu, mutumbi, Aiziva kuti Aiva Shoko rakafanotemerwa, Mwari Pazima vaifanira kuzomira muzuva iroro, kuti vave Chibairo chechivi. Uye Aiziva mvengi waKe. (Sekuparidza kwandakaita, maSvondo mashoma akapfuura.) Aiziva mvengi waKe; uye Aiziva kuti Aiva Ani. Nokudaro, masimba 2 makuru aya akauya pamwe chete, zivo nekutenda. Jesu aiziva kuti Aiva Ani.

⁴⁷³ Satani aiziva Bhaibheri sezvaingoitawo Jesu, asi Raisashanda kuna Satani. Maona?

⁴⁷⁴ Hazvinei nekuti une ruzivo rwakadii, hazvishande. Zvino, zvidzoserei kune mamwe emasanganano makuru aya. Zvifungei, kwechinguvana. Vanoti, “Zvinoka, tine Shoko.” Regai ndizvione zvichishanda. Imi Makatorike, munoti ndimi vepakutanga. Ngatizvionei. Ndiratidzei mabasa enyu, pasina kwenyu . . . Kana kuti, ndiratidzei mabasa enyu, kubudikidza, kana kuti, pasina kutenda kwenyu, uye ini ndichakuratidzai angu, kubudikidza nokutenda kwangu. Maona? Onai zvakataurwa neShoko.

⁴⁷⁵ Ungadyara mbeu here ikasazviratidza zvairi, kana iri kukura? Ungadyara tsanga yechibage here isingagadzire chibage, kana ikakura? Ungadyara mbatatisi kunze kwekunge yamera iri mbatatisi? Ungadyara ruva rikasava mhando yakadaro yeruva here? Maona?

⁴⁷⁶ Zvino, kana wakadyarwa, uye Mbeu yaMwari iri mumoyo mako, Inofanira kubereka iZvozvo. Jesu akati, “Achaita mabasa aNgu, kana achiNditenda.” Kana akati anoRitenda, uye aya akasamutevera, murevi wenhema. “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo zvakare; kunyange anopfuura aya, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.” Handiti, Yakasimba! Kana dzikasarovera panzvimbo inotsvedza uye dzotsvedzera kwakadaro uko, pane rimwe dombo pane imwe nzvimbo! Dzikangowira pasi mumupata pekuti mhengo haikwanise kuIpeperetsa, uye shiri dzisingakwanise kuIwana, Inokura.

⁴⁷⁷ Ivige zasi mukati memoyo wako. Dhavhidhi akati, “Murayiro weNyu ndakauviga mumoyo mangu,” saka hapana sanganano rinogona kuIbvisa, shiri hadzikwanise kuInhonga. “NdinaRo rakavigwa *umu*. Ndinofungisisa maRiri, masikati nehusiku. Yakanyorwa pamasimbi emibhedha yangu nekwekwese. NdinaYo, ndinaYo yakasungwa paminwe yangu. Iri mu...”

⁴⁷⁸ Zvino Jesu akati, “Zita rako riri muchanza cheruoko rwaNgu.” Saka, rinokanganwika sei, chirudzii? Hazvigone kudaro. Zvino, zvakanaka.

⁴⁷⁹ Zvino, kana Jesu akakunda Satani pakutenda, achiziva kuti Aiva Ani, Aiva Chisikwa chakafanotemerwa. Magadzirira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ko Mwenga wakafanotemerwa waJesu Kristu zvino? Munotenda here kuti Mwenga wakafanotemerwa? Mwenga waKristu wakafanotemerwa zvino, Chechi, Mbeu iri Shoko, ine zvose izvo Mwari vakavimbisa kuisa muChechi, maIri iko zvino. Zvave maIri zvino. Zvinhu zvese zviru muhurongwa. Mweya Mutsvene wakapihwa. Mbeu Yakatokushwa. Izvo Zviedza zvevanheru zvanga zvichitopenya. Chiratidzo cheSodhoma, chakavimbiswa naJesu, chiri pano, naMaraki 4. Chechi yakafanotemerwa!

Oo, dhiyahore!

⁴⁸⁰ Chechi yaMwari mupenyu, pano nepatepiwo, zvakare, munoziva here pamumire? Unoziva here kuti wakadanwa naMwari, kuti Mweya Mutsvene ugotonga mumoyo mako, uye Shoko rose raMwari nderemazvirokwazvo kwauri? Oo, hama! Ko Satani achamira sei achipesana nazvo? Achazvimisa sei kuti zvisakure? Achadzivisa sei zviratidzo izvozvo kuti zvisaItevera? Handiti, unogona kuvakanda mujeri. Ivo, kana uchikwanisa, handina basa nezvaunoita, vakatombosviedza. Vakaorera mumajeri. Vakadyiswa kushumba. Vakachekwa nemasaha. Vakabvanzurwa kuita zvidimbu. Haukwanise kuIuraya, ndizvozvo, Chechi yakafanotemerwa. “Avo vaVakafanoziva,” sezvaVakaita Jesu, “Vakavadana. Avo vaVakadana, Vakavaruramisa. Uye avo vaVakaruramisa, Vakatoabwinyisa kare, vakafanovatemera.”

⁴⁸¹ Uye zvino, mumazuva ekupedzisira, nembeu yose yakakushwa; zvinhu zvose zviru muhurongwa, nyika iri muhurongwa hwayo, nguva yakasvika, Chechi iri muhurongwa hwaYo, Mbeu, Zviedza zvevanheru, zviratidzo sezvaAkataura kuti, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma.” Mutumwa waMwari, Mweya Mutsvene, achidzika pasi, achifamba, achiita zviratidzo zvaAkaita munguva iyoyo. Maraki 4 akavimbiswa kuti Vaizotumira, mumazuva ekupedzisira, zvaVakavimbisa. Uye tinozviona zvose izvozvo ipo pano. Kupi? Kupi?

Ameni! Amenii! Amenii! Amenii! Amenii!

UnoMuda here? Amenii!

482 Chokwadi, pano chaipo mumazuva ekupedzisira, Chechi yakafanotemerwa, vachiziva pavamire, yakadyarwa neMbeu, Mweya Mutsvene muChechi. Satani, chenjera.

483 Chii chakaitika? Chimbomirai zvishoma zvino. Chii chakaitika, nezvose zvakavimbiswa kwaRiri, kunyange vimbiso dzaMaraki 4?

484 Chii—chii chakaitwa naSatani paakasangana naJesu? Akabhururukira maAri, nesimba rose rehufundisi raaiva naro. “Ndinozivawo Shoko, zvakare,” akabhururukira maAri. Guruva resangano iroro raaiva naro! TakaRikandira paari; asi akanga asina kana Hupenyu. Kabhururukiro kacho achibvaka! Akatobva nekukurumidza kupfuura kabhururukiro kaakaita achuyapo. Sei? Akaganzwa Waya ine mavolt 100 bhiri yoni ipapo. Akabvuridzwa minhenga yake. Akabva paAri. Akabuda maAri, nokuti Waya iyoyo yakanga ine moto wemagetsi maIri.

485 Rangarirai, Satani aivawo newaya, zvakare. Asi, zvisinei kuti waya yacho yaiva nekopa yakanaka zvakadii, haina hupenyu mairi, haina moto. Haishande. Waya imwe chete.

486 Imwe yacho yakawana moto kubva kuGwenya, uye imwe yacho haina kubatanidzwa, zvachose. Ndizvozvo. Ndicho chikonzero Richishanda mumudziyo wakafanotemerwa. Ndicho chikonzero Shoko richishanda paRakabatanidzwa. Rakabatanidzwa papi, nesangano here? Kwete, changamire. Isoketi yakafa iyoyo, “Vane chimiro chehumwari, vachiramba simba racho.” Asi kubatanidzwa neShoko, risingazombopfuuri, uye roburitsa simba rimwe chete raAiva naro. Ndipo pazviri. Kubwinya!

Ameni! Amenii!

MunoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] MuchaMushumira here? [“Ameni.”] Amenii. Chokwadi.

487 Kwete kukochekerwa mune rimwe sangano, asi kukochekerwa mu—mu—mu—muGwenya pano apa. Hama, ndiri kukuudzai, Rinoshanda ipapo, nokuti Rakabatanidzwa, Shoko rimwe chetero.

488 Moabhu aive akabatanidzwawo, zvakare; naIsraeriwo, zvakare. Moabhu akanga asina chinhu kunze kwemitutu yezvitendwa zvakafa uye nemuporofita wenhema.

489 Asi Israeri yaiva nedombo rakarohwa, nyoka yendarira, Shongwe yeMoto, hareruya, zviratidzo zvaMwari mupenyu. Amenii. Ndizvo chaizvo. Zvakashanda. Sei? Zvaiva pakutenda. Hongu, changamire. Kwete pazivo, chimwe chitendwa chemunhu; asi pakutenda muShoko, Shoko pachaRo. Hupenyu hunobva muShoko. “Shoko raNgu Hupenyu.” Magetsi iwayo anouya kubudikidza neShoko.

490 Satani akabva ipapo, nokukurumidza chaiko. Guruva rake redzidzo yebhaibheri harina kuita zvakanaka ipapo. Waya

yaSatani yakanga isina magetsi mairi. Yaive zvitendwa zvakafa. Haishande. Haitakure magetsi.

⁴⁹¹ Zvino, munoono, iwaya imwe chete. Jesu akashandisa Shoko raBaba; Satani akashandisa Shoko raBaba. Satani aive Satani. Jesu aive Mwari, ndiwo mutsauko, ndicho Chokwadi. Mumwe chitendwa, uye mumwe waCho iShoko. Mumwe ndeweChokwadi, uye mumwe yacho ndewenhema. Mumwe achauburitsa; mumwe wacho haagoni kuuburitsa. Muri kuzvibata here? Mhando imwe chete yemawaya, zvino, ndizvozvo chaizvo, mawaya mamwe chetewo. VaHebheru 2, yatichangobva kuva nayo, kana kuti, Hebheru 4:2, yatichangobva kuva nayo. Maona? Sekuti, vemasangano, sekutaura kunoita masangano, nehuchenjeri. Maona? Masangano, nehuchenjeri, anotaura izvi: “Mazuva emagetsi akapfuura.”

UnoMuda here? Ameni!

UchaMushumira here? Ameni!

UnoMutenda here? Ameni!

Ameni! Ameni!

NdinoMutenda. Hongu, changamire. *Ameni* zvinoreva “ngazvive sekudaro.”

⁴⁹² Ishe, munamato wangu, mangwanani ano, torai mutendi wose ari muno momukwevera mumagetsi. Oo! Isai Hupenyu maari, ngaarire agopenya kubwinya kwaMwari. Hongu, changamire. Batidzai magetsi.

⁴⁹³ Munoziva zvandinotenda here? Mbeu yakatodyarwa (Munozvitenda here izvozvo?) yeChechi huru iyoyo. Sezvakangoita mawaya akaiswa nemuchivakwa, soketi yega-yega yakaedzwa neShoko, oo, ini zvangu, soketi yese yakaedzwa neShoko. “Musashamiswa panouya miedzo inopisa. Iripo kukuedzai.”

⁴⁹⁴ Kana paine kashoti ipapo, kanovhiringa magetsi, koputitsa swichi yacho yese. Mwari havatwude muChechi yaVo. Hapasi kuzova nesuwichi ichaputika uye hapasi kuzova nefiuzi inoputika mumazuva ano ekupedzisira. Kwete, changamire.

⁴⁹⁵ Vanodzoka voinamira mukati imomo zvakanaka. Hongu, changamire. Zvakanaka. Chiedza chese chakarembera panzvimbo yacho. Chinhu choga, kumirira Tenzi kumashure uko kuti vabatidze swichi. Ndizvozvo. Hongu, changamire. MuShoko! Chokwadi. Zvinogona kuva iye zvino, hama. Kana uchida kupodzwa, ingobata swichi. Ndizvo zvega zvaunofanirwa kuita, kana uine waya chaiyo. Kana nzvimbo yako... “Kana tambo yako yavhiringika, uye nemadzakabatanidzwa, zvakare, makarasika muna Jesu, ndinokuudza zvekuita.” Ameni. Ndizvozvo.

⁴⁹⁶ Zvino, huchenjeri hwemasangano hunoti, “Mazuva evzishamiso akapfuura.” Hamuna magetsi mumawaya.

497 Asi kutenda kunoziva zviru nani. Vanokunzwa. Vanokuona kuchishanda. Vanoziva kuti kunopa chiedza. Vanoziva zvakunoita. Kutenda ndiwo magetsi, magetsi, Mweya.

Uye huchenjeri ndizvo zvimiro zveMasangano.

498 Satani akazama kuyedza Jesu, kuti abve pakutenda muShoko raBaba. Hezvinoi zvaakaita. Akazama kuMuratidza masangano emachechi ake makuru, kwazwo epanyika. Asi haana kukwanisa kuMuisa pamuyedzo. “Huya ujoinhe rangu. Ndinokuita bhishopi pamusoro pavo vose.”

499 “Zvakanyorwa zvichinzi...” akadaro Jesu. Hongu, changamire. Satani haana kukwanisa kuMuyedza. Kwete, changamire. Akapfuura izvozvo. Asi, Jesu akanga ari Shoko. Kutenda kwaKe muzivo yezvaaive Ari, kuti Aiva Shoko.

500 Sezvakaite Mosesi. Handiti, Mosesi aiziva kuti aiva ani. Mosesi aiziva kuti akanga ari muranda waMwari, aiziva kuti akanga akadanwa naMwari. Aiziva zvainge ari kuzoita. Ndicho chikonzero akanga asingatyi zvakaaurwa naSatani. Satani akazama kumuisa pamuyedzo, kumuvhundutsira kuti abude mazviri. Asi, kwete. Mosesi aiziva paave akamira. Ndizvozvo.

Zvino ndinofanira kukurumidza. Ndiri kuchirika, peji nepeji, pano.

501 Pauro. Chimwe chinhu chandinoda kubata pano, tisati tavhara. Pauro akazvijekesa kuchikamu chake cheMwenga chaachagamuchidza. Pauro achagamuchidza chikamu cheMwenga. Munozvitenda here izvozvo? Pauro akazvijekesa kuchikamu chake cheMwenga chaachagamuchidza kuna Jesu Kristu mumazuva ekupedzisira, pamusoro pehuchenjeri kana kuti kutenda.

502 Ngatimboverengai zvisoma. Ndinoda kuti muvhure kuna VaKorinde Vokutanga, chitsauko 4. VaKorinde Vokutanga, chitsauko 4, tongoverenga. Uye tichavhara mungu—nguva shoma, Ishe vachitendera. VaKorinde Vokutanga, chitsauko 4, uye ndinoda kuverenga ndima 18 kusvika 20. Zvakana. Hepanoika.

Zvino vamwe vanozyikudza, sokunge—sokunge handaizouya kwamuri.

Asi ndichakurumidza kuuya kwamuri, kana Ishe vachitendera, uye ndichaziva, kwete kutaura kwevamwe vanozyikudza, asi simba.

503 Munoziva, zvingatora... Zvino, iyi yaiva chechi yeRoma ichitanga kuuya, imomo chaimo, ichitanga kuuya. Maona? Aiziva izvo... Munoziva, Bhaibheri rakati, “Vakabva kwatiri, nokuti vakanga vasiri vedu,” munoona. Ndizvozvo.

Nokuti ushe hwaMwari hahusi mushoko, asi musimba.

504 Maona, “Kwete muShoko.” Wongoti, “Zvinoka, ini, ndakadzidza, hama. Ndine dzidzo yakawanda kupfuura yamakambo nayo. Ndiri—ndiri muprisita. Ndiri. . .” Izvozvo hazvina kana nechinhu chimwe chete chekuita naZvo. Zvinozveva zvisingadarike kuti uri “nguruve,” kana chero chimwewo chinhu; munoono, munoono, hazvinei nechokuita naZvo. Maona? Dhiyabhore aiva nezivo yakawanda, zvakare. Maona? Zvakana. Maona?

Nokuti ushe hwaMwari hahusi. . .shoko, asi. . .simba.
Maona?

Zvino muchadiniko? ndingauya kwamuri neshamu,
kana murudo, kana mu. . .mweya wounyoro here?

505 Zvino, chitsauko 2. Ndinoda kupedza izvi, kweminiti, zvino, tisati tavhara. Chitsauko 2; vhurai peji yacho. Ngatitangirei pano pa 1. Zvino onai izvo, Pauro, zvaari kuudza Mwenga zvino. Ari kuzogamuchidza chikamu ichi cheMwenga kuna Kristu, uye ari kuda kuti vazive. Zvino, rangarirai, Pauro angadai akava neimwe mhando yehungwaru. Akanga akangwara, aiva, asi iye “akatozozvikanganwa,” akadaro. Aiva nemhando dzose dzemadhiriri nedzidzo, asi akatozozvikanganwa, zvino, tarisai, kuti adzidze Kristu.

Zvino ini, hama, pandakauya kwamuri, ndakauya, ndakauya kwete nokunaka kwamashoko kana. . . uchenjeri. Maona? Handina kuuya neuchenjeri,
ndichikuparidzirai uchapupu hwaMwari.

506 “Ndini Chiremba *Nhingi-nhingi*, uye ndine zvole. Ndiri. . . Tinodzidziswa mumaseminari, *zvakati-zvakati*”? Kwete, kwete. Pauro akati, “Handina kuuya kwamuri saizvozvo, nehuchenjeri.” Zvino, uye izvo. . .

Musoro wangu wenyaya ndewekuti chii? *Huchenjeri Huchipikisana Nekutenda.* Maona?

507 “Handina kuuya kwamuri nehuchenjeri,” Pauro akati, “kukupai huchapupu hwaMwari nehuchenjeri, oti, ‘Zvino tarisai pano. Ndinokuudzai. Takadzidza museminari kuti mazuva eminana akapfuura. Tinodzidza museminari kuti zvinhu izvi zvakanga zvisingarevi *iZvi* chaizvo.’” Akati, “Handina kuuya saizvozvo, hama.” Zvino akati kudii?

Nokuti ndakatsunga kusaziva chero chinhu pakati penyu, kunze kwaJesu. . .uye iye akaroverwa pamuchinjikwa.

Uye (kana) *ndakanga* ndinemi muutera, nemukutya, nemukutambudzika *kukuru* ndaive nemi.

Uye *shoko* rangu nokuparidza kwangu hazvaiva *nemashoko* anonyengera *ouchenjeri* hwemunhu, . . .

508 Huh? SaBooth Clibborn akati, “Mhoroi?” Saka ndiani akagogodza?

Handina kuuya kwamuri neumwe *uchenjeri*
hweseminari, *asi nokuratidzwa kweMweya*
nekwesimba:

Kuti (k-u-t-e-n-d-a) kutenda kwenyu kurege kuva
muuchenjeri hwavanhu, asi musimba raMwari.

509 [Hama Branham vanoridza muridzo—Mupepeti] Ameni.
Munozvitenda here?

Kuti kutenda kwenyu kurege kuva muuchenjeri
hwerimwe sangano, asi musimba raMwari.

510 Kutenda musimba raMwari! Tariro dzako hadzisi . . .

511 Zvitubu 2 izvi zvakarwa kubvira muEdheni; kutenda
kwaMwari kuchipesana nehuchenjeri hwaSatani. Mwari
vakaratidza, mumazera ose, kuti haKungambosangana
nechimwe. Kunofanira kupatsanurwa, kuti kukure.

512 Zvino, nekukurumidza, regai nditaure shoko rimwe kana 2
bedzi—bedzi, pane mumwe nemumwe wavo, ndongotora zvinhu
zvishoma zvandanyora pano.

513 Esau naJakobho vakanga vari mufananidzo wakakwana:
vose vari vaviri, vachinamata; vose vari vaviri, mapatya.

514 Esau akanga ari wemhando yehufundisi. Anga ari munhu
akatesva njere. Aiva ne—aiva nehunhu hwakanaka nezvimwe
zvakadaro, asi akanga asina basa nehudangwe ihwohwo.

515 Jakobho akanga asina basa nezvaafanira kuita, kuti
angwana hudangwe hwacho. Zvino chero bedzi vaiva pamwe
chete, hapana chavaigona kuburitsa. Ndizvo here? Mumwe
aipesana nemumwe wacho.

516 Mazvibata here? Ameni. “Budai pakati payo.
Zvipatsanurei,” ndizvo zvinotaura Mwari. “Uye musabata
zvinhu zvavo zvisina kuchena. Ndichakugamuchirai.” Maona?

517 Jakobho aifanira kuti azvipatsanure kubva kuhama yake
yesangano Mwari vasati vamuropafadza. Mwari vakaudza
Abrahama zvimwe chetezvo.

Israeri; naMoabhu.

518 Vaporofita 400 veIsraeri vakamira pamberi paMikaya. Zvino
Mikaya akazvipatsanura kubva kwavari, ndokutora Shoko
raShe, ndokudzoka naRo.

519 Mosesi, naKora, zvimwe chetezvo, havana kusangana.
Vakatopatsanurana. Ichokwadi here?

520 Abrahama; naRoti. Roti aive munhu ainamata,
mufananidzo wechechiwo zvayo. Asi chero bedzi Roti aiva
naAbrahama, akafamba naye kwemakore. Asi Aizo...
Mwari havaizomuropafadza kusvikira aVateerera zvizere
uye azvipatsanura kubva kuna Roti, chechi yesangano. Zvino,
Abrahama paakangozvipatsanura ndokubuda, kuti afambe
ari oga, Mwari vakati, “Zvino, Abrahama, simuka. Tarisa

kumabvazuva, kumadokero, kuchamhembe, kumaodzanyemba.” Vakati, “Ndeyako yose.” Asi haVana kuzviita kusvikira azvipatsanura zvizere. Ndizvozvo chaizvo.

⁵²¹ Mwari havaigona kuropafadza Seti kusvikira Vamuparadzanisa naKaini. Vakaisa Kaini mucherechedzo vakamutumira kunyika yeNodhi. Zvino Kaini, nehuchenjeri hwake hwakatesva, vakava masayendisiti nezvimwewo, ndokukudza mbeu yeizvozvo. Uye Seti, pasi pekururama kwake, nerudo nekutenda muShoko raMwari, akakudza mbeu yakabereka muporofita akayambira mazuva ekupedzisira, ndizvozvo, akaponesa mutendi wose. Zvino huchenjeri hwakaparadza mumwe nomumwe wavo. Ivo, vese, vakafa. Vose zvavo, zvisinei kuti madhigirii mangani nezvekushandisa pfungwa zvavaiva nazvo, nezvimwe zvose, vakaparara mukutonga kwaMwari.

⁵²² Uye zvose zviri kunze kweMweya waMwari wechokwadi, wakazvarwa patsva, unotenda Shoko rose raRo uye nokumira paRiri chaipo, zvichaparara mukutonga kwaMwari. Munoono tuvanhu tunomonyoroka utwu twuchidzika nemugwagwa, nekufarisa kwese uku, nekuenderera saizvozvo, rangarirai, hachisi chinhu panyika kusara kwemarara anopiswa pakutongwa. Zvichaora. Zvinotofanira kudaro. Zvinotongosungirwa kudaro. Madzimai, mukai.

⁵²³ Ndine chapupu chidiki, asi handina nguva yekuchitaura, chemudzimai mudiki pano nguva shoma yapfuura, muCalifornia. Ndaikwidza nemugwagwa, ndakamirira kudaidzwa mutende. Ipapo pakamhanya, kadiki-diki... Zvino—zvinonyadzisa. Pasina kupokana, kamusikana kadiki kakanaka pakutaridzika. Zvino akanga achifamba ipapo, achizvipinimidza, akapfeka ngowani yemukomana wemombe, manjombo netutambo twakareberapo, achizvipinimidza mumugwagwa. Murume wese aimuridzira huta, uye vachimubhaibhisa, vose zvavo saizvozvo.

⁵²⁴ Ndakafunga, “Ndaifanira kungomira, dai ndanga ndisiri muparidzi. Kana dai Meda aivapo, ndaizodaro. Ndoti, ‘Honaka, hanzvadzi, ndinoda kukuudzai chimwe chinhu. Unogona kunge wakanaka pachiso. Unogona kuratidza izvozvo. Waona? Unogona kuita kuti motokari dziise mabhureki, uye wozvipinimidza pano apa, uye vakomana voridza miridzo semhumhi, nezvose. Asi rimwe remazuva ano, mutumbi mudiki iwoyo, tupukanana nemakonye zvichatakanya mauri zvobva zvaudya. Uye zvichida mumavhiki 6 kubva zvino unenge watova saizvozvo, waora, urere muguva imomo. Asi mweya iwoyo uri mamuri, uchidya paruchiva irworwo, uchagara mugehena radhiyabhore kwe—kwemazera ari mberi.”

⁵²⁵ Mosesi; naKora. Roti; Abrahamu. Johane Mubhabhatidzi; nevateresi. Jesu; nemakereke emasangano emazuva aKe. Maona?

Kutenda; huchenjeri.

Zvinoka, vaprisita ivavo vaigona kusimuka, voti, “Isu . . .”

Akati, “Hongu.”

“Tine *izvi*. Oo, baba vedu, takaita *zvakati nezvakati*.”

⁵²⁶ Akati, “Hongu. Imi, netsika dzenyu, makashayisa mirairo yaMwari maturo, muchidzidzisa seDzidziso mirairo yevanhu.”

⁵²⁷ Vakati, “Zvinoka, ndiWe ani, kuti utidzidzise? Wakabva kuchikoro chipi iWe?”

⁵²⁸ Akati, “Mabasa aNdinoita, anopupura nezvaNgu. Kana Ndikasaita mabasa aMesiya, saka musaNditenda. Uye kana Ndikaita mabasa aMesiya, zvino munobva maziva, imi tendai mabasa.” Akati, “Anopupura nezvaNgu. Kana Ndikasaita mabasa, saka musazvitenda.”

⁵²⁹ Aiva nawo masangano, zvakare, kumashure uko, nehuchenjeri hwavo. Jesu aiva nekutenda. Kutenda mune chii? ZvaAiva: Mwanakomana waMwari. Maona? Zvakanaka.

⁵³⁰ Mutsvene Martin; nekereke yeRoma, mumazuva ekuvandudzwa. Asi ndinoreva apo, ivo, apo vasati vapinda muRoma yechihedheni, payakatanga kuva chechi yeRoma. Martin akamira kunze ikoko akapikisa dzidziso iyoyo yechechi yeKatorike; akaita zviratidzo, nezvishamiso, neminana. Uye—uye machechi ake, ose zvawo, akataura nendimi, nekuporofita, nezvinhu zvikuru. Zvino simba raMwari raiva naye. Akamutsa vakafa ndokupodza vanorwara, nezvimwe zvose. Zvino paiva nechechi yeKatorike iyoyo ikoko, yaimupikisa saizvozvo, uye ichiedza kumuita kuti apiswe, nezvimwe zvose. Chaiva chii? Huchenjeri; kutenda. Zvimwe chete zvino.

⁵³¹ Ngatinzwei mhedzisiro yazvo zvose. Zekaria 4:6 ndipo pandichavharira, apa chaipo. Bhaibheri rakati, “Kwete nesimba, kwete nekukwanisa, asi neMweya waNgu, ndizvo zvinotaura Jehovha. Kwete nehuchenjeri, kwete nezivo, kwete nekusarudzwa, asi neMweya waNgu Ndicha (kuitei?) kuzopa Shoko raNgu simba.” Vadzidzi vakanga vainaRo rakadyarwa mavari, zvino Mweya ukauya kuzopa Shoko simba. Maona? “Kwete nesimba, kwete nekukwanisa, kwete nehuchenjeri, kwete nekunzwisisa, kwete *neizvi*, kwete *neizvo*, asi neMweya waNgu Ndichasimbisa Shoko raNgu. NeMweya waNgu, ndizvo zvinotaura Jehovha.” IMvura yeShoko rekutenda inopa simba Shoko raMwari uye yoRiita kuti rishande.

⁵³² Ndechipi chichakunda? Zvinoita sekuti, iko zvino, chokwadika, kuti huchenjeri huri kuzoshanda. Asi, hausu. Hausi.

⁵³³ Zvinoita sekuti, iko zvino, Chechi diki inotenda Shoko raMwari rakazara zvirokwazvo iri—iri muhushoma. Asi musanetseka henyu. Bhaibheri rakati, “Musatya, Boka duku. Kuda kwaBaba venyu kwakanaka kuti vakupeji Humambo.” Uh-

huh. Ndizvozvo. Maona? Uye musatya. Ingogarai mukutenda. Garai chaizvo neShoko. Musasiye Shoko. Garai neShoko.

UnoMuda here? Ameni!
UchaMushumira here? Ameni!
UchaMutenda here? Ameni!
 Ameni! Ameni!

Ngatirwuimbei.

UnoMuda here? [Ungano inoimba, “Ameni!”—
 Mupepeti]
UchaMushumira here? Ameni!
UnoMutenda here? Ameni!
 Ameni! Ameni!
UnoMuda here? Ameni!
UchaMushumira here? Ameni!
UchaMutenda here? Ameni!
 Ameni! Ameni!

⁵³⁴ Oo, ndinoMuda! Hamudaro here? Chii ichocho? Nokutenda, kwete nehuchenjeri! “Nokutenda tinoponeswa.” Ndizvo here? “Kwete nehuchenjeri, kwete nezivo; neMweya waNgu, ndizvo zvinotaura Jehovha.”

⁵³⁵ Zvino ngaAsinine muChechi imomo. Waya yekopa iyoyo, iyo inotakura magetsi. Zvino, waya yearaminiyamu haitakure magetsi. Maona? Haibate. Kwete. Hosipaipi yerabha haitakure magetsi; inotova chidziviso chemagetsi. Puranga chidziviso chemagetsi. Hatisi kuda zvidziviso chero zvipi hazvo. Tine zvakawandisa zvazvo zvino, uye zvinoparadzanisa. Saka ti—tinoda...Tinoda vanotakura magetsi, varume nevakadzi vakazvarwa patsva vanotenda Shoko raMwari.

⁵³⁶ Zvino, Gwenya rakati kudii? “Kumbirai Baba chero chii zvacho muZita raNgu, Ndichachiita.” Uye unoita sei? Unobairira papuragi.

Ameni!

⁵³⁷ Ndizvo here? Ingobairira pamagetsi, ndizvo zvega zvaunofanira kuita, zvino magetsi anouya achifamba nemuwaya.

⁵³⁸ Chii chinoitika? Shoko racho rinotanga kukura. “Zvino achafanana nemuti wakasimwa panzizi dzemvura; mashizha ake haazosvavi; chose hacho chaanoita chichaendeka. Vasina humwari havana kudaro.”

⁵³⁹ “Vasina humwari havana kudaro.” Zvino, musati, “mutadzi,” zvino. “Asina humwari,” munoona, ndiye anozviti ndiye, uye asina humwari naRo, munoona. Ndizvozvo. “Vasina humwari havana kudaro. Havagoni kumira mukutongwa pamwe nevakarurama.” Kwete, changamire. Zvirokwazvo havagoni.

⁵⁴⁰ Saka, nguva yasvika. Mbeu yatodyarwa, zvisinei hazvo, avo vakafanotemerwa. “Vakafanotemerwa” ndiyo nzira yoga

yeko. Ndaigona kutora Zvakazarurwa 12, iko zvino, ne 13, ndokuratidzai izvozvo, izvozvo chete. Bhaibheri rakataura, kuti, “Antikristu uyu aiuya panyika aizonyengera vose,” (vo, na se), “vose vakanga vari panyika, nemasangano aya nezvitendwa. Aizonyengera vose vari panyika, mumwe nomumwe wavo, kunze kweavo vakafanotemerwa nyika isati yavambwa.” Saka, hama, hapana chaunogona kuita nezvazvo. Ingodaidzira chete kuti, “Ameni.” Oo, ini zvangu! Ndinozvida izvozvo. Hongu, changamire.

UnoMuda here? Ameni!

UchaMushumira here? Ameni!

UnoMutenda here? Ameni!

Ameni! Ameni!

⁵⁴¹ Ndinoda kuti murwudzidzire zvisihoma pano, imi mose. Ndinofarira rwiyo irworwo, hamudaro here? Ndirwo rwaiva rwiyo rvedu rwepakonivhenisheni, kuPhoenix. Oo! Ndinorwuda. Ndinorwuda. Ngatirwuimbei zvakare.

UnoMuda here? Ameni!

UchaMushumira here? Ameni!

UchaMutenda here? Ameni!

Ameni! Ameni!

⁵⁴² Zvinoka, unogona kungoramba uchienderera mberi, munoziva. “UchaMunamata here?” Zvino nevose vanongoramba vachienderera mberi, vachidzokorora nekudzokorora. Ini zvangu! Takarwutanga ikoko kuPhoenix; takaita setichabvarura nzvimbo yacho kuita zvidimbu-zvidimbu. Hongu, changamire. “Ameni! Ameni! Ameni!”

Wakabairirwa papuragi here mangwanani ano? Ameni!

Batidzai swichi. Ameni!

Une magetsi. Ameni!

Ameni! Ameni!

Zvino Uchakura. Ameni!

Wobereka muchero. Ameni!

UnoZviratidza. Ameni!

Ameni! Ameni!

⁵⁴³ Oo, hazvishamisi here? Ameni. Zvinoshamisa kwazvo. Ndine hurombo nekukuchengetai mese pano, nguva yose iyi, asi ndiri kungova nejubheri, ini pachangu, nguva inoshamisa. Zvakanaka.

Svondo inotevera, zvino, munhu wese aripo. . .

⁵⁴⁴ Zvino, zvino ndiri kuenda kwaHama Littlefield, kunoparadzira Shoko duku, zvichida ndongotora rimwe reShoko iri pano ndoRiparadzira kumusoro ikoko pakati pavo, church of God, saizvozvo. Uye zvichida ndichangotaura pane chimwe chinhu chandakataura pano. Chokwadi,

makasununguka kuuya. Asi vane kachechi kadiki ikoko, kanogara vanhu 1,500. Ndichangobva kuikumikidza, angangoita makore mashoma akapfuura. Iri kuzozarisa. Asi ndakavimbisa Hama Littlefield. Ihama yakakosha. Zvino munhu anochengeta vimbiso yake kana achikwanisa. Ishe vachitendera, ndichaendako kumusoro ikoko.

⁵⁴⁵ Pachava nechechi pano patabhenakeri. Imi vanhu huyai pano patabhenakeri, vari munharaunda nezvimwe, uye vanogona. Huyai zvenyu.

⁵⁴⁶ Uyezve, Svondo inozotevera, rangarirai, Hama Arganbright vachange vari pano zvino naHama Rowe. Chokwadi muchaitirwa zvakanaka naHama Rowe. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Zvakanaka.

⁵⁴⁷ Ngatidzoserei shumiro zvino kuna Hama Neville, tione zvavari kuzotiudza zvino. Ishe vakuropafadzei. 🐦

62-0401 Huchenjeri Huchipikisana NeKutenda
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org